

# SABDANING ALLAH DADOSMANUNGSA

ADVEN NATAL  
2020



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH  
Samironobaru 77 kompleks LPPS  
Yogyakarta 55281

Telp. 0274 514721 - Rek. BRI Tiro No. 0029-01-000409-30-9  
Web: [www.lpps.or.id](http://www.lpps.or.id)

Mangsa Advèn Natal 2020  
Jejer: “Sabdaning Allah Dados Manungsa”

Kawedalaken déning:  
Lembaga Pembinaan dan Pengaderan  
Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia  
Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télépon: 0274-514721

Website: [lpps.or.id](http://lpps.or.id)

e-mail: [info@lpps.or.id](mailto:info@lpps.or.id); [sekretariatlppsinode@gmail.com](mailto:sekretariatlppsinode@gmail.com)

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben  
buku Rp.....

## **Atur Sapala**

Mboten karaos, kita sampun badhé lumebet wonten ing Mangsa Advèn-Natal 2020. Kita sami atur panuwun konjuk Gusti awit sanadhiyan wonten ing satengahing pandemi covid-19 kados mekaten kita taksih dipunkeparengaken Gusti nyawisaken umat mahargya Advèn-Natal. Mugi buku punika saged mbiyantu saha (utawi) asung gagasan dhumateng Ibu/Bapak/Sadhèrèk satemah giyak-giyak saha kabingahaning Advèn-Natal tetep saged kita raosaken ing satengahing pandemi.

Mangsa Advèn-Natal 2020 punika sengaja methik jejer “Sabdaning Allah Dados Manungsa” (Yoh. 1:14). Pawadanipun, mboten namung amargi wonten tigang Minggu ing Mangsa Advèn-Natal punika ingkang migunakaken waosan saking Yohanes bab 1, ananging ugi amargi wigatosing jejer punika wonten ing dialog (wawan rembag) ing antawisipun umat ngagami. Ugi mugi kasunyatan bilih Gusti Allah saèstu nresnani manungsa, malah ugi jagad punika satemah Sabdanipun dados manungsa, saged mbereg kita mujudaken katresnan ingkang nyata wonten ing satengah pandemi.

Buku punika saged mawujud kados mekaten awit pisungsung tenaga saha wekdal saking kanca-kanca tunggal paladosan saking Jakarta, Bekasi, Bandung lan Tangerang, Bidang PWG GKJ saha Departemen PG BPMSW GKI SW Jateng. Awit saking punika, keparenga kawula ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami dhumateng:

1. Pdt. Andreas Untung Wiyono (GKJ Tanjung Priok Jakarta)
2. Pdt. Aris Widaryanto (Ketum Bapelsin GKJ, GKJ Pangkalan Jati Jakarta)
3. Pdt. Agus Wiyanto (GKI Cinere Jakarta)
4. Pdt. Guruh Jatmiko (GKI Kwitang Jakarta)
5. Pdt. Nathaniel Valentino S. (GKI Taman Cibunut Bandung)

6. Pdt. Neni Suprihartati (Bidang PWG Bapelsin GKJ, GKJ Rawamangun Jakarta)
7. Pdt. Paulus Kristian Mulyono (DPG BPMSW GKI SW Jateng, GKI Pateur Bandung)
8. Pdt. Mathias Filemon H (GKI Tangerang)
9. Pdt. Dahlia Vera Aruan (GKI Pondok Indah Jakarta)
10. Pdt. Erni Ratna Yunita (Bidang PWG Bapelsin GKJ, GKJ Tengahan Kebumen)
11. Pdt. Budiningrum Sunny Nur W. (GKI Jatiasih Jakarta)
12. Pdt. Yosias N. Wijaya (GKI Serpong)
13. Pdt. Adellia A. Yuanamartha (GKJ Eben Haezer Jakarta)
14. Pdt. Johan Kristantara (GKJ Bekasi Timur)

Pungkasaning atur, sugeng nyawisaken Mangsa Advèn-Natal 2020. Berkahipun Gusti mugi tansah lumintu ing gesang kita. Amin.

Ngayogyakarta, Wiwitaning Oktober 2020

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Pdt. Addi Soselia Patriabara  
Pdt. Murtini Hehanussa



## **Dhaptar Isi**

<b>Atur Sapala .....</b>	<b>i</b>
<b>Dhaptar Isi.....</b>	<b>iii</b>

### **Bahan Khotbah**

Minggu Advèn I [29 November 2020] .....	1
Minggu Advèn II [6 Dhésèmber 2020] .....	5
Minggu Advèn III [13 Dhésèmber 2020] .....	11
Minggu Advèn IV [20 Dhésèmber 2020] .....	17
Malem Natal [24 Dhésèmber 2020].....	25
Natal [25 Dhésèmber 2020] .....	31
Minggu [27 Dhésèmber 2020].....	35
Malem Tutup Warsa [31 Dhésèmber 2020] .....	41
Warsa Anyar [1 Januari 2021] .....	45
Minggu Sesampunipun Warsa Anyar [3 Januari 2021] .....	51
Pahargyan Èpifani [6 Januari 2021].....	55
Minggu Pambaptisan [10 Januari 2021] .....	63

### **Bahan Tata Pangibadah**

Minggu Advèn I [29 November 2020] .....	69
Minggu Advèn II [6 Dhésèmber 2020] .....	79
Minggu Advèn III [13 Dhésèmber 2020] .....	87
Minggu Advèn IV [20 Dhésèmber 2020] .....	99
Malem Natal [24 Dhésèmber 2020].....	109
Natal [25 Dhésèmber 2020] .....	121
Minggu [27 Dhésèmber 2020].....	133
Malem Tutup Warsa [31 Dhésèmber 2020] .....	143
Warsa Anyar [1 Januari 2021] .....	151
Minggu Sesampunipun Warsa Anyar [3 Januari 2021] .....	161
Pahargyan Èpifani [6 Januari 2021].....	171
Minggu Pambaptisan [10 Januari 2021] .....	181

**Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional**

Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 1 .....	189
Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 2 .....	197

**Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa**

Panyuraos Kitab Suci Diwasa .....	205
-----------------------------------	-----

**Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa**

Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa .....	211
-------------------------------------	-----

**Bahan Pakempalan Pandonga**

Pakempalan Pandonga 1 .....	217
Pakempalan Pandonga 2 .....	221
Pakempalan Pandonga 3 .....	227
Pakempalan Pandonga 4 .....	233

# **BAHAN KHOTBAH**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



**KHOTBAH****Minggu Advèn 1***Minggu, 29 November 2020*Waosan 1: *Yésaya 64:1-9*Tanggapan: *Masmur 80:1-7,17-19*Waosan 2: *1 Korintus 1:3-9*Injil: *Markus 13:24-37*

**Padha  
Ndedongaa  
lan Melèka!**

**KHOTBAH JANGKEP****Padha Ndedongaa lan Melèka**

Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti lan ingkang ngasihi Gusti. Wiwit Minggu punika kita lumebet ing Mangsa Advèn lan Natal (MAN) 2020. MAN 2020 badhé lumampah 7 Minggu kanthi mawarni-warni rerangkèning kegiatan ingkang sampun kacawisaken cundhuk kaliyan kalèndher gerejawi. Sedaya rerangkèning kegiatan kasebat badhé kapungkasan tanggal 10 Januari 2021 trep kaliyan Minggu Baptisanipun Gusti Yésus.

MAN 2020 dipunwengku déning téma ageng, “Sabda-ning Allah Dados Manungsa” (Yoh. 1:14). Ing wewengkoning téma ageng kasebat, khotbah Minggu Advèn kapisan punika kaangkah dados pambuka ruang dhialog kanggé nyantosakaken kapitadosan kita piyambak, lan kanggé mangun memitran ingkang satimbang kaliyan tiyang sanès ingkang pitados wontenipun dinten wekasan kanthi tujuan tambahing pangertosan lan mangun gesang sesarengan ingkang tentrem

dumugi Akhir Jaman. Déné téma khotbah Minggu Advèn kapisan punika: “Padha Ndedongaa lan Melèka!”

Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti lan ingkang ngasihi Gusti, ing Minggu Advèn kapisan wekdal punika mangga kita ngènget-ènget malih kalih pokok penting ing tradhising iman Kristen ingkang kita warisi, inggih punika<sup>1</sup>:

1. Pangajeng-ajeng rawuhipun Gusti Yésus ingkang kaping kalih (*parousia*), kangenipun tiyang pitados ing sauruting jaman saha papan kanggé lumebet ing gesang kaswargan. Punika satunggaling gagasan gesang ingkang idhéal, ingkang kebak ing katentreman lan karahayon.
2. Pangènget-ènget (*anamnesis*) ing bab miyosipun Gusti Yésus Kristus minangka jangkeping prasyaning kawilujenganipun Allah tumrap manungsa lan jagad.

Kalih pokok iman kasebat nélakaken kangenipun pasamuwan minangka umatipun Allah dhumateng rawuhipun Sang Kristus ingkang dados péranganing prasyan kawilujengan peparangipun Allah dhumateng manungsa lan jagad. Wonten ing pangertosan kados mekaten, Advèn lan Natal sayogyanipun kita tampi kanthi kabingahaning iman. Punika kita tindakaken srana nyantosakaken pangajeng-ajeng rawuhipun Kratoning Allah, ingkang kapenuhan ing tentrem rahayu, ingkang sampun kawiwitan kanthi rawuhipun Sang Kristus ing lelampahan Natal. Kratoning Allah punika badhé nemahi kasampurnanipun ing wekdal mbénjing nalika Sang Kristus rawuh malih ing donya punika.

Ing bab rawuhipun Sang Kristus ingkang kaping kalih, Kitab Suci martosaken tandha-tandha kapan bab punika badhé kelampahan. Kados wit anjir ngajengaken dhatengipun mangsa ketiga, mekaten ugi rawuhipun Sang Kristus ingkang kaping kalih kagambaraken. Liripun, senadyan tandha-tandha punika ketinggal cetha nanging manungsa mboten saged netepaken sacara trep dinten punapa Panjenenganipun rawuh. Pramila,

---

<sup>1</sup> Bdk. Lelakoné Para Rasul 3, 7, 11, lan 12.

ingkang saged katindakaken déning tiyang pitados malah ugi manungsa umumipun namung ngantos-antos kanthi sabar, nglampahi gesang kanthi ngatos-atos supados sampun ngantos léna/sembrono, tetep ndedonga lan jumaga.

Bab punika wigatos sanget, awit nalika dumugi ing titi wancinipun mboten sedaya tiyang saged tetep mantep wonten ing kapitadosanipun. Panyerat Injil Markus nggambaraken rawuhipun Sang Kristus ingkang kaping kalih kanthi pitembungan ingkang dhahsat. *“Ananging ing wektu iku, sawisé kasangsan mau kelakon, srengéngé bakal dadi peteng lan rembulan ora bakal sumunar sarta lintang-lintang bakal padha tiba saka ing langit, apadéné pikukuhing langit bakal padha gonjing. Ing nalika iku wong bakal padha weruh Putraning Manungsa rawuh nitih méga kalawan ngagem sakabèhing panguwasa lan kamulyan”* (Mark. 13:24-26).

Gegambaran ing bab Akhir Jaman kados pitembungan kasebat mboten namung wonten ing Injil Markus. Wonten ing sastra apokaliptik, malah ugi wonten ing kitab-kitab agami sanès gegambaran kados mekaten punika ugi saged kapanggihaken. Bab punika nélakaken bilih kayakinan bab Akhir Jaman mboten namung wonten ing tradhisi iman Kristen. Ing tradhisi iman para mitra muslim, kayakinan punika malah pikantuk kawigatosan ingkang ageng sanget. Kejawi mlebet Rukun Iman kaping-5, inggih punika “Iman ing Dinten Wekasan”, kayakinan punika ugi dados ener ingkang nuntun lampahing spiritualipun dumugi garis akhir ing dinten pangadilan. Lampahing gesangipun tansah kaeneraken dhateng mriku.

Kanthi nyimpen punapa ingkang béda ing bab piwulang, lajeng nengenaken punapa ingkang sami ing bab gagasan ngèngingi Akhir Jaman, kita sumerep wontenipun pangajeng-ajeng lan raos kangen ingkang sami antawisipun Kristen lan Islam. Idhé utawi gagasan bab gesang ingkang kebak tentrem rahayu kados langit énggal lan bumi énggal, ingkang lid-ipun dados kabetahan malah dados pangajeng-ajeng lan raos kangen saben titah. Inggih ing ngriki wonten titik-pepanggihan ingkang mujudaken kalodhangan tumrap tiyang pitados lan tiyang sanès

ing komunitas punapa kémawon kanggé lenggah sareng, ameng-ameng, nganggen-angen, malah ngudi mujudaken pangajeng-ajeng bab langit énggal lan bumi énggal punika supados dados kasunyatan, mboten namung mangké nanging ugi sapunika ing gesang sesarengan.

Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti lan ingkang ngasihi Gusti, wangsul dhateng pawartosing Kitab Suci, ing salebeting pangajeng lan raos kangen dhumateng rawuhipun Sang Kristus ingkang kaping kalih, saben tiyang pitados dipun pituturi supados ngantu-antu kanthi ngatos-atos, sampun ngantos léna, ndedonga lan jumaga. “Ndedongaa lan Melèka!” Satunggaling pitutur wicak supados tiyang pitados tansah andhap ador ing ngarsanipun Allah Sang Khalik. Bab punika penting sanget amargi manungsa namung lempung (Yes. 64:1-9). Ugi kasadharan ing bab dosa lan panerak ingkang nuwuhaken panandhang, damel saben tiyang pitados prelu tansah nindakaken pamratobat. Pramila Juru Masmur ngajak saben tiyang, supados kanthi ajrih lan gumeter, sujud ing ngarsanipun Allah Sang Khalik (Mazmur 80:1-7,17-19).

Ing sisih sanès pitutur, “Ndedongaa lan melèka!” ugi dados panglipur tumrap tiyang pitados. Tiyang pitados sampun dipun jangkepi srana mawarni-warni peparing temah nalika sedaya punika kelampahan, inggih punika dinten Putraning Manungsa rawuh malih, kita dipun sagedaken mangayubagya Panjenenganipun kanthi kebak ing kabingahan. Sabdanipun Gusti: *“Satemah kowé ora padha kekurangan ing sadhéngah ganjaran, sajroné kowé padha nganti-anti kebararé Gusti Yésus Kristus. Panjenengané iya bakal nyantosakaké kowé nganti tumeka ing wekasan, temah kowé padha tanpa cacad mbésuk ing dinané Gusti kita Yésus Kristus”* (1 Kor.1:7-8). Amin.

(AUW/WMS)



**KHOTBAH****Minggu Advèn 2***Minggu, 6 Désèmber 2020*

Waosan 1: Yésaya 40:1-11

Tanggapan: Masmur 85:1-2, 8-13

Waosan 2: 2 Pétrus 3:8-15

Injil: Markus 1:1-8



**Pacawisan  
Methukaken  
Rawuhipun  
Gusti**

**KHOTBAH JANGKEP****Pacawisan Methukaken Rawuhipun Gusti**

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti,

Sampun dados kalimrahan umum bilih tumrap kathah bab ingkang wigatos ing gesang, kita asring nyawisaken kanthi saé punapa kémawon ingkang dipun betahaken. Contonipun, kanggé methukaken lairipun jabang bayi ingkang kita ajeng-ajeng sanget kita asring sampun nyawisaken manéka warni kabetahan sadèrèngipun kelairan. Wonten rasukan, pirantos kanggé nedha, tilem, adus, lan sanès-sanèsipun ingkang sampun dipun piji lan dipun cawisaken.

Waosan Kitab Suci dinten punika ugi badhé ngajak kita supados langkung temen-temen malih cecawis dhiri lan gesang kanggé methukaken rawuhipun Gusti. Sumangga kita miwiti saking Injil Markus.

Kanggé miwiti seratanipun, Panyerat Injil Markus milih migunakaken tembung Yunani *euaggelion* ing Markus 1:1 ingkang saged dipun pertal “Injil” utawi “kabar kabingahan”. Ing sujarah kekristenan kawitan, tembung *euaggelion* dipun

ginakaken kanggé nélakaken manéka warni kabar kabingahan. Ananging Markus migunakaken tembung punika kanggé setunggal sedya, inggih punika nélakaken kabar kabingahan bilih Gusti Yésus Kristus punika Putraning Allah. Inggih punika kabar kabingahan ingkang dipun angkah katampi déning para ingkang sami maos Injil Markus lan dados pitados!

Ing wiwitaning kabar kabingahan ingkang dipun wartosaken déning Markus, Markus ugi methik tèks Prajanjian Lami, dadosa saking kitab Maléakhi (3:1) punapadéné Yésaya (40:3). Bab punika kanggé nélakaken bilih ingkang dipun serat sampun kapratélakaken déning Allah sadèrèngipun minangka janji-janji. Sapunika janji-janji Allah kasebat dipun jangkepi wonten ing dhirinipun Yohanes Pambaptis lan Gusti Yésus.

Markus 1:4-6 nggambaraken pribadi lan peladosanipun Yohanes Pambaptis. Yohanes milih makarya ing ara-ara samun, nanging nindakaken baptisan ing benawi Yardèn. Baptisan ingkang katindakaken mujudaken baptisan pamratobat kanggé pangampunening dosa.

Pola gesangipun Yohanes Pambaptis dados conto gesang ingkang prasaja, nyélaki dhiri, mboten kepénging kaiket déning kekareman tata lair lan mboten kepéngin gesang sacara kadonyan. Yohanes ugi milih makarya ing ara-ara samun, papan ingkang sajatosipun dipun singkiri utawi dipun tebihi déning tiyang kathah. Ananging papan punika ingkang malah dipun piji Allah supados dipun langkungi umat Israèl nalika medal saking tanah Mesir. Umat katuntun déning Allah nglangkungi ara-ara samun lan benawi Yardèn sadèrèngipun dumugi ing tanah Kanaan ing salebeting tuntunanipun Yusak (Yus. 3).

Pramila kathah tiyang ingkang ndhatengi papan ing pundi Yohanes Pambaptis makarya. Tiyang-tiyang punika sami kepéngin ngènget-ènget malih sapérangan lelampahanipun para leluhuripun lan nampi malih pawartos ing bab pamratobat lan pangapuntening dosa. Umat kepéngin ngrimati lan ngraos-ngraosaken sih lan kuwaosipun Allah lantaran cariyos-cariyos para leluhur ing wekdal kapengker. Punika kanthi ancas ngrimati

gesangipun, satemah saged ngeneraken dhiri tumuju gesang salajengipun.

Umat manggihaken bab punika ing peladosanipun Yohanes Pambaptis. Malah sapérangan tiyang nginten Yohanes Pambaptis punika blegering mesias ingkang nembé dipunantu-antu. Kanthi cetha Yohanes nampik bab punika lan celathu bilih ayahanipun punika kanggé mbikak margi kagem rawuhipun Sang Mesias. Yohanes dhateng lan makarya kanggé nyawisaken rawuh lan pakaryanipun Mesias.

Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti,

Masmur kita dinten punika ugi badhé ngèngetaken kita bilih nalika mrangguli kawontenan ingkang angèl lan pandonga panyuwunan kita dèrèng kawangsulan utawi dipun sarujuki déning Gusti, punika mboten ateges Gusti sampun kesupèn utawi nilar kita. Sumangga sami ngènget-ènget malih sih lan kuwaosipun Gusti ingkang tansah nyata ing gesang kita, umatipun. Samia ngantos-antos dhateng paring wangsulanipun Gusti tumrap pandonga panyuwunan kita srana gesang ing salebeting pamratobat lan masrahakan dhiri kita dhumateng Gusti.

Sikep ingkang kados mekaten ingkang ugi prelu kita tindakaken nalika kita ngraos-raosaken malih Serat 2 Pétrus 3:8-15 ngèngingi Dinten rawuhipun Gusti ingkang dèrèng kadumugèn ngantos sapunika. Awit bab punika mboten ateges bilih Gusti mboten migatosaken utawi kesupèn netepi prase-tyanipun. Saged kelampahan bilih bab punika malah dados salah satunggaling sarana ingkang dipun agem Gusti supados kita saged langkung èstu-èstu nglampahi gesang wonten ing pitobat saha supados langkung kathah tiyang ingkang saged pikantuk kawilujengan.

Kados pundia kémawon, Dintenipun Gusti kasebat dados satunggaling mistéri. Mboten wonten satunggala tiyang ingkang mangertos mbènjang punapa dinten punika kelampahan. Ing sisih sanès jagad punika ngalami karisakan tanpa kendhat, lan ing titi wancinipun mesthi badhé sirna. Pramila, para tiyang pitados tinimbalan supados gesang ing salebeting

kasucèn lan kamursidan. Methukaken rawuhipun Gusti kanthi gesang ing salebeting kayektosan.

Yésaya 40:1-11 ugi ngèngetaken kita bilih nalika mangsa-mangsa angèl sampun mengker lan kita sampun nampi pangluwaran, samia ènet bilih sedaya punika awit sih lan kuwaosipun Allah. Allah sesarengan kaliyan kita ing salebeting kuwaos, nanging ugi srana nindakaken gesang ingkang kebak ing sih minangka pangrimatipun Gusti tumrap umatipun.

Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti,

Dinten punika kita lumebet wonten ing Minggu Advèn kaping kalih. Pramila, kita katimbangan nyawisaken dhiri lan gesang kita methukaken rawuhipun Gusti, dadosa awujud pacawisan pahargyan Natal taun punika punapadènè kanggè methukaken rawuhipun Gusti ingkang kaping kalih kanthi temen-temen.

Mangsa pangantu-antu rawuhipun Gusti kados mekaten prelu kita isi lan lampahi kanthi semangat saha rasa sokur ingkang lebet. Menawi rawuhipun Gusti Yèsus ingkang kapisan sapunika sampun cetha, awit dipun sarujuki dèning gréja-gréja ing jagad lan dipun riyayakaken ing saben tanggal 25 Dhésèmber, mboten mekaten bab rawuhipun Gusti Yèsus ingkang kaping kalih. Mboten wonten ingkang mangertos lan saged nginten-inten mbènjang punapa punika badhé kelampahan. Pramila, tugas utawi enering gesang kita sapunika mboten kanggé ngétang-étang utawi bebantahan bab mbènjang punapa rawuhipun Gusti Yèsus ingkang kaping kalih saged kelampahan. Kita katimbangan supados ngrimati utawi njagi gesang sesarengan.

Tèks-tèks waosan Kitab Suci kita dinten punika ugi sampun ngèngetaken kita bab wigatosipun gesang wonten ing salebeting pamratobat ingkang nyata, ingkang kedah kalair lumantar pitembungan, pandamel, lan gesanging iman ingkang saé sarta kanthi nélakaken sih saha kuwaosipun Gusti. Pilihan-ing gesangipun Yohanes Pambaptis ugi saged dados inspirasi utawi conto kanggé kita supados wantun gesang béda kaliyan ngasanès. Inggih punika kanthi gesang prasaja, purun nyélaki

dhiri, mboten kepéngin kaiket wonten ing kekareman tata lair, saha mboten kepéngin gesang secara kadonyan. Temtu sedaya punika prelu kita cocokaken kaliyan kawontenaning gesang kita sapunika.

Sumangga kita ugi langkung nengenaken pacawisan-pacawisan batin katimbang lahiriah. Laré-laré utawi sedhèrèk-sedhèrèk ingkang dèrèng nampi baptisan, prelu kacawisaken lan cecawis dhiri sesarengan nampi baptisan pamratobat lan pangapunteing dosa. Kanthi kebak ing semangat lan raos sokur, sumangga kita nglampahi gesang kita salajengipun wonten ing salebeting kayektèn lan peladosan. Inggih paladosan ingkang kebak ing katresnan dhumateng sok sintena kémawon, utaminipun dhumateng sedhèrèk-sedhèrèk ingkang sanget mbetahaken kawigatosan saha pambiyantu. Ancasipun, supados sami saged tetep nglajengaken gesangipun saha manggihaken gesang ing tembé wingking ingkang langkung saé.

Gusti hamberkahi. Amin.

[AW/WMS]





**KHOTBAH****Minggu Advèn 3***Minggu, 13 Dhésèmber 2020*

Waosan 1: Yesaya 61:1-4  
 Tanggapan: Masmur 126  
 Wosaan 2: 1 Tesalonika 5:16-24  
 Injil: Yok. 1:6-8, 19-28



**Suka Paseksi**  
**Bab**  
**Sang Padhang**

**KHOTBAH JANGKEP****Suka Paseksi Bab Sang Padhang**

Gesang punika reroncèning pangantos-antos. Tegesipun, nalika pangantos-antos ingkang setunggal kapenuhan, lajeng badhé tuwuh pangantos-antos sanèsipun. Contonipun: tiyang sinau ing sekolahan ngantos-antos lulus. Sasampunipun lulus ngantos-antos saged kuliah ing Pawiyatan Inggil ingkang dipun remeni. Sasampunipun kuliah, lajeng ngantos-antos wisuda. Sasampunipun wisuda, ngantos-antos nyambut damel. Sasampunipun nyambut damel, lajeng nikah. Sasampunipun nikah ngantos-antos gadhah anak. Mekaten salajengipun.

Mekaten ugi bab pangantos-antos ing Mangsa Advèn. Advèn asalipun saking basa Latin *Adventus*, tegesipun kerawuhan. Basa Inggris: “*the coming*” utawi “*the arrival*”. Tegesipun wonten tiyang ingkang nembé kita antos-antos dhatengipun. Dinten punika kita lumebet ing Advèn kaping-3, Minggu Kabingahan (*gaudate*). Pramila pamartosing Sabda dinten punika nggambaraken kabingahanipun umat ingkang dipun landhesi kayakinan rawuhipun Sang Pepadhang jagad.

Advèn mboten namung ngènget-ènget sujarah rawuhipun Sang Kristus minangka Sang Padhang, nanging kita ugi kedah nata gesang kanthi langkung saé malih. Menawi gesang kita sampun saé, mugi-mugi dados sangsaya saé malih srana migunakaken wekdal saha kalodhangan ingkang kaparingaken déning Gusti. Sedaya punika saged kalampahan awit kita sampun dipun sunari déning padhang-Ipun. Sesarengan kaliyan punika, kita kautus mbekta kabar kabingahan, mbekta paseksi bab Sang Padhang.

### **1. Kénging punapa lan punapa wigatosipun “Sang Padhang” kedah kawartosaken?**

Wangsulanipun: Awit Sang Padhang punika kabar kabingahan, kabar kawilujengan. Punika ateges kados rumiyin nalika Gusti ngutus Nabi Yésaya dhateng bangsanipun mbekta kabar kabingahan, kabar pangluwaran ingkang badhé maringi kabingahan nalika umatipun gesang ing tanah pambuwangan. Martosaken bilih wekdalipun badhé dhateng, Allah badhé ndhatengaken kawilujengan punika. Sapunika Yohanes Pambaptis kautus martosaken Sang Padhang ingkang badhé dhateng ing jagad.

Salah satunggaling sipatipun Allah ingkang menjila sanget inggih punika Allah ingkang nresnani. Katresnanipun otèntik lan sihipun punika kaeneraken medal dhateng manungsa. Menawi wonten Allah ingkang ngasihi, sapunika wonten èksprèsinipun sih-katresnanipun Allah ingkang kapratélakaken minangka Padhanging jagad. Allah nembé ngener dhateng jagad srana lengenipun kalih inggih punika Padhang ingkang nenuntun lan Sabda ingkang dados daging lantaran Rohipun.

Punapa ingkang dipun sabdakaken rumiyin lan naté dipun prasetyakaken lantaran para nabi, sapunika dipun bikak kanthi cetha (katerangna srana migunakaken tapsir Yoh. 1: 14). Allah punika sanès Allah ingkang tebih lan ngèndelaken manungsa ngalami perang batos (*bergumul*) kaliyan dosa lan pepeteng. Sanès Sabda ingkang ngumandhang saking swarga,

nanging Sabda punika dados manungsa. Sabda punika badhé nyambetaken dhiri kaliyan kita manusia.

Allah mboten nawèkaken kabar kabingahan saking dhamparing swarga lan nimbali tiyang kanggé nggayuh kabar kabingahan punika. Cetha bilih tanganing manungsa mboten badhé saged nggayuh kabar kabingahan punika. Nanging Allah karsa nrabas kentheling dosa.

Kadya cahya padhang, Allah maringi kawilujengan tuntunan kaleresan, lan panganthipun. Contonipun mekaten, Sadèrèngipun usum *handpone* kaliyan *google map* kados sapunika, wonten satunggaling pandhita ingkang naté kesasar ing tlatah ingkang mboten dipun mangertosi. Nalika semanten, lelampahan bidhal saha peladosan ing wanci sonten lumampah lancar. Acaranipun lumampah ngantos rampung. Ananging nalika pandhita kasebat badhé wangsul dhateng papan panginepan ingkang wonten ing papan sanès, piyambakipun ngalami karépotan manggihaken panginapan kasebat. Bab punika kedadosan awit papan, bangunan lan ruko ing tlatah ngriku wangunipun mèh sami. Wonten lurung-lurung ingkang pucukipun tansah kepanggih malih ing margi utami. Wah malih piyambakipun kesupèn mboten ngapalaken namining margi lan mboten ènet lurung pinten. Kados-kados kanthi yakin piyambakipun mesthi saged wangsul. Wekdal punika ngajengaken dalu. Langit sampun éwah dados peteng. Piyambakipun sangsaya bingung nemtokaken pundi lèr lan pundi kidul. Piyambakipun namung mlebet lurung-lurung ingkang sedayanipun mèh sami. Ing kawontenan petenging dalu piyambakipun manggihaken margi medal srana ningali titik terang, setunggal plang alit ing pinggir margi - ketingal samar, nanging kaleresan kok wonten mobil wekdal punika langkung kanthi lampu ingkang cekap padhang, nyoroti seratan ingkang alit punika. Piyambakipun ngucap ing salebeting manah, “Kuwi sing lagi takgolèki: hotel X, lot 13”. Inggih punika satunggaling titik padhang saking katebihan. Piyambakipun kedah mlampah mrika nglajengaken jangkahipun. Pungkasanipun piyambakipun mboten klèntu malih anggènipun manggihaken panginepanipun.

Kados mobil ingkang dhateng dadakan ing satengahing bingunging pandhita kasebat, mekaten ugi Sang Padhang. Padhang dipun betahaken nalika kita ngalami kawontenan peteng wonten ing kentheling dosa. Gusti Allah sampun mundhut putusan wigatos ingkang sampun katindakaken. Bab punika kagambaraken ing Yok. 1:9 mekaten: “*Sang Padhang kang sejati kang madhanggi saben wong, iku lagi ngrawuhi jagad.*”

Kanggé nembus watesan ing antawisipun Allah Sang Padhang kaliyan manungsa ingkang gesang ing pepeteng lan kabingungan, Allah karsa madhanggi manungsa srana cahyanipun. Punika wujuding pilihan sih-katresnan ingkang sampun dipun pratélakaken déning Allah. Bab punika kabuktèkaken lantaran inkarnasi Kristus minangka Sang Padhang lan dipun tandhesaken: “*Sang Padhang nelahi sajronig pepeteng*” (ay 5).

Nalika sang pandhita ing cariyos kasebat wonten ing lurung-lurung ingkang damel bingung, ingkang kabetahaken inggih namung cahya padhang ingkang madhanggi sarta nedahaken margi. Mripating batin ingkang saged ningali, mboten namung margi, nanging ugi nedahaken pundi margi ingkang trep lan leres, sarta putusan kanggé tumindak.

## **2. Juru warta ingkang martosaken Sang Padhang**

Yohanes Pambaptis miyos minangka juru wartanipun Sang Padhang. Piyambakipun punika pantara utawi médhium ingkang nélakaken Sang Padhang sejati. Yohanes piyambak sanès Sang Padhang. Nanging piyambakipun dhateng srana nedahaken dhumateng Sang Padhang langgeng, inggih punika Sang Kristus piyambak.

Rawhipun pas saha trep sanget lan kaantu-antu déning manungsa nalika sami mbetahaken tuntunanipun. Manungsa ingkang taksih wonten ing lurunging pepeteng mbetahaken cahya padhang. Wewatonipun, minangka juru warta ingkang martosaken Sang Padhang kedah sampun pinanggih kaliyan Sang Padhang punika piyambak. Supados saged nedahaken

padhang. Punapa ingkang kasebat ing prolog (ay 6, 8) saèstu dipun tindakaken déning Yohanes piyambak (ay 23). Yohanes ugi konsisten/puguh dhateng misi ingkang dipun lampahi ngantos pungkasaning gesangipun. Yohanes nyepengi prinsip: “Panjenengané iku pinasthi saya mundhak, nanging aku iki saya suda.”

Panggodha paling ageng ing jaman samangké inggih punika tiyang kepéngin dados ingkang ageng, kawentar, dipun urmati, dipun alem tiyang kathah. Bab punika béda kaliyan Yohanes, sang juru warta ingkang namung nggadahi fungsi minangka médhia/pantara supados ingkang dipun wartosaken dados cetha. Blegering juru warta ingkang mboten mabuk kuwaos. Sang juru warta ingkang tansah nélakaken Sang Padhang ingkang nembé rawuh ing jagad (Yoh 1: 8).

Gesanging Yohanes Pambaptis namung wonten ing tujuwan kanggé ngladosi misinipun Allah. Yohanes nyatunggilaken dhirinipun kaliyan misi ingkang langkung ageng, inggih punika nyawisaken umat methukaken rawuhipun Gusti Yésus srana patrap pitobat sejati sarta sacara trusing manah ngabdèkaken sawetahing gesangipun kagem kamulyaning Sang Kristus.

### **3. Karakter kanggé dados sang juru wartaning Padhang.**

Karakter sejati sang juru wartaning Padhang inggih punika mboten damel dhirinipun onjo. Nalika semanten, wonten utusan tiyang Yahudi saking Yérusalèm ingkang ngutus sawetawis *imam lan tiyang Léwi* (ay 19). Tiyang-tiyang punika para tiyang ingkang ngurusi pangibadahipun tiyang Yahudi, mliginipun gegayutan kaliyan sahipun baptisan ingkang katindakaken déning Yohanes. *Golongan kaping kalih inggih punika tiyang Farisi* (ay 25). Tiyang-tiyang wau sami nggadahi posisi wigatos ing putusan bab agami. Tiyang-tiyang punika miterang bab otoritasipun Yohanes anggènipun mbaptis tiyang, ingkang sesambetan kaliyan panyucèning dosa. Mila tuwuh pitakènan saking kelompok kapisan ingkang pitakèn: “Panjenengan punika sinten?”

Pangakening Yohanes kebak *kajujuran*. *Yohanes celathu*: “Aku iki dudu Sang Kristus” (ay 20). Nalika dipun takèni salajengipun, Yohanes mangsuli bilih piyambakipun sanès Èlia, ugi sanès nabi ingkang badhé dhateng (ay 21).

Yohanes ngetingal kanthi prasaja. Yohanes mboten naté damel dhirinipun onjo. Srana *andhap asor* Yohanes ngaken sanès sang Kristus ingkang dipun antos-antos tiyang-tiyang Israèl, sanès Èlia ingkang dipun yakini badhé dhateng malih, lan ugi sanès nabi ingkang badhé dhateng. Yohanes ngakeni bilih piyambakipun namung swanten ingkang nguwuh-uwuh ing pasamunan.

Ajakanipun Rasul Paulus wigatos kita semak, minangka para juru warta ing jaman sapunika (1 Tés. 5: 16-24). Kita kaajak supados kedah tansah mbangun semangat gesang Kristen. Kakiyatan kedah tansah dipun timba. Malah ing satengahing pepalang lan panandhang lan kegagalan pisan. Gesanging tiyang pitados kedah dipun gegesang wonten ing Sang Roh Suci, purun mbuka dhiri tumrap pakaryaning Roh supados gesangipun tansah kabangun srana kakiyatanipun Allah. Punika resèp supados kita saged nggadhahi karakter sejati kados Yohanes Pambaptis.

Gegambaran Gusti ingkang kedah sangsaya mindhak lan tansah kawartosaken, nanging Yohanes sang juru warta kedah sangsaya kirang (Yok. 3:30) nélakaken idhèntitas kapribadènipun Yohanes Pambaptis. Punika dados panyaruwé tumrap tiyang ingkang rumaos dhiri wigatos, ageng, lan nggadhahi lelabetan wonten ing peladosan lan gesang punika.

Menawi kita purun nglepas ambisi punika kanthi *andhap asoring* manah lan martosaken Sang Padhang kanthi *kajujuran* kadosdènè ingkang dipun tindakaken dèning Yohanes Pambaptis, temtu bab punika badhé nuwuhaken pangajeng-ajeng lan badhé damel Sang Padhang dipun pethukaken tiyang kathah. Amin.

[AWi]



**KHOTBAH****Minggu Advèn 4***Minggu, 20 Dhésèmber 2020*

Waosan 1: 2 Samuèl 7:1-11, 16

Tanggapan: Masmur 89:1-4, 19-26

Waosan 2: Rum 16:25-27

Injil: Lukas 1:26-38



**Ahli Waris  
Dhamparing  
Sang Prabu  
Dawud**

**KHOTBAH JANGKEP****Ahli Waris Dhamparing Sang Prabu Dawud**

Saben lumebet ing wulan Dhésèmber, raosipun mèh sedaya pusat perbelanjaan modhèren sami ngumandhangaken lagu-lagu Natal. Salah satunggaling lagu wajib ingkang dipun kumandhangaken inggih punika lagu ‘Malam Kudus’. Raosipun lagu ingkang dipun kidungaken punika asalipun saking pertalan buku Mazmur dan Nyanyian Rohani. Sairipun mekaten:

*“Malam kudus, sunyi senyap, bintangmu gemerlap.  
Jurus'lamat manusia ada datang di dunia.  
Kristus Anak Daud, Kristus Anak Daud.”*

Temtunipum minangka tiyang pitados ingkang saged ugi nembé wonten ing pusat perbelanjaan punika kita rumaos remen lan mesthi badhé nyarujuki sair ingkang dipun kidungaken punika “Kristus anak Daud”. Punapa panjenengan naté pitakèn kados pundi nerangaken pangertosan ukara

“Kristus anak Daud’ punika? Sacara imaniah, kita temtu mboten ndadosaken masalah ukara kasebat awit pancèn inggih mekaten ingkang kita yakini. Ananging nalika kita kedah suka katrangan dhateng anak-anak kita utawi malah dhateng tiyang sanés, saged ugi kita rumaos kangèlan. Dumugi sapriki kita ngaken bilih Gusti Yésus kabobotaken déning Roh Suci. Pramila Gusti Yésus sanès putra biologis saking Yusuf. Ananging, kados pundi kog Panjenenganipun saged kasebat minangka tedhakipun Sang Prabu Dawud?

Para Sadhèrèk, wiwit Gusti Allah njejegaken karajan kanggé Israèl ingkang dipun pimpin Sang Prabu Dawud, Gusti Allah mboten naté ngèndelaken umatipun mlampah piyambakan. Gusti Allah tansah ngrénda rancangan tentrem rahayu kanggé umatipun. Pramila Gusti Allah pancèn meca bab jejeging brayatipun Dawud lan kukuhing pamarintahanipun. Nalika Dawud rumaos bilih karajan Israèl sampun madeg (*establish*) lan aman, Dawud gadhah gagasaan mbangun dalem kagem Gusti. Pepénginanipun Dawud punika gegayutan raket kaliyan kawontenaning Pethi Prajanjian minangka lambang rawhipun Gusti. Nanggapi bab punika, Gusti Allah ngandika bilih Panjenenganipun ingkang badhé mbangun keturunan tumrap Dawud. Tembung “griya” ingkang ing basa Ibrani “*bayit*”, saged ateges griya utawi brayat. Sarana pagertosan punika Gusti Allah ngandika dhateng Dawud bilih sanès Dawud ingkang badhé ngedegaken salem kagem Gusti, nanging Gusti ingkang badhé ngedegaken griya /brayatipun Dawud. Lan inggih saking brayatipun Dawud punika Gusti badhé maringi keturunan ingkang badhé mbangun padaleman kagem Gusti Allah. Punika janji ingkang wiyar sanget. Janji kanggé Israèl, janji kanggé Dawud, janji kanggé dhamparing kratoning Allah ing jagad punika, lan ugi janji kanggé sedaya umatipun Allah ing sauruting zaman. Gusti Allah prajanti bilih Panjenenganipun ingkang badhé ngedegaken papan kanggé umatipun kanthi tentrem lan mboten kaganggu mengsah-mengsahipun (mirsanana ayat 10). Ugi inggih Panjenenganipun ingkang badhé nemtokaken turuning Dawud badhé nglajengaken dhampar

ngantos dumugi Putraning Dawud rawuh lan ndaku dhamparing Dawud.

Ing lelampahaning gesangipun Israèl, sujarah nyathet bilih punapa ingkang dipun pratélakaken déning Gusti gegayutan kaliyan padalemanipun Gusti punika sampun dipun jangkepi déning Sang Prabu Suléman – anakipun Sang Prabu Daud saking Betsyeba. Sang Prabu Suléman mbekta Israèl dhateng jaman keemasanipun. Lan inggih ing wekdal punika Padaleman Suci kabangun. Ananging sujarah lelampahing Karajan Israèl nyebataken bilih Israèl akhiripun pecah lan dhawah dhateng panguwaosing bangsa sanès. Temah pitakènanipun inggih punika kados pundi prasetyanipun Gusti bab jejeging papréntahanipun Sang Prabu Dawud ingkang kukuh? Dumugi ngriki kita kedah ningali bilih prasetyanipun Gusti punika asipat *eskatologis* ingkang badhé kelampahan ing wekdal ingkang badhé dhateng ingkang mboten saged katemtokaken mbénjang punapa persisipun badhé kapenuhan.

Kumandhanging prasetyanipun Gusti punika ingkang tansah dipun wulangaken dhateng umat Israèl, sakmboten-mbotenipun lantaran kekidungan piwucalipun Ètan, tiyang Èzrahi (Masmur 89). Dipun sebataken bilih “*Wijinira Sunte-tepaké ing salawas-lawasé, sarta dhamparira Sunbangun nganti turun-tumurun*” (Masmur 89:5). Tegesipun bilih lumampahing dhamparing Dawud punika tansah dados idham-idhamanipun bangsa Israèl sacara nasional. Ananging sairing kaliyan lampahing wekdal, idham-idhaman bab tangnipun malih karajan Israèl kados ing jamanipun Sang Prabu Dawud saged kawastanan mboten naté maujud malih.

Pancèn naté ing sawijining wekdal jumedhul tiyang ingkang nama Yudas Makabéus (ingkang mimpin pangrantam nglawan Seléukus taun 167-160 SM). Yudas Makabéus ingkang ngédab-édabi punika dipun sejajaraken kaliyan Yosua, Gidhéon, malah Dawud. Nanging Karajan Israèl raya kados ing jaman Dawud lan Suléman mboten naté kedadosan malih.

Ngantos wusananipun, malaikating Gusti ngrawuhi prawan enèm ingkang nama Maryam. Maryam, dados salah

satunggaling tiyang ingkang jumedhul wonten ing reroncéning sujarah kawilujenganing Allah dhateng manungsa. Sosok Maryam ingkang manggèn wonten ing dhusun alit Nasarèt, kasebat déning Kitab Suci minangka *“wanita ingkang paling binerkahan déning Allah ing antawisipun sedaya wanita”* (bdk. Luk. 1: 42-43). Kawontenan sosial-ékonomi ingkang miskin, umuripun ingkang enèm sanget lan posisinipun ingkang ringkih sanget minangka wanita nalika semanten pranyata mboten mambengi sih-rahmatipun Allah ingkang karenan ndadosaken Maryam wanita ingkang sembada kanggè nglairaken Gusti Yèsus Kristus. Ing sisih sanès, sok sintena mangertos bilih wekdal semanten Nasaret punika dhusun ingkang mboten kawentar, ing pundi pendhudhukipun rata-rata gesang ing sangandhaping garis kamiskinan lan kirang terpelajar. Punika sesabipun tiyang-tiyang Nasaret jaman semanten kondhang nggadhahi tumindak kasar, kirang trapsila, lan mboten wonten ingkang nggadhahi seserepan. Nanging, sujarah mbuktèkaken bilih Maryam kapilih déning Allah minangka margi miyosipun Sang Kristus.

Senadyan Nasaret gadhah latarbelakang ingkang kados mekaten, mboten ateges bilih pilihanipun Allah dhateng Maryam punika satunggaling pilihan ingkang sembarangan. Wonten ing reroncéning waosan kita, kita saged ningali bilih Allah milih Maryam punika kanggè njangkepi prasetyanipun dhateng Dawud. Awit dhateng Sang Prabu Dawud, Allah prasetya badhé ngukuhaken dhampar lantaran tedhak turunipun (II Sam. 7:12). Pitakénan ingkang tuwuh inggih punika: “Saking pundi kita mangertos bilih Maryam mujudaken tedhak turunipun Dawud?”

Kados kita mangertosi bilih Injil Matéus lan Injil Lukas mboten baté nyebat Maryam minangka tedhak turunipun Dawud. Malah ingkang asring sinebat sacara èksplisit minangka tedhak turunipun Dawud namung Yusuf. Kamangka rak sampun cetha sanget bilih Yusuf sanès bapak kandhung biologisipun Gusti Yésus?

Mekaten katranganipun: Prelu dipun pahami bilih Injil Matius lan Lukas kaserat ing kontèks masyarakat Patriakhal, ing pundi naminipun sémah (*isteri*) mboten badhé kasebat. Ing tradhisi Yahudi, menawi garis keturunan kadamel lantaran sémah (*istri*), mila sanès naminipun wanita punika ingkang kasebat ing dhaptar sarasilah, nanging naminipun sémahipun (*suaminya*). Ing bab punika pancèn cekap cetha bilih Yusuf punika tedhak turunipun Dawud lantaran Suléman. Déné Maryam asalipun saking brayat Léwi, nanging tedhak turunipun Dawud lantaran Natan (mirsanana sarasilahipun Gusti Yésus ing Lukas). Sarana mekaten Gusti Yèsus ingkang kalairaken déning Maryam sacara hukum lan biologis asalipun saking tedhak turunipun Sang Prabu Dawud. Ing Luk. 1:32-33 malaékatipun Gusti ngendika dhateng Maryam: *“Panjenengané bakal pinunjul lan bakal kasebat Putraning Allah Kang Mahaluhur. Apadéné Gusti bakal maringi marang Panjenengané dhgamparé Sang Prabu Dawud, leluhuré. Sarta Panjenengané bakal jumeneng dadi Ratuning para turuné Yakub nganti sakawas-kawasé, tuwin kratoné iku bakal ora ana wekasané.”* Pratélanipun malaékatipun Gusti nyebataken pitedah ingkang dhasar sanget kanggé namdhesaken bilih Gusti Yésus punika tedhak turunipun Sang Prabu Dawud. Punika ateges lantaran Maryam, Allah sampun njangkepi prasetyanipun kanggé njejegaken “dhamparing” karajanipun Sang Prabu Dawud.

Srana ningali sarasilahipun Gusti Yésus saking garis sarasilahipun Yusuf lan Maryam, kita sangsaya kayakinaken bilih Gusti Yésus punika saèstu tedhak turunipun Sang Prabu Dawud. Nanging, karajan ingkang kausung dèning Gusti Yésus sanès karajan ingkang ateges politik nanging langkung ngemu teges teologis, inggih punika bab papréntahaning Allah ing pundi Paanjenenganipun lenggah dhampar lan kagungan kuwaos. Jejeging karajanipun Sang Prabu Dawud punika mboten namung nglingkupi tilas tanah prasetyan nanging nglingkupi saindenging jagad. Awit Gusti Yésus ngasta misi kanggé kawilujengan sedaya tumitahing Allah ing salumahing

bumi, malah sedaya jagad raya. Pakaryanipun Gusti Yésus ingkang wetah punika ingkang lajeng kapratélakaken lan kawulangaken sacara temen-temen déning Rasul Paulus. Rasul Paulus nyebat, “*Kagem Panjenengané kang nyantosakaké kowé kabèh, manut Injil kang dakkabarakè sarta pawarta bab Gusti Yèsus Kristus, laras karo kabarè wewadi kang kasidhem pirang-pirang abad lawasé, nanging kang saiki wus kababara sarta wus kawartakaké déning kitab-kitabé manut dhawuhé Gusti Allah kang langgeng marang sahèhing bangsa kanggo nenuntun marang ing pambangun-turuting pracaya*” (Rum 16:25-26). Pramila kita saged ningali bilih wewadosing Allah ingkang sampun maabad-abad dangunipun kasimpen punika akhiripun kabikak lan rawuh ing salebeting sujarahing gesangipun manungsa. Pratélaning wewadosipun Allah kasebat inggih punika Gusti Yésus Kristus piyambak.

Gegayutan kaliyan ‘pratélaning wewados’ ing ayat ing nginggil kasebat, sakmboten-mbotenipun wonten tigang bab ingkang saged kapratélakaken. *Kapisan*, wewados punika sampun kasidhem maabad-abad dangunipun. ‘Dipun sidhem’ ingkang wujudipun pasip punika nélakaken bilih Pelaku ingkang sesidheman, inggih punika Gusti Allah piyambak. *Kaping kalih*, wewados punika sampun dipun pratélakaken. Tembung ‘dipun pratélakaken’ punika nerangaken bilih ingkang dipun pratélakaken punika kakiyatanipun Allah ingkang langgeng lan kailahanipun. Ananging ing ngriki cakupanipun cetha langkung wiyar, inggih punika kalebet sihipun ingkang milujengaken umat manungsa awit bramantyanipun lan ingkang wonten ing sangandhaping kuwaos dosa (Ruma 1:18-32). *Kaping tiga*, wewados punika manut dhawuhipun Allah ingkang langgeng, sampun kawartosaken déning kitab-kitabipun para nabi dhateng sedaya bangsa kanggé nenuntun umat dhateng pambangun-turuting pitados.

Inggih saking sedaya paseksi punika kita saged ningali bilih Gusti Yésus punika ingkang njangkepi prasetyaning Allah dhateng Sang Prabu Dawud bab jejeging karajan lan tedak turunipun.

Ing Minggu Advèn kaping sekawan punika, kita ugi nyumet lilin advèn kaping sekawan warni ungu. Lilin punika kasebat: Lilining katresnan - *Candle of Love (Angle candle - lilin malaékat*. Lilin punika mralambangaken katentreman. Lilin punika ugi ngèngetaken kita bab kabar ingkang kabekta déning malaékat, *"Tentrem-rahayu ana ing bumi ing antarané manungsa kang dadi renaning penggalihé"*. Simbolisasi lilin advèn kaping sekawan punika saleresipun ngumandhangaken lan nandhesaken pawartos Natal saking malaékat dhateng Maryam. Ing Luk. 1:32-33 malaékatipun Gusti ngandika dhateng Maryam: *"Panjenengané bakal pinunjul lan bakal kasebut Putraning Allah Kang Mahakuhur. Apadéné Gusti Allah bakal paring marang Panjenengané dhamparé Sang Prabu Dawud, leluhuré. Sarta Panjenengané bakal dadi Ratuning para turuné Yakub nganti salawas-lawasé, tuwin kratoné iku bakal ora ana wekasané"*.

Srana mekaten, nalika kita ngidungaken kidung 'Malam Kudus' lan dumugi ing sair "Kristus anak Daud", temtunipun kita mboten namung ngidungaken minangka péranganing ritual Natal, ananging ugi kayakinan iman bilih Gusti Yésus punika pemenuhan prasetyaning kawilujengan kanggé jagad awit Panjenenganipun punika Ahli Waris Dhamparing Sang Prabu Dawud.

Sugeng methukaken Natal, sugeng berjuang. Gusti Yésus hamberkahi. Amin

(RM GJS/WMS)





## **KHOTBAH Malem Natal**

Kemis, 24 Dhésèmber 2020

Waosan 1: Yésaya 9:2-7  
Tanggapan: Jabur Masmur 96  
Waosan 2: Titus 2:11-14  
Injil: Lukas 2:1-14 (15-20)



## **Rajanipun Katentreman sampun Miyos**



## **KHOTBAH JANGKEP**

### **Rajanipun Katentreman sampun Miyos**

Ing Injil Lukas 2:1, kita mirsani kawontenan politik nalikanipun Gusti Yésus miyos, inggih punika nalikanipun Kaisar Gaius Julius Caesar Agustus ngasta panguwaos. Manut cathetan sejarah, asma satemenipun saking Kaisar Agustus punika Gaius Octavius utawi ingkang limrahipun dipun-aturi Octavian. Kaisar Agustus ngasta panguwaos kirang langkung taun 30 sadèrèngipun Masèhi ngantos taun 14 Masèhi. Sayektosipun asma “Agustus” punika sesebatan ingkang dipun paringaken déning bebadan wakil rakyat Romawi dhumateng Oktavian ingkang ateges “raja”. Sesebatan kasebat mujudaken pakurmatan dhumateng Octavian amargi tandangipun ing salebeting ndamel bedhamèn nalika samanten ingkang kasebat “Pax Romana” utawi “Bedhamèning Roma” inggih punika satunggaling ubenganipun wekdal gesanging masyarakat romawi ingkang raharja, rahayu, aman, lan tentrem. Nalika semanten, seni, kabudayan, seni bangunan, susastra, lan ngèlmu kawruh majeng sanget. Roma saweg wonten ing wekdal

jaya-jayanipun. Ing salebetipun njagi bedhamèn, Octavian kasil anggènipun ngrampungni daya kakiyatanipun peprangan, dadosa ingkang kelampahan ing satengahing negari ingkang dipun pimpin kaisar punapadéné ing krajanipun tangga-tepalih. Manut cathetan sejarah, gesang tentremipun masarakat Roma, ingkang kalampahan nalikanipun Kaisar Octavian punika, lumampah dangunipun 200 taun. Ing wekdalipun kaisar Octavian mimpin, mboten wonten tiyang satunggal-satunggal ingkang saged nandhingi misuwuripun Kaisar Octavian. Ananging punapa leres makaten? Ketingalipun mboten makaten tumrapipun Lukas, mitranipun Paulus, ingkang nyerat Injil Lukas katur dhumateng Téofilus, satunggaling tiyang Italia ingkang mratobat sarta pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus. Kanggénipun Lukas, wonten priyantun linangkung ingkang saged nandhingi kalangkunganipun Kaisar Octavian, kapara nglangkungi Kaisar Octavian, priyantun punika Yésus Kristus. Panjenenganipun punika jilmaanipun Gusti Allah ingkang karawuhanipun sampun dipun weca déning para nabi.

Kita saged mirsani kadospundi bédanipun, cariyos wiyosanipun Gusti Yésus ingkang dipun-gambaraken déning Lukas menawi katandhingaken kaliyan wiyosanipun putra-putra raja ingkang limrah nalika samanten. Lukas nggambaraken Gusti Yésus Kristus minangka tiyang ingkang monjo sanget, ingkang miyos saking gesangipun tiyang pinggiran sarta kathah pakèwetipun. Padatan, ing salebeting kedhaton ingkang misuwur, sang ratu ingkang saweg nggarbini dipun gatosaken déning para tiyang ingkang njagi supados kalis saking bebaya ingkang saged tumempuh ing kandhutanipun. Para dhukun bayi sami siyaga sarta tansah wonten ing nglebet kedhaton menawi sang ratu sampun nélakaken tandha-tandha badhé nglairaken. Punapa ingkang kita waos saking cariyos wiyosanipun Gusti Yésus Kristus, tebih sanget bédanipun. Sesarengan kaliyan garwanipun, Yusuf, Maria ibunipun Gusti Yésus Kristus, kedah mlampah tebihipun 170 km, saking Nazarèt nuju dhateng Bètéléhèm kanggé nindakaken cacah-jiwa. Anggènipun mlampah tebih punika temtu kathah sanget

resikunipun, ananging Maria tetep nglampahi. Élokipun, Maria kasil anggènipun ngrampungaken tindakipun kasebat.

Nalika bayi-bayinipun raja lair ing kedhatonipun, padatanipun bayi punika badhé dipun gedhong kanthi jarit sutra ingkang awis reginipun sarta dipun sèlèhaken ing papan patileman ingkang sekéca. Béda senget kaliyan Gusti Yésus Kristus, ingkang miyos ing kandhang kéwan. Bayi Yésus kagedhong jarit limrah, sarta dipun sèlèhaken ing papan pamakanan kéwan, ingkang manut tata karesikanipun mboten saged kajamin. Kita saged nggantha, sesakit punapa ingkang saged tumanduk dhateng jabang bayi ingkang ringkih nalika samanten kanthi nyèlèhaken ing papan pamakanan sesarengan kaliyan kéwan-kéwan. Ananging, Sang Bayi punika ngéram-éramaken sanget, kados ibunipun, Maria. Sang Bayi alit lan ringkih punika kasil anggènipun tuwuh dados ageng sarta saya manteb ing pakaryan-pakaryan-Ipun. Menawi putra-putranipun raja ingkang miyos dipun-tuwèni déning raja-raja kiwa-tengenipun, Gusti Yésus Kristus miyos dipun-tuwèni déning para pangèn. Tiyang ingkang kalenggahanipun andhap ing masarakat. Nalika samanten, menawi bayi-bayi putranipun raja nampi ganjaran ingkang wonten ajinipun saking para raja sakiwa-tengenipun, Gusti Yésus namung nampi paseksinipun para pangèn ingkang naté pinanggih kaliyan malaékat ing pundi paseksinipun punika mujudaken “barang ingkang aji sanget” kanggénipun para pangèn punika.

Para Sedhèrèk, kénging punapa Lukas ngewrat cariyos wiyosanipun raja ingkang bènten sanget kaliyan cariyos anak-anakipun raja ingkang limrah nalika samanten? Wosipun, Lukas badhé ngandika dhateng sadaya tiyang bilih Gusti Allah, wewujudan ingkang mahaluhur, karsa ngasoraken sariran-Ipun kanthi miyos minangka Bayi ingkang asesilih Yésus Kristus, kanggé milujengaken jagat sakisinipun. Prasajanipun, Gusti Allah milujengaken jagat punika katindakaken saking ngandhap utawi lumantar gesangipun tiyang pinggiran. Bebasanipun kita wonten ing salebeting gesang kita padintenan. Gampil sanget kanggé kita ngrengkuh ingkang saé-saé menawi kita saged

ngrengkuh ingkang awon-awon. Punika ingkang katindakaken déning Gusti Allah ing Sang Kristus Yésus. Menawi raja-rajaning jagat ngrengkuh kamulyan lan kaluhuran, Gusti Allah ngrengkuh kanisthan sarta gesangipun manungsa ingkang dipun pinggiraken.

Wiyosanipun Gusti Yésus Kristus ing jagat sampun temtu kagungan satunggaling ancas. Ancas-Ipun inggih punika ndhatengaken gesang tentrem rahayu lumantar pakabaran Injil Kratonipun Gusti Allah. Katentreman ingkang kaasta déning Gusti Yésus sanès katentreman tata lair kémawon utawi awatak kadonyan, kados ingkang dados asil ingkang kagayuh Kaisar Agustus, ananging katentreman ingkang asipat ngabèhi, ngantos nggepok batos. Kadosdéné ingkang dipun-imani déning Rasul Paul wonten ing Titus 2:12, *“Iku merdi marang kita, supaya kita ninggal pamblasar lan pepénginan kadonyan sarta supaya kita urip kalawan wicaksana, adil tuwin ngabekti ana ing donya samengko iki.”* Katentreman modhelipun Gusti Yésus mboten namung sadrema ngicali pasulayan sacara lair, ananging ngicali pasulayan ingkang tuwuh utawi kelampahan ing salebeting batos. Pitakènanipun inggih punika: “Kadospundi katentreman ingkang wetah ingkang dipun rawuhaken déning Gusti Yésus punika kita saget raosaken samangké?” Caranipun inggih punika kita prelu gesang wicaksana, adil, lan ngibadah.

Cara ingkang sepisan inggih punika wicaksana. Tembung “wicaksana” kapertal saking tembung Yunani *sopron* ing pundi tembung punika kadhapuk saking kalih tembung Yunani *sozo* jngkang ateges “ngluwari” utawi “ndamel resik saking sawernining bibit sesakit” sarta *phren* ingkang ateges “gagasan”. Dados “wicaksana” utawi *sopron* inggih punika kagiyatan ngresiki gagasan. Ngresiki gagasan punika ateges kita sinau ngluwari gagasan kita saking blenggu-blenggu. Blenggu punika saged awujud ing marupi-rupi. Salah-satunggalipun inggih punika raos kuwatos utawi gagasan “kepriyé aku urip manut apa kang dikandhakaké uwong.”

Cara kaping kalih, inggih punika gesang adil. Tembung “adil” kapertal saking tembung Yunani *dikaos* ingkang lingganipun *dike*, ingkang ateges “tatanan” utawi “paugeran”. Dados gesang adil ateges gesang adhedhasar tatanan utawi adhedhasar paugeran. Kita temtu mangertos bilih Indonesia punika negari hukum. Hukum/tatanan/paugeran kadamel kanggé nata gesang supados tiyang sami langkung sopan, nggadahi moral, sarta tumata. mBoten setya dhumateng paugeran badhé nuwuhaken kakisruhan tuwin kasangsaran. Gesang kanthi wewaton paugeran mboten ateges gesang ing salebeting kawontenan tumungkul tanpa budi, ananging gesang ing salebeting kawontenan tumungkul ingkang mboten gampil pitados. Menawi satunggaling paugeran kawawas ndamel sangsara, kita kedah tumindak kanthi nyuwantenaken sarta ngajengaken pilihan paugeran-paugeran ingkang langkung migatosaken ajining kamanungsan. Dados mboten prelu gègèr-gègèran ingkang malah nerak paugeran-paugeran ingkang sah.

Cara kaping tiga, inggih punika gesang ngibadah. Tembung “ngibadah” pertalan saking tembung Yunani *eusebos* ingkang kadhapuk saking tembung Yunani “*eu*” ingkang saged kapertal “leres” sarta *sebomai* ingkang kapertal “manembah”. Dados *eusebos* punika kagiyatan manembah ingkang leres dhumateng Gusti Allah. Tembung *sebomai* piyambak sayektosipun nedahaken dhateng sagolongan tiyang sanès-Yahudi ingkang pitados dhumateng Gusti Allah sarta ngibadah ing sinagogé kados tiyang Yahudi, ananging tiyang-tiyang sanès-Yahudi punika mboten ndhèrèk pranatan-pranataning agami Yahudi. Nalika tembung Yunani *eu* kagandhèngaken kaliyan *sebomai*, punika ateges tiyang-tiyang ingkang sampun dados pitados, ingkang prelu ndhèrèk pranatan-pranataning agami ingkang sampun dipun-ugemi. Umat ngagami, prelu ndhèrèk pranatan agami ingkang dipun-ugemi kanthi leres. Wonten ing iman Kristen, punika ateges bilih kita kedah ndhèrèk piwulang-piwulangipun Sang Kristus kanthi leres kados ingkang kaserat ing Kitab Suci.

Para Sedhèrèk, rawuhanipun Gusti Yésus Kristus ing jagat punika sampun dados pepadhang ing satengahing pepeteng. Kanthi mirsani Sang Pepadhang punika, sadaya suku bangsa katuntun kanggé manggihaken katentreman sanyata, katentremaning kaswargan. Menawi Gusti Yésus Kristus punika Pepadhang, kita, para tiyang pitados dados sunar-sunaripun Sang Kristus. Dados, ing jagat punika, kita nggadhahi kuwajiban kanggé nyunaraken pepadhangipun Sang Kristus ing gesang padintenan, lumantar gesang wicaksana, adil, sarta ngabekti. Ancasipun supados sadaya suku bangsa ngraosaken tentrem-rahayu sanyata ingkang langkung rumiyin sampun katetepaken déning Sang Kristus. Mugi Sabdanipun Gusti dinten punika ngiyataken panjenengan sadaya. Amin.

[NVS-DEN]



## KHOTBAH Natal

*Jumuwah, 25 Dhésèmber 2020*

Waosan 1: Yésaya 52:7-10  
Tanggapan: Jabur Masmur 98  
Waosan 2: Ibrani 1:1-12  
Injil: Yohanes 1:1-14



## Sabdaning Allah Dados Manungsa



## KHOTBAH JANGKEP

### Sabdaning Allah Dados Manungsa

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus, Taun 2020 saget kawastanan minangka taun ingkang ngewrat sejarah, mboten namung ing negari Indonesia ananging ugi ing saindenging jagat. Bibit sesakit corona sampun nguwasani jagat sarta ngreridhu gesangipun manungsa, dados ing babagan ekonomi, jagating padamelan, tetumpakan (transportasi), keséhatan, pawiyatan malah ngantos dumugi bab-bab ingkang wonten sesambadanipun kaliyan agami kalebet pangibadah-pangibadahipun. Ing Indonesia mirungganipun, lan ugi ing sawetawis negari, nalika kaundhangaken bilih bibit sesakit corona sampun sumebar, tiyang sami bingung. mBoten sekedhik tiyang sami ndhatengi toko-toko ingkang nyadé kabetahan pokok, *swalayan*, *super market* dalah pusat-pusatipun papan tetumbasan kabetahan padintenan. Mèh sadaya kabetahan pokok ludhes mboten wonten tirahanipun ing pundi-pundi papan. *Hand sanitazer*, barang èncèr kanggé wjjik asta, *masker*, ugi mboten kawon tumut dipun-borong lan telas.

Menawia taksih wonten, reginipun ndedel mboten kantenan. Wiwit tengah-tengahing wulan Maret 2020 pamarintah ngedalaken pariwara supados masarakat kèndel wonten ing griya ngendhek sumebaripun bibit sesakit corona. Sadaya kagiyatan katindakaken saking nggriya: nyambut damel saking nggriya, sinau lan memulang saking nggriya, sarta ngibadah wonten nggriya amargi kita saweg wonten ing salebeting mangsa pageblug covid-19. Ing wekdal wiwitan, mèh sadaya tiyang nuhoni pranatan kasebat, kanggé nindakaken kagiyatan ing nggriya. Ananging wekdalipun terus lumampah, sadaya tiyang sami ngentosi kabar kabingahan bab kèndelipun mangsa pageblug covid-19. Pinten-pinten wulan kabar kabingahan punika ingkang dipun antu-antu, mboten namung amargi sampun bosen kèndel wonten nggriya ingkang dados pawadan. mBoten sekedhik tiyang ingkang ugi kécalan padamelan, mboten saget nindakaken padamelanipun, kapara ketaman sesakit sanès ingkang kagigah amargi kawontenan ingkang njalari *stress* sarta *depresi*. Sadaya tiyang nengga wontenipun kabar kabingahan bilih kawontenan sampun tentrem lan wangsul normal.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus,  
Sumangga kita gatosaken pawartosipun nabi Yésaya dhateng bangsa Israèl, ingkang saweg wonten ing Babèl, ing negari pambuwangan. Nalika semanten bangsa Israèl saweg ngantu-antu sanget dhateng pangluwaran kanggé wangsul dhateng Yérusalèm. Nabi Yésaya martosaken: *“Iba anggoné ngresepaké katoné saka ing pucaké tengger-tengger tekané kang nggawa pawarta, kang martakaké kabar katentreman kang ngundhangaké pawarta kang becik, kang nggawa kabar karahayon lan kang celathu marang Sion: “Allahmu iku ratu!” Rungokna swarané wong kang padha ngawat-awati kowé: padha surak-surak bebarengan. Amarga padha nyumurupi dhéwé manawa Sang Yéhuwah kondur menyang ing Sion. Padha giyak-giyaka, padha surak-surak bebarengan, hé gapuraning Yérusalèm! Awit Pangéran Yéhuwah wus nglipur*

*umaté, wus nebus Yérusalèm. Pangéran Yéhuwah wus ngatingalaké astané kang suci ana ing ngarepé mripaté sakèhing bangsa; poncot-poncoting bumi kabèh banjur sumurup karahayon kang pinangkané saka ing Allah kita.*" (Yésaya 52:7-10). Kula nggagas, pawartosipun Yésaya punika dados pepénginan kanggé kita nalika ing salebetipun mangsa pageblug covid-19. Sadaya tiyang ngantos-antos ingkang ngasta pawartos bedhami, kabar kabingahan sarta pawartos wilujeng. Nalika ingkang ngasta kabar katentreman punika rawuh, mila kathah tiyang badhé nanggapi kanthi surak-surak. Nalika pawartos katentreman sarta kabar kabingahan punika dipun biwarakken, mila sadaya tiyang badhé bingah-bingah. Kabar kabingahan ingkang dipun-ngandikakaken nabi Yésaya inggih punika "Gusti Allah punika Raja", ingkang tegesipun bilih Gusti Allah minangka Raja ingkang mengku panguwaos kanggé ngerèh bangsa Israèl. "Gusti Allah punika Raja", dados kabar kabingahan bilih Gusti Allah ingkang kagungan panguwaos tumrap gesangipun umat, sanès bibit sesakit mbebayani. Punika ingkang dados panglipur tumrap umatipun Gusti Allah.

Kanggé prakawis punika juru Masmur ngajak kita nampèni kabar kabingahan punika kanthi ngidungaken kidung énggal, kanthi surak-surak, kanthi bingah-bingah, kanthi slukat lan clempung, amargi kawilujengan sampun dipun ketingalaken déning Gusti Allah. Juru Masmur ngajak kita supados nampèni pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken kita kanthi manah ingkang dipun-kebaki suka bingah ingkang lubèr. Ananging, minangka tiyang ingkang sampun dipun-wilujengaken, mboten ateges gesang kita salami-laminipun tentrem kémawon. Gesang pancèn mboten salaminipun lumampah kanthi tentrem sarta sekéca. Kita badhé ngadhepi marupi-rupi pakèwet malah kasangsaran. mBoten namung amargi kawontenan pageblug covid-19, ananging ugi mawarni-warnipun ombaking jagat badhé kita adhepi. Inggih nyerat serat dhateng tiyang Ibrani maringi pitedah ingkang ngiyataken nalika tiyang-tiyang Ibrani saweg ngadhepi panganiaya tuwin kasangsaran. Inggih nyerat serat Ibrani ngantebaken supados

tiyang-tiyang Ibrani tetep cepengan dhateng kawilujengan saking Gusti Yésus Kristus. Sampun ngantos panganiaya sarta kasangsaran ngrisak iman kapitadosan dhumateng kawilujengan ingkang sampun dipun tampi lumantar Gusti Yésus Kristus. Tansaha asurak-surak sarta ngidungaken kidung pamuji sokur kagem kaluhuranipun Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus,

Dinten Natal, inggih punika dinten wiyosanipun Sang Bayi Yésus Kristus, dados pawartos katentreman, kabar kabingahan tuwin kawilujengan ingkang sampun kawartosaken déning Yohanes. Kabar kabingahan mboten namung kanggé bangsa Israèl ingkang dipunwangsulaken malih dhateng Yérusalèm utawi dhumateng tiyang-tiyang Ibrani ingkang saweg wonten ing salebetipun panganiaya lan panandhang, ananging ugi kanggé kita sadaya, tiyang ingkang pitados dhumateng pakaryaning kawilujengan ingkang dipun-télakaken déning Gusti Allah. Dinten Natal mboten namung dinten kanggé ngriyayakaken wiyosanipun (*ulang tahun*) Gusti Yésus, ananging langkung saking punika, minangka dinten kagem ngluhuraken Gusti Allah ingkang sampun netepi prajANJI-Ipun. Sabda ingkang dipun-babar sampun mawujud dados Manungsa ing Dhirinipun Gusti Yésus Kristus. Punika kabar kabingahan kanggé kita bilih “Gusti Allah punika Raja” Panjenenganipun nguwaosi kita. Gusti Allah mboten namung nglairaken sabda, ananging Panjenenganipun ugi badhé mbabar Sabdanipun minangka pawartos bedhami, kabar kabingahan tuwin kawilujengan. Dinten Natal, ingkang kita tampèni kanthi surak-surak sarta kidung pamuji kagem kamulyanipun Gusti Allah, ngèngetaken kita bilih kita ugi kautus minangka ingkang ngasta pawartos bedhami, kabar kabingahan lan kawilujengan bilih Sabda punika sampun dados Manungsa.

Wilujeng Natal, wilujeng dados ingkang martosaken kabar katentreman. Amin.

[NS-DEN]



**KHOTBAH**  
**Minggu Sesampunipun Natal**  
*Minggu, 27 Dhésèmber 2020*

Waosan 1: Yésaya 61:10–62:3  
 Tanggapan: Jabur Masmur 148  
 Waosan 2: Galatia 4:4-7  
 Injil: Lukas 2:22-40



**Sukarena**  
**Nampèni Sang**  
**Panebus**



**KHOTBAH JANGKEP**

**Sukarena Nampèni Sang Panebus**

Kita saged klèntu mangertosi ngéngingi wonten utawi mbotenipun sesambetan antawisipun pribadi kalih, menawi mboten mirsani sadaya péranganing babak satunggaling tontonan. Tuladhanipun: Satunggaling laré alit saben sonten sasampunipun siram, piyambakipun lenggah ing ngajenging griyanipun. Satunggaling tiyang langkung tumunten taken: “Lagi ngapa nak?” Laré alit wau mangsuli: “Nengga bapak kondur saking nyambut damel.” Nalika bapakipun taksih tebih, lan laré alit wau sampun ningali bapakipun, laré punika mlajeng (mboten cekap mlampah) ngener dhateng bapakipun, tumunten mbengok “bapak” sarta ngrangkul. Wonten laré sanèsipun, umuripun 10 taun. Laré punika mlajar ngener dhateng bapak tuwin laré alit ingkang saweg rerangkalan wau. Laré sanès wau kèndel ing sisihipun pun bapak. Laré sanès wau ndhangak manginggil, sarta lajeng mlumpat. Wusananipun wonten layangan ing tanganipun, ingkang sajakipun pedhot lan

dhawah pas ing sisihipun pun bapak. Laré sanès punika ugi bingah sanget, ananging mboten wonten sesambedanipun kaliyan pun bapak ingkang saweg rangkulan kaliyan putranipun.

Lumantar gegambaran ing nginggil, kita saged mbédakaken pundi ingkang kagungan sesambetan sarta pundi ingkang mboten kagungan sesambetan. Ingkang raket sesambetanipun kaliyan ingkang mboten, ketingal sanget bèntenipun. Kwalitè sesambetan nemtokaken polatan tuwin kwalitè patrapipun methukaken.

Lumantar Sabdanipun Gusti dinten punika, sumangga kita sinau kadospundi nggesangaken “swasana kabingahan nalika nanggapi” minangka umat ingkang “JURUWILUJENGIPUN RAWUH”. Wonten sawetawis makna ingkang nuntun kita ingkang kita panggihaken ing Sabdanipun Gusti dinten punika:

**Kaping sapisan, Kabingahan badhé kelampahan nalika gesang dipun lampahi ing SALEBETIPUN SESAMBEDAN: Anak kaliyan Bapa.**

*Galatia 4:6-7 nyerat, “..... Allah wis ngutus Rohé Kang Putra marang sajroning ati kita, kang nyebut, "Abba, Rama!" Dadiné kowé kabèh iku wus dudu batur manèh, nanging putra; lan yèn kowé kabèh iku putra, kowé iku uga padha dadi ahli-waris marga pakaryaning Allah.”*

Rasul Paulus nyebat kita **saiki anak**, sanès abdi. Rumiyan tebih, samangké celak. Kita ngalami èwah-éwahan kalenggahan dados ahli waris. Serat 2 Korintus 8 nyerat bilih kita sugih ing salebeting kamirahanipun Allah.

**Kabingahan punika dipun temtokaken déning Gusti Allah, sanès kita, minangka sih-rahmat. mBoten wonten ingkang saged netepi sarat kanggé dados putra amargi kaluwihanipun. Sadaya punika anamung amargi pakaryanipun Roh Suci ingkang nyantosakaken kapitadosan kita, bilih kita déning Panjenenganipun saged ngaturi Gusti Allah minangka Abba utawi Bapa.**

Inggang dados pokoking kabingahan kita: pitepangan tuwin pitados kita, inggih punika kadospundi pitepangan kita dhateng katresnanipun Allah ing Gusti Yésus Kristus. Gusti Allah maringaken katresnan inggang ageng, wetah tanpa dipun kirangi. Punapa inggang dipun betahaken umatipun Gusti Allah, mesthi dipun cekapi Gusti Allah. Makaten peparangipun Rama dhateng putra. Gusti Allah Sang Rama sampun maringaken Putran-Ipun inggang Ontang-anting dhateng kita.

Émuta pitepanganing pitados kita. Wosipun inggih punika bilih sadaya éwah-éwahan punika namung kelampahan amargi sih-rahmatipun Allah, gumantung kaliyan Gusti Allah, mboten amargi kangélan kita. Wusanapun kita kasagedaken nyebat Gusti Allah minangka “Abba” utawi Rama.

**Saraketing sesambedianipun Bapak-anak, punika katetepan inggang prelu dipun jagi.** Mila, samangké kabingahan sejati kémawon inggang kedahipun dipun télakaken déning kita sadaya minangka putranipun Allah. Langkung-langkung amargi kalenggahan anak punika sanès karana kita, mila sumangga kita tanggapi kanthi kabingahan. Panjenenganipun, Gusti Yésus Kristus inggang sampun rawuh punika sampun maringi sih-rahmat dhateng kita tiyang dosa, inggang mboten pantes nampèni sih-rahmat wau.

**Kaping kalih: PEPANGGIHAN kaliyan SANG JURUWILUJENG ateges dipunsagedaken MIRSANI GESANG INGGANG BADHÉ DHATENG INGGANG PADHANG-JINGGLANG, SARTA DADOS MAREM.**

Kabingahing Abdinipun Gusti, Siméon tuwin Hana kelampahan amargi Janjinipun Gusti dipun-tetepi, sarta anggènipun netepi punika katingal cetha ing “sangajengipun” mripating rohanipun. Janji, anggènipun netepi sarta mangsa inggang badhé dhateng inggang mboten pedhot, sambung-sinambung, njamin gesang prayogi ing mangsa inggang badhé dhateng.

**Siméon ngandika: “jalaran mripat kawula sampun sumerep kawilujengan inggang mijil saking**

***Paduka, ingkang sampun Paduka cawisaken wonten ing sangajenging bangsa sadaya, ...” (Lukas 2:30-31).***

Lumantar Siméon UMAT KASAGEDAKEN nyawang anggènipun Gusti Allah netepi janjinipun ingkang SAMPUN KABABAR. Saking ngriku wonten katetepan bilih prakawis ingkang dipun-alami umat manungsa KAJAWAB ing salebeting karawuhanipun Sang MÉSIAS.

Sayektosipun, wekdal ngrekaos taksih lumampah – anggènipun bangsa Romawi njajah sarta kasangsaran tansah wonten kémawon. Ananging Siméon, dipun sagedaken nyawang mangajeng, amargi dipunparengaken nyawang kawilujengan, inggih punika Mésias, Sang Jabang Bayi Yésus. Siméon dados bleger ingkang ngengetaken kita supados tansah saged nampi panglipur, bilih mangsa ingkang badhé dhateng tansah wonten ing pangrengkuhipun Gusti Allah.

Lumantar cariyos bab Hana, kita manggihaken bilih sukarena pangajeng-ajeng sampun ngawonaken danguning wekdal anggènipun ngentosi. Sinaosa sampun dumugi yuswa sepuh, kabingahaning anggènipun ngentosi mboten ngucemaken pangajeng-ajengipun. Kabingahaning pangajeng-ajeng punika ngungkuli kasangsaraning gesangipun.

Sukarena karana mirsani kawilujengan saged mirsani langkung tebih malih mangajeng, bilih sesarengan Gusti Allah, sadaya prakawis ingkang badhé kelampahan ugi sampun kajamin.

**Kaping tiga: Asukarena wonten ing Gusti Allah mboten gumantung kaliyan kawontenan kiwa tengen.**

Yésaya 61:10 nyerat makaten, ***“Ingsun asukarena ana ing Pangéran Yéhuwah”***. Kabingahaning Abdinipun Gusti punika asukarena ing Gusti Allah. Kabingahan ingkang mboten gumantung ing kawontenan.

Kanggé ingkang ngajeng-ajeng dhumateng Gusti Allah lan pitados dumateng Panjenenganipun, kabingahan ing Gusti Allah mboten amargi gesang ingkang gampil lan bingah-bingah. Kabingahanipun tiyang-tiyang punika kabingahan ing salebeting Gusti Allah (Yésaya 61:10). Kabingahan ing pundi

gesang saged kémawon taksih ing salebetipun pepetenging jagat. Kawontenanipun jagat taksih damel sesek, ananging umat saged bingah-bingah ing Gusti Allah. Punapaa kémawon ingkang kelampahan, mboten ngéwahi kabingahan ing salebetipun Gusti Allah.

Para Sadhèrèk sadaya, dinten punika kita saged sinau saking sabdanipun Gusti ingkang mitulungi kita kanggé gesang asukarena ing salebeting Gusti, kadosapunapa ingkang kita alami. Wonten 3 piweling kanggé para SADHÈRÈK lan kula, inggih punika 3 prakawis ingkang nemtokaken kadospunapa GESANG padintenan kita nalika kita sami NAMPÈNI Sang Juruwilujeng:

1. **Kabingahan badhé kababar nalika gesang dipunlampahi ING SALEBETING SESAMBETAN “Anak kaliyan Bapak”. Mugi sesambetan kita kaliyan Gusti Allah dados saya raket.**
2. **Ngalami pepanggihan kaliyan Sang JURUWILUJENG YÉSUS KRISTUS, ateges kita sampun kasagedaken MIRSANI GESANG INKGANG BADHÉ DHATENG INKGANG PADHANG-NJINGGLANG, tuwin dados marem lan lega.**
3. **Kabingahan ing Gusti Allah mboten gumantung kaliyan kawontenan sakiwa-tengen, ananging gumantung dhateng Gusti Allah piyambak ingkang MBOTEN NATÉ ÉWAH KASETYANIPUN.**

Amin !!

[PKM-DEN]





## KHOTBAH Tutuping Warsa

*Kemis, 31 Dhésèmber 2020*

Waosan 1: Wilangan 6:22-27  
Tanggapan: Jabur Masmur 8:2-10  
Waosan 2: Galatia 4:4-7  
Injil: Lukas 2:15-21



## Dados Titah ing kang Mulya



## KHOTBAH JANGKEP

### Dados Titah ing kang Mulya

Salam séhat, rahayu ing Sihipun Sang Kristus!  
Taun punika saged kawastanan kebak ing pakèwet, awit kalih setengah wulan sapengkeripun kita lumebet ing taun 2020 bibit sesakit corona COVID-19 kanthi rerikatan dados pageblug ing kang sumebar wrata ing saindenging jagat. Kathah negari, kalebet Indonesia, ngecakaken tumindak matesi kagiyatanipun pasrawungan lan bebraying ngaurip (*pembatasan aktivitas sosial*) sarta ngajak saben tiyang supados wonten ndalem kémawon, kanggé ngrampung ing kang nyebabaken nularipun bibit sesakit COVID-19, ing kang sumebaripun lumantar toya kecoh ing kang nyiprat utawi *droplèt*. Sanalika kabingahaning jagat kasendhal déning raos kuwatos. Ngempal sesarengan kaliyan sanak sadhèrèk sarta para mitra dados kirang sreg awit mboten saged malih sénggolan sarta kedah tansah njagi let-letan ing kang aman. Sinaosa sampun lumebet ing Kalimrahan Anyar (*New Normal*), raosipun sadaya kagiyatan ing sanjawining griya lestantun dados pangancam ing kang ngajrih-

ajrihi tumraping gesang. Kajawi saking punika, daya pangaribawaning bibit sesakit COVID-19 ugi mangaribawani sanget dhateng rikating lampahipun ekonomi. mBoten sekedhik bebadan ingkang nindakaken dedagangan, damel barang-barang lsp. ingkang kapeksa kapitunan tuwin ngèndeli (*mem-PHK*) pegawé utawi nara karyanipun.

Menawi dinten punika kita dumugi ing pungkasaning taun 2020, mila kita pantes caos sokur dhumateng Gusti Allah. Amargi namung kanugrahanipun Gusti Allah ingkang mitulungi kita nglangkungi sadaya geguletan amargi wontenipun COVID-19. Pageblug menika ngengetaken kita bilih punapa ingkang dipun kumandhangaken Francis Bacon (abad 16) “Ngèlmu kawruh iku kuwasa” (*knowledge is power*), jebul mboten saged dados cepengan wonten ing gesangipun manungsa. Manungsa mboten saged nelukaken jagat sarta nganggep jagat kanthi sawenang-wenang. Malah saking jagat kanthi wontenipun COVID-19, kita dipun émutaken supados saya ngendelaken Gusti Allah. Rancangan-rancangan ingkang pating slebar amargi wontenipun COVID-19 memulang dhateng kita ngéngingi kasabaran tuwin pangajeng-ajeng. Saben dinten ing sauruting taun punika, kita dipun-sanggi déning Gusti Allah. Gusti Allah nglubèraken berkah ing salebetipun kita ngulinakaken dhateng pakulinan-pakulinan anyar. Gusti Allah ngayomi kita kanthi ndamel badan kita tetep saé. Gusti Allah mirsani kita lumantar saben warganing brayat ingkang kanthi remen ngesokaken sih-katresnan. Gusti Allah nggatosaken kita sarta saisining griya kita, ngantos tentrem-rahayu lajeng kémawon mili mboten wonten kendhatipun. Awit saking punika, ing sawingkinging raos kuwatos tuwin raos ajrih amargi bibit sesakit COVID-19, sayektosipun kita malah saged langkung bening nyawang panganthinipun Gusti Allah.

Kadosdéne para pangèn ing satengahing sadaya winatesing kawontenan lan kaprasajan saged nyipati kamulyaning swarga ingkang ketingal lumantar karawuhanipun para malaékat, makaten ugi tumrap gesang kita wekdal samangké. Ing satengahing sadaya geguletan tuwin kangèlan, kita kepara

saged mirsani kamulyaning swarga kanthi jinising panganthipun Gusti Allah ingkang sampun kaparingaken ing sauruting taun punika. Punika pawartos kabingahan ingkang saged kita dum dhumateng tiyang sanès. Kita saged nyariyosaken bab panganthipun Gusti Allah wonten ing gesang ing salebetipun mangsa pageblug punika dhateng sesami. Lumantar cariyos ingkang dipun dum punika, kita saged sami-sami ngiyataken sarta ngilhami kita salebetipun ngadhepi bab ingkang prelu dipun rampungi ing taun ingkang badhé kelampahan.

Satunggaling pitutur wicaksana ngandika makaten: “10% gesang kadamel saking bab-bab ingkang kelampahan ing sanjawining kendhali kita, ananging 90% gesang katemtokaken déning kadospundi kita nanggapi dhumateng bab-bab kasebat.” Kita pancèn mboten saged ngendhalèni 10% lelampahan-lelampahan ingkang tumanduk ing gesang kita. Kita mboten gadhah kendhali tumrap bab ingkang 10% punika. Ananging bènten kaliyan ingkang 90%. Kita kagungan kendhali kanggé nemtokaken tanggapan kita. Nalika ban kendharaan kita bocor, upaminipun, kita saged nemtokaken tanggapan ingkang kita pilih: purun tetep bingah utawi badhé kuciwa, duka-duka? Ing nalikanipun jawah, kita seget nemtokaken tanggapan ingkang kita pilih: tetep késah utawi wangsul nggèrèt slimut? Kita mboten naté saged ngendhalèni dhatengipun bibit sesakit COVID-19, ananging kita seget nemtokaken tanggapan kanggé nampik klelep wonten ing icaling pangajeng-ajeng lan milih gumrégah kanthi sadaya daya cipta ngadhepi bab ingkang prelu dipun rampungi.

Gesang punika badhé tansah mrangguli bab-bab ingkang ngagèti sarta geguletan anyar. Ananging, nalika kita sampun milih Gusti Yésus minangka juruwilujeng, mila gesang kita tansah wonten ing salebeting berkah sarta pangayomanipun Sang Rama. Kita badhé kasanggi déning kawicaksanan-Ipun Gusti Allah, ngantos saged nanggapi kanthi wicaksana sarta pener nalika ngadhepi kawontenan anyar ingkang ngagètaken. Kita badhé kapitulungan déning

katresnanipun Gusti Allah, ngantos tetep tentrem tuwin kréatif utawi gadhah daya cipta salebetipun ngudhari pakèwetipun. Sumangga kita pungkasi tahun 2020 ing salebeting kabingahan tumrap saben lelampahan bingah-sisah ingkang kelampahan ing sauruting dinten ing taun 2020 punika, awit sedayanipun dados pasinaon tumrap kita supados saya pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus. Sumangga kita ugi methukaken taun anyar kanthi tékad badhé andum cariyos kabingahan dhumateng sesami, supados jagat mangertos bilih Gusti Allah tansah nresnani kita. Kita kebaki jagat kanthi pangajeng-ajeng saé sesarengan kaliyan pasrahing dhiri dhumateng Gusti Allah. Punika ingkang saged kita tindakaken minangka titah ingkang mulya.

Amin.

(MFH-DEN)



**KHOTBAH****Warsa Anyar***Jumuwah, 1 Januari 2021*

Waosan 1: Kohèlèt 3:1-13

Tanggapan: Jabur Masmur 8

Waosan 2: Wahyu 21:1-6a

Injil: Matius 25:31-46

**Satimbang  
Gesang Kristen****KHOTBAH JANGKEP****Satimbang Gesang Kristen**

Punapa ingkang dados tanggel-jawabing iman kita wonten ing gesang punika? Kanthi cupet, bab iman tansah dipun mangertosi minangka bab-bab ingkang gegayutan kaliyan tata cara agami kadosta ibadah, pandonga, maos Kitab Suci, lan salajengipun. Sampun temtu bab punika kecup wonten ing pangertosan punika, ananging mboten namung punika. Kita prelu mirsani gesang punika kanthi wetah ing salebeting pakaryanipun Gusti Allah ingkang wetah anggènipun nitahaken samukawis sadaya. Gusti Allah nitahaken samukawis ing gesang punika: manungsa, donya, kéwan, ingkang sarwa dumados. Manungsa minangka péranganing titahipun Allah ingkang prayogi sarta tansah nggadhahi gegayutan kaliyan titahing Allah sanèsipun. Ananging gegayutanipun punika underanipun mboten dhateng manungsa. Punika sababipun manungsa dados nglirwakaken kaliyan gesang sanjawining dhirinipun, nalika manungsa nganggep bilih sadaya gesang punika mubeng

kanthi underanipun dhateng dhirinipun. Donya dipun telasaken isinipun kanggé pakareman sarta hawa nepsunipun manungsa. Asilipun kita mirsani karisakaning donya ingkang mboten kantenan. Sato kéwan ugi dipun telasaken isinipun sakatogipun, sedayanipun namung kanggé karemenan tuwin kemaremaning manungsa, asilipun panyiksanipun kéwan saya mratah kanggé tontonan karemenanipun manungsa, sirnaning jinisipun kéwan amargi mboten predulinipun manungsa. Kadospundi kaliyan sesaming manungsa? Dhatengipun manungsa sanèsipun, asring kaanggep minangka mengsah kanggé langkung saget misésa tuwin migunakaken titah sanèsipun. Asilipun srakah, kadurakan, sarta kanepson mrebowani sesambetanipun manungsa kaliyan sesaminipun. Kita dipun timbali kanggé nyipta satimbangan gesang supados tanggeljawab kita tumrap gesang punika saget kita wujudaken. Satimbangan gesang punika ingkang prelu kita udi wonten ing pengalaman iman. Kénging punapa pengalamaning iman? Amargi namung ing salebeting katresnan tuwin pakaryaning kawilujenganipun Sang Kristus, kita dipun sagedaken mbabar damel pulhipun jagat ingkang dipun-pitadosaken déning Gusti Allah dhateng kita kanggé tansah dipun-udi.

Pengalamaning iman punika ugi kacetha wonten ing Injil Matius ingkang nyariosaken bab pangadilan ingkang pungkasan. Punapa ingkang dados ukuranipun tumrap pangadilan punika? Kadospundi manungsa nindakaken jejibahanipun ing salebeting gesang sesarengan, kadospundi tangkepipun manungsa dhateng sesaminipun? Injil Matius nyerat bilih pangadilan punika dipun-talesi wonten ing tangkepipun manungsa dhateng *tiyang-tiyang ingkang asor piyambak*. Kénging punapa makaten? Gusti Yésus badhé ngleresaken pangertosan sadhèrèk (sesami) kanggé tiyang Yahudi. Tiyang-tiyang ingkang dipun-sebat Gusti Yésus punika sagolonganing tiyang ingkang dipun-lirwakaken tuwin mboten dados pétangan. Ananging kanggénipun Gusti Yésus, tangkepipun manungsa dhateng sesaminipun punika wujuding katresnan sarta kasetyanipun manungsa dhumateng Gusti

Allah. Punika pengalaman iman kita ing Sang Kristus, inggih punika pikajeng tuwin kesagedan kita ngrengkuh tiyang sanès ing salebeting katresnan sarta pakurmatan. Mapanaken dhiri minangka kanca wonten ing salebetipun ngumbaraning gesang. Gesang mboten namung bab kabetahan tuwin kapentingan kita ananging ugi bab tiyang sanès ing salebeting geguletanipun sarta jejibahanipun ing ngriku.

Kadospundi tangkepipun manungsa dhateng titah sanèsipun? Sumangga kita mirsani waosan kita ing Wahyu 21:1-6a ingkang nyerat bab langit lan bumi anyar. Yohanes nyerat satunggaling pangajeng-ajeng langit lan bumi anyar dipun paringaken déning Gusti Allah kanggé damel pulhipun langit lan bumi ingkang risak. Nuding dhateng ayat 1 lan 2 tuwuh pangertosan bilih langit lan bumi anyar badhé tumurun saking ing swarga sasampunipun langit lan bumi ingkang kapisan dipun-sirnakaken. Pangertosan punika ndamel manungsa nglirwakaken langit lan bumi ingkang wonten samangké (ingkang lami), menawi langit lan bumi ingkang dipun-panggèni wekdal samangké punika morat-marit sarta risak sanget, punika mboten dados punapa amargi mangké badhé dipun-gantos ingkang anyar tuwin saé. Sami kaliyan menawi kita ngginakaken barang sakmaremipun sarta menawi risak tuwin mboten migunani malih kanthi saé, punika mboten dados punapa amargi saget dipun-gantos ingkang anyar. Temahan manungsa mboten preduli malih dhateng langit lan bumi ingkang wonten samangké sarta lestantun ngrisak bumi kanggé kamareman, karemenan, sarta kamurkuning dhirinipun.

Kitab Yohanes kaserat ing salebetipun kawontenan tumindak nindhes ingkang awrat tumrap para pandhèrèkipun Sang Kristus. Ing salebeting panandhang ingkang awrat sanget, Yohanes ingkang ugi nandhang sangsara sarta kinunjara, ngiyataken umat supados panggah ing wekdal ngrekaos amargi wontenipun tumindak nindhes. Umat dipun-kiyataken supados sami puguh wonten ing iman tuwin pangajeng-ajeng kanthi ngantos-antos sampurnaning pakaryanipun Gusti Allah ingkang damel pulih, mboten namung gesangipun manungsa

kauwalaken saking kasangsaran ananging ugi ingkang sarwa dumados (langit dan bumi anyar). Tembung-tembung “saking nginggil” mujudaken pralambang tumrap pakaryaning Allah ingkang katindakaken kanggé pulhipun jagat, pramila mboten prelu dipun pahami bilih badhé wonten langit lan bumi saking nginggil, tumurun nggantos ingkang lami. Yohanes mboten naté kagungan karsa maringi gegambaran ingkang saget dipun sawang mripat, ananging gegambaran ingkang namung saget kasawang kanthi kakiyataning iman. Kula aturi mirsani kadospundi Yohanes ngaosi gesang samangké kanthi nyerat ing ayat 3, "*Delengen, tarubing Allah **ana ing tengahing manungsa, lan Panjenengané bakal dedalem ana ing antarané manungsa.***". Prakawis punika ngantebaken bilih Gusti Allah mboten naté nilaraken umat-Ipun wonten ing geguletanipun ing jagat (ingkang lami punika). Panjenenganipun karsa wonten ing tengahing manungsa kanggé ngéwahi samubarang ingkang pinanggih dados saé. Langit lan bumi ingkang lami punika ingkang dipun éwahi dados anyar ing salebeting pakaryanipun Allah ingkang damel pulih ing antawisipun manungsa. Punika ingkang dipun-udi déning manungsa ingkang pitados dhumateng Gusti Allah (mboten dipun-gantos utawi dipun-lintoni). Tanggapanipun manungsa ingkang kebak katresnan sarta padataning gesang ingkang tanggel-jawab tumrap gesang, dados cara ingkang dipun-pitadosaken déning Allah dhateng kita kanggé ndhatengaken langit lan bumi anyar.

Kanthi makaten waosan kalih punika maringi pangertosan dhateng kita ngengingi nglampahi gesang satimbang. Sumangga kita mangertosi sarta kita lampahi satimbang gesang Kristen dados padataning gesang ingkang tanggel-jawab, mboten namung kanggé dhiri kita piyambak ananging ugi kanggé sesami. mBoten namung kanggé gesangipun manungsa ananging ugi samukawis sadaya dalah saisènipun. Jejibahan ingkang mboten gampil ta? Inggih, pancèn mboten gampil, ananging mboten ateges nglengkara. Kita miwiti saking padataning gesang ingkang grapyak dhateng gesang punika

piyambak minangka timbalaning iman. Ngemataken prakawis punika minangka timbalaning gesang iman Kristen dados wigatos sanget ngantos anggèn kita nglampahi mboten namung amargi preduli dhateng donya, preduli dhateng sesami, preduli dhateng sato kéwan, ananging minangka wujuding karsanipun Allah ing jagat punika. Punika prakawis wewaton ingkang mrebawani sarta nalesi pancasan tuwin tumindak kita. Punika mboten bab padataning gesang ingkang énggal piyambak, ingkang ramé sekedhap tumunten énggal sirna kanthi rerikatan. Punika kedah dados padataning gesang kita ing jagat punika minangka tiyang Kristen ingkang sampun kawilujengaken. Padataning gesang ingkang tansah dipun-udi ngantos wonten tumindak damel pulih ingkang sampurna punika dipun-rawuhaken sarta pangadilan dipun ketingalaken.

Nalika seratan punika kacawisaken, jagat saweg ketaman kasangsan amargi wontenipun pageblug bibit sesakit COVID-19. Mugi wekdaling kasangsan punika sampun kliwat nalika waosan punika kawartosaken ing taun anyar, taun 2021 punika. Kasangsan dados wewangunaning gesang sacara waradin ing sajagat. Wonten marupi-rupi panangkep kanggé nglanggati kawontenan punika. Wonten tiyang ingkang mboten preduli, sarta pitados sawetahipun bilih Gusti Allah badhé ngrampungaken sedayanipun. Wonten ingkang preduli sarta ngupadi bab-bab ingkang saget dipun-tindakaken kanggé ngalang-alangi sumebaripun. Wonten ingkang klelep ing panganggep wontenipun pasekuthon-pasekuthon politik lan ékonomi. Wonten ingkang nanggèpi kanthi nglepataken sagolongan tiyang saking golonganing bangsa ingkang sampun katemtokaken minangka jalaranipun. Panangkep kados mekaten ingkang njalari saya kathahipun tiyang sami mbédak-mbédakaken golonganing bangsa sarta ngrengkuh tiyang sanès ing sanjawining golonganipun kanthi awon. Punika mrihatosaken sanget. Kanyata karisakan sarta kasangsan mboten saget mbereg kita kanggé mbudidaya kakiyataning katresnan ingkang damel pulih ananging ribet wonten ing tumindak ngutamèkaken dhirinipun piyambak, mboten purun

nyawang dhateng kasangsaraning sesami tuwin karisakaning donya. Kawontenan pageblug ngémutaken kita, iba srakah tuwin mboten predulènipun manungsa dhateng donya saisènipun. Émanipun pageblug ugi mboten ndamel kita ngéwahi padataning gesang sarta nglajengaken sikep nglirwakaken punika. Punika temtu mrihatosaken sanget. Menawi ing wiwitaning taun punika wangsul kita dipun-ajak mbiji gesang kanggé ngraosaken dinten-dinten anyar peparingipun Gusti Allah kados taun anyar punika. Sumangga prakawis punika kita isèni kanthi tékad kanggé ngudi satimbang ing gesang Kristen, ndhatengaken dhiri kita dados berkah kanggé sesami, saalam-donya sarta dhiri kita piyambak. Gusti mitulungi.

Amin.

[DVA-DEN]



**KHOTBAH****Minggu Sesampunipun Warsa Anyar***Minggu, 3 Januari 2021*

Waosan 1: Yérémia 31:7-14

Tanggapan: Jabur Masmur 147:12-20

Waosan 2: Éfesus 1:3-14

Injil: Yohanes 1:1-9

**Dados Putranipun Pepadhang****KOTBAH JANGKEP****Dados Putranipun Pepadhang**

Gréja (kawaos: tiyang pitados) punika *ekklêsia* (*èk* = medal; *kaléo* = nimbali); inggih punika tiyang-tiyang ingkang dipun timbali medal saking pepeteng dhumateng pepadhang-Ipun Gusti ingkang ngéram-éramaken (1 Pétrus 2:9). Sesambedan kaliyan prakawis punika, wonten kalih cariyos misuwur wonten ing lampahing gesangipun bangsa Israèl. Kapisan, lelampahan pangentasanipun bangsa Israèl saking tanah pangawulanipun ing Mesir. Kaping kalih, lelampahan wangsulipun kekarèning bangsa Israèl saking tanah pambuwangan (kados ingkang kawecakaken ing Yérémia 31). Kalih lelampahan punika wigatos sanget tumrap gesangipun umat Israèl. Kalih lelampahan punika nyantosakaken kapitadosan bilih Gusti Allah mboten nilaraken umat-Ipun. Kalih lelampahan punika ugi ngantebaken timbalanipun Gusti Allah dhumateng umat-Ipun, supados umat-Ipun mboten

gesang malih ing salebeting pepeteng ingkang sampun dipun pengkeraken. Gesang ing salebetipun pangawulan ing Mesir tuwin gesang ing nagari pambuwangan mujudaken gegambaraning gesang surem, ingkang naté tumama ing gesangipun umat Israèl. Gusti Allah sampun ngasta umat-Ipun medal saking pepeteng punika kanggé lumebet ing gesang anyar ing salebeting pepadhanging-sih-Ipun.

Wonten ing seratipun dhumateng pasamuwan ing Éfesus, Rasul Paulus nélakaken kayakinanipun bilih Gusti Allah sampun miji “kita”, kersanipun Rasul Paulus kaliyan pasamuwan Éfesus. Sarta langkung wiyar malih “kita” ateges sadaya tiyang pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus. Gusti Allah sampun netepaken sadaya tiyang pitados kaangkat dados para putranipun Gusti Allah (Éfesus 1:5). Dados putra-putranipun Allah mboten namung ateges nampi panebusan inggih punika pangapuraning dosa. Dados putra-putranipun Gusti Allah ugi ateges nampi timbalan kanggé:

- 1) Gesang suci tanpa cacat wonten ngarsanipun Gusti Allah (ayat 4). Saben tiyang pitados, sasampunipun nampèni pangapuraning dosa, kedah ngetingalaken gesang ingkang kaanyaraken. Pasamuwan tuwin tiyang pitados kedah mbabar gesang suci, gesang ingkang dipun-sengker tuwin dipun-pisungsungaken kagem Gusti Allah. Gesang ingkang dipun-sengker kagem Gusti Allah ateges gesang ingkang saé, ingkang tanpa cacat. Pisungsunging gesang ingkang makaten mujudaken pakurmatan dhumateng katresnanipun Gusti Allah ingkang sampun kaparingaken dhateng kita wonten ing Gusti Yésus Kristus.
- 2) Dados srana pamujining kaluhuranipun Gusti Allah (ayat 12). Saben tiyang pitados, kedah nyunaraken kamulyanipun Allah lumantar gesangipun.
- 3) Setya nganti-anti ganeping wekdal kanggé nampèni kasampurnaning kawilujengan (ayat 14). Saben tiyang pitados kedah tansah tegen ing iman sarta tansah njagi pangajeng-ajengipun ing Sang Kristus.

Injil Yohanes nepangaken Gusti Yésus Kristus minangka Sang Sabda (ayat 1-3) tuwin Sang Pepadhang (ayat 9). Gusti Yésus Kristus punika Sabda ingkang dados manungsa. Sarta Gusti Yésus Kristus punika Pepadhang ingkang madhang sabèn tiyang. Émanipun, mboten sadaya tiyang purun nampèni Panjenenganipun. “*Nanging sakèhé wong kang nampani Panjenengané iku kaparingan wewenang dadi para putraning Allah, yaiku wong kabèh kang padha pracaya marang asmané, ...*” (ayat 12). Kadosdéné Yohanes Pambaptis kedah neksèni Panjenenganipun (ayat 6-8), pasamuwan sarta tiyang pitados ugi kedah nélakaken paseksi punika wonten ing gesangipun.

Gréja tuwin tiyang pitados kedah dados putra-putranipun pepadhang. Wonten ing Kitab Injil, sebatan putra-putranipun pepadhang kaginakaken kaping kalih déning Gusti Yésus, inggih punika ing Lukas 16:8 tuwin Yohanes 12:36. Ing pérangan kapisan, istilah putra-putranipun pepadhang kaginakaken lelawanan kaliyan putra-putranipun jagat. Déné ing pérangan kaping kalih, putra-putranipun pepadhang kaginakaken sesambetan kaliyan Sang Pepadhang, inggih punika Gusti Yésus piyambak. Dados, putra-putranipun pepadhang punika tiyang-tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus sarta ingkang cara gesangipun bènten kaliyan cara gesangipun jagat.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Pitakènan wigatos kanggé kita raos-raosaken inggih punika: Punapa kita sampun nuhoni timbalanipun Gusti Allah kanggé dados putra-putranipun pepadhang? Bab kayakinan dhumateng Sang Kristus, mbokmenawi sampun mboten prelu dipun kuwatosaken malih. Ananging bab nyunaraken pepadhangipun Sang Kristus, ingkang ateges gesang suci sarta paseksi kagem Gusti kadospundi? Ing satengahipun gedering jagat punika, mbokmenawi kita kesupèn dhateng timbalanipun Gusti punika. Dinten punika kita dipun émutaken malih kanggé mirunggakaken gesang minangka pisungsum konjuk Gusti Allah. Mila, pikiran sarta manah kita kedah tansah ngener

dhumateng Gusti Allah. Saben pangucap tuwin tumindak ing gesang kasaosna minangka pisungsi kagem kamulyanipun Gusti Allah.

Sinten ingkang tinimbalan dados putra-putranipun Pepadhang punika? Sampun temtu mboten namung golongan ingkang sampun katemtokaken kémawon. Ing Yérémiya 31:8 wau, Gusti Allah kagungan sedya ngirid wangsul umat-Ipun saking pambuwangan, “... *panunggalané ana kang picak lan lumpuh, ana wongé wadon kang lagi ngandheg bareng karo kumpulané wong kang nglairaké anak; ...*” Ayat punika ngantebaken kayakinan bilih Allah mboten namung karsa nimbali tiyang-tiyang ingkang kaanggep kiyat sarta sembada kémawon. Ananging ugi karsa nimbali tiyang-tiyang ingkang kaanggep ringkih sarta asring nganggep gesangipun ringkih, “*kula mboten saged punapa-punapa*”. Kita sadaya sampun kadadosaken putra-putran-Ipun, kita tinimbalan nyunaraken pepadhang-Ipun kanthi sawetahing kasagedan kita. Amin.

[ERY-DEN]



**KHOTBAH****Pahargyan Epifani***Rabu, 6 Januari 2021*

Waosan 1: Yesaya 60: 1-6

Tanggapan: Mazmur 72:1-7, 10-14

Waosan 2: Efesus 3:1-12

Injil: Matius 2: 1-12


**Nadyan Kathah  
Pepalang,  
Tetepa Makarya**
**KHOTBAH JANGKEP****Nadyan Kathah Pepalang, Tetepa Makarya**

Ing wulan Juni 2020 kapengker, wonten satunggiling pawartos ngengingi satunggiling prajurit TNI ingkang dados péranganipun Kontingen Garuda XXIII-N/*United Nations Interim Forces in Lebanon* (UNIFIL), ingkang nembé nindakaken ayahan ing wewengkon perbatasan Adisa, sisih kidul Libanon, minangka utusanipun UN (*United Nations – PBB Perserikatan Bangsa-bangsa*). Dipun wartosken bilih para utusanipun PBB kalawau, saged mbatalaken dumadosipun peperangan ing antawisipun Israèl lan Libanon. Para prajurit TNI ngajab supados prajurit Israèl ingkang ngginakaken tank, wangsul dhateng papan dunungipun jumaga. Nalika nindakaken jejibahan ngajab prajurit wangsul kalawau, prajurit TNI ngetingalaken sikep ingkang tenang lan mboten grusa-grusu. Peperangan ingkang mesthinipun nggegirisi punika, wusanipun batal, mboten èstu kaleksanan.

Adeg kaprawiranipun para prajurit TNI punika, katindakaken mboten namung sadremi ngayahi kewajiban kéwala, nanging punika mujudaken upadi kanthi temen-temen andhatengaken tentrem rahayu ing antawisipun bangsa Israèl lan Libanon, ingkang pancèn dados pangajeng-ajengipun sedaya bangsa ing donya punika. Menawi kita sami raos-raosaken kawontenan ingkang satuhu nalika semanten, kita mesthi badhé nglengganani wontenipun pepalang ingkang ageng. Para prajurit TNI punika mesthi kemawon wonten saktengah-tengahing tank punapa déné para prajurit ingkang sikep gegaman jangkep ingkang sampun siaga nindakaken peperangan. Éwasemanten para prajurit TNI kalawau mboten sami nglokro lan lungkrah manahipun, tetep mbudidaya nglairaken swasana tentrem rahayu, nadyan karaos badhé nglaha lan kathah pakaryan ingkang taksih perlu katindakaken.

Pangéjawantahipun Gusti Yésus Kristus ing tengah-tengahipun jagad, ingkang kita pahargya sarana ngawontenaken pangibadah Epifani punika, èstunipun dados salah satunggiling pérangan anggèn kita sami mbudidaya dumadinipun tentrem rahayu saking Allah. Maknaning rawhipun Allah ing Srira Sang Putra ontang-antingipun, dados cihnaning karsanipun Allah ingkang kepareng miwiti paring panebusan dhateng para tiyang dosa, supados sami kaentasaken saking paukuman pati. Dinten punika, kita mahargya dinten Épifani, pramila pawartos ingkang kababar ing dinten punika ugi mratélakaken bab pambudidaya utawi pakaryan anglairaken tentrem rahayunipun Allah ing satengah-tengahipun jagad, nadyan ta kathah pepalang ingkang kedah kita adhepi. Punika sedaya tinalasan paseksi bab pepanggihanipun para tiyang Majus kaliyan sang jabang bayi Yésus ing salebeting tuntunanipun Lintang Wetan.

Épifani piyambak sanès namung pahargyan bab pangéjawantahipun Allah ing Srira Sang Kristus, Sang Sabda ingkang manjalma manungsa, nanging Epifani ugi mujudaken wekdal ingkang kita sedaya kedah wantun medal saking kawontenan gesang ingkang saé lan aman-aman kémawon,

saperlu lumebet ing tanggel jawab dados seksinipun Allah ingkang saged anyariosaken kamulyanipun Allah. Pakaryanipun Allah ngrengkuh gesang kita lumebet ing padhanging katresnanipun, madeg dados conto supados kita tetep wantun makarya kagem Panjenenganipun, sanadyan awit saking punika kita kedah ngadhepi kathah pepalang ingkang saged anjalari kita sedaya kécalan pangajeng-ajeng.

Tiyang Majus tetiga saged pinanggih sang jabang bayi Yésus, awit saking panuntunipun Lintang Wetan. Kita pitados bilih ing sauruting margi ingkang katempuh, tiyang Majus tetiga kalawau mboten kalis saking sedaya pepalang lan rubéda. Raja Herodès ingkang nembé nyepeng panguwasa nalika semanten, ugi dados pepalang lan rubéda kanggé kaleksananipun rancangan kawilujenganipun Allah tumrap manungsa. Herodès dados pribadi ingkang rumaos kaancam awit saking miyosipun Gusti Yésus Kristus, ingkang pancèn winastan sang “panutan” (pemimpin) ingkang badhé ngengèn umatipun Israèl (Mat. 2:6). Raja Herodès kuwatos menawi panguwaosipun karebat, lan piyambakipun kedah lèngsèr keprabon. Nalika Herodès paring dhawuh dhateng tiyang Majus tetiga kinèn nglajengaken lampahipun madosi jabang bayi Yésus, panjenenganipun sampun ngrancang rancangan awon dhateng jabang bayi Yésus. Punika èstunipun dados pepalang kanggé tiyang Majus tetiga, menawi tiyang tetiga punika wangsul malih dhateng sang raja Herodès. Tiyang-tiyang Majus punika mesthi badhé kécalan kabingahan ageng ingkang katampin nalika pinanggih sang jabang bayi Yésus (ay. 10). Éwasemanten, tiyang Majus tetiga punika kalawau, milih setya tuhu dhateng tuntunanipun Allah lumantar impèn katimbang kedah netepi préntahipun raja Herodès. Pramila tiyang tetiga kalawau sami nyimpang margi lan mboten wangsul dhateng raja Herodès (ay. 12).

Kita sedaya èstunipun ugi dados tiyang-tiyang ingkang katimbangan kekésahan ing salebeting lampah, saperlu sesarengan kaliyan Allah manggihaken kabingahan, saha mbekta kabar kabingahan kalawau, tumuju dhateng tengah-

tengahipun jagad, kinanthènan tuntunanipun Allah piyambak. Punapa ingkang katindakaken déning tiyang Majus ketiga, pancèn mujudaken tumindak makarya sesarengan Allah, kanggé milujengaken jagad raya punika. Tiyang Majus ketiga kalawau, sami nyingkiri pepanggihan malih kaliyan raja Herodès kanthi nyimpang margi sanès. Punika mujudaken pakaryan aktip supados jabang bayi Yésus wekasanipun saged nglajengaken pakaryanipun minangka Putra ontang-antingipun Allah ingkang mbirat dosa kita sami.

Saksisihipun pawartos bab peperangan ing wiwitanipun khotbah punika, kathah ugi pawartos ingkang kita pireng saben dintenipun, bab tiyang-tiyang ingkang sami nganyut tuwuh awit ngraos bilih gesangipun mboten wonten paédahipun malih. Punika nuwuhaken raos semplah, nglokro, kécalan pangajeng-ajeng, temah nuwuhaken pepénginan kanggé mungkasi gesangipun. Kosok-wangsulipun, wonten ugi sawetawis tiyang ingkang gesangipun kebak raos greget lan pangajeng-ajeng. Mila lajeng tuwuh krenteg migunakaken gesangipun saksae-saénipun ingkang migunani tiyang kathah. Sikep gesang punika tetéla saged anyasmitani tiyang kathah nindakaken pagesangan ingkang saèstu migunani.

Ibu Térésa, upaminipun, pilih medal saking asrama lan sekolahipun, ngrucat sedaya sandhang panganggé ingkang sarwa éndah kagantos sandhang panganggé ingkang mirah lan prasaja, saperlu ngabdèkaken gesang pribadinipun kanggé nuwuhaken pangajeng-ajeng tumrap tiyang papa lan sèkèng karena sesakit. Ibu Térésa ugi mboten naté ngersakaken dipun èngèt-èngèt minangka tiyang ingkang nyasmitani tiyang kathah awit saking kasaénan manahipun. Kosok-wangsulipun, ibu Térésa namung netepi timbalanipun makarya lan ngadhepi sedaya pepalang kanthi manah ingkang lumadi dhateng Allah.

Tiyang Majus tetiga saged pinangggih kaliyan jabang bayi Yésus ugi karena milih lan manut tuntunanipun Allah piyambak, minangka Sang Padhang. Kita sedaya sampun kaparingan jati dhiri déning Sang Kristus lan padhangipun Sang Kristus nyunari kita tansah. Awit saking sedaya punika, kita

sedaya mesthinipun saged suka tuladha ingkang saé ing tengah-tengahing jagad punika, lan mboten kosok-wangsulipun. Kanggé ancas tujuan punika, wiwit wiwitan mila manungsa katitahaken supados saged nyunarken kamulyanipun Allah minangka gambar lan citranipun Allah piyambak (Pur.Dum 1:26-28).

Wiwit wiwitan tahun 2020, sawernining panandhang tansah lumintu sinandhang déning bangsa Indonesia, malah ugi jagad punika. Wiwit wontenipun banjir ing sawetawis dhaérah, kalajengaken déning pandhemi covid 19 ingkang ndadosaken saben tiyang, bebadan malah ugi pasamuwan sami ngetrapkan gesang miturut tata pakulinan énggal, kalebet ugi nalika kedah nindakaken pangibadah dhateng Gusti. Momotan gesang ingkang awrat tumrap kita sedaya samangké, sanès bab banjir punapa déné pandemi covid, ananging ngerèh lan mranata gesang pribadi kita piyambak-piyambak. Kita sedaya sami katantang gumrégah tangi lan makarya minangka manungsa ingkang kinasihan déning Allah.

“Sami gumrégaha, sami dadosa pepadhang, awit pepadhang lan kamulyanipun Allah, nyunari panjenengan sedaya!” Inggih punika tembung pambuka ingkang dipun paringaken dhateng kita lumantar Yesaya 60 kanggé mbuka gregeting gesang kita sedaya. Tembung panggigah punika sampun kaparingaken dhateng tiyang-tiyang ingkang nembé ngraosaken ruwet rentenging manah, tiyang-tiyang ingkang gesangipun ginubel ing raos sedhik tanpa wonten pepethèn ingkang gumathok, tiyang-tiyang ingkang manahipun kapenuhan ing kaprihatosan ingkang wanter. Sanès wekdal ingkang prayogi malih kanggé kita namung sedheku tangkep asta, nggrantes, nélakaken memelasing pasuryan, mbegegeg nggetuni memalaning jagad samangké punika. Jagad punika pancèn kalimputan ing pepeteng, nanging Gusti Allah mboten badhé marengaken pasamuwanipun kécalan pangajeng-ajeng lan kalimput ugi ing salebeting pepeteng. Rohipun Allah badhé tansah natang lan nggesangaken kita sami.

Awit saking punika, sami gumrégaha! Sami dadosa pepadhang! Èbekana bumi punika kanthi jati dhiri kita minangka pepadhang, ingkang lahir saking tuntunanipun Sang Lintang Wetan. Saged kémawon kita mboten darbé raja brana ingkang kathah, punapa déné sanjata kanggé mranata lan nguwaosi jagad punika. Pancèn, èstunipun kita ugi mboten kedah nguwaosi sesami kita setunggal mbaka setunggalipun. Namung Gusti Allah kéwala ingkang èstunipun jumeneng dados panguwasa gesang kita sami, punapa déné samukawis ingkang gumelar wonten ing jagad punika. Namung kémawon, minangka tiyang-tiyang ingkang sampun nampèni pakaryan panebusanipun Sang Kristus, kita mesthinipun saged lan ugi badhé tansah saged ngèbeki jagad punika kanthi sedaya kasaénan ingkang asal usulipun namung saking Allah piyambak, satemah jagad punika inggih badhé sangsaya éndah ing pandulu.

Épifani ngèngetaken kita sedaya bab pakaryan kawilujenganipun Allah tumrap jagad. Rawuhipun Gusti kapralambangaken minangka pepadhang kaswargan. Sang Padhang mbekta éwah-éwahaning gesang anyar. Panjenenganipun rawuh saperlu njugrugaken témbok-témbok sesinggetan ingkang kita cipta sarana anggèn kita sami sengit dhateng sesami. Panjenenganipun rawuh ngasta pepadhang ing satengah-tengahing pepeteng, awit saking raos sengit lan srèi. Sarana punika sedaya, mila janji kawilujenganipun Allah sampun dipun jangkepi, lan punika ugi dados pratandha anggènipun Allah asih dhateng jagad lan saisinipun. Sarana rawuhipun wonten ing jagad, katresnan dalah suka renaning galihipun Allah, kepareng njamah jagad ingkang nistha lan kebak rereged punika. Lumantar sikep lembah manahipun, Panjenenganipun karsa nyapa aruh kita sami, minangka tiyang dosa ingkang ndableg punika. Panjenenganipun nedahaken dalah nuntun kita sedaya ing salebetipun nyipta tentrem rahayu ing gesang padintenan, nadyan kathah rubéda lan pepalangipun. Gusti Allah piyambak badhé tansah rawuh nuntun kita sedaya, supados kita saged ngrampungni saben

pepalang lan rubéda sauger kita sedaya tetep madhep mantep  
ing pracaya dhateng Panjeneganipun.

AMIN.

[BSNW/YTD]





**KHOTBAH**  
**Minggu Baptisan Yesus**  
*Minggu, 10 Januari 2021*

Waosan 1: Pur.Dumadi 1:1-5  
 Tanggapan: Mazmur 29  
 Waosan 2: Lelak. Para Rasul 19:1-7  
 Injil: Markus 1:4-11



**Roh Suci lan**  
**Baptisan**



**KHOTBAH JANGKEP**

**Roh Suci lan Baptisan**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Menawi kita sami dipun takèni: punapa ta tegesipun baptisan punika, saged kémawon wangsulan kita manéka warni. Wonten ingkang suka wangsulan bilih baptisan punika “cap”. Wonten ugi ingkang suka wangsulan bilih baptisan punika prajanjian kaliyan Gusti. Wonten malih ingkang suka wangsulan baptisan punika sakramèn ing salebeting pasamuwan. Mesthi kémawon sedaya wangsulan kalawau mboten lepat. Nanging menawi kita sami dipun takèni malih sangsaya lebet bab maknanipun baptisan tumrap gesang kita, punapa wangsulan kita?

Sumangga kita miwiti suka wangsulan kanthi ndhasaraken ing waosan sepisan kita kalawau. Ing kitab Purwaning Dumadi bab setunggal, kagambaraken pribadinipun Allah ingkang nindakaken pakaryan nyipta, minangka tandha kamulyanipun. Ing mriku pribadinipun Allah kagambarakan sacara ngéramaken, saha ndarbèni watak ingkang kaèbèkan déning sawarning kasaénan. Panjenenganipun dipun éjawantahaken dados sumbering gesang, ingkang nyipta wontenipun pepadhang ing satengah-tengahaiing pepeteng lan kawontenan campur bawur. Miturut kasunyatanipun, Allah

punika saé, lan ngersakaken sedaya prekawis ingkang cecaketan kaliyan Panjenenganipun ugi kadunungan watak saé.

Raos cecengklungen kepingin mirsani sedaya prekawis saé, taksih kalajengaken nalikanipun Allah nitahaken manungsa. Panjenenganipun ngersakaken supados manungsa ingkang katitahaken punika wekasanipun ugi tumut makarya sesarengan Allah, nyipta lan andhatengaken sedaya prekawis ingkang sarwa saé. Mila mboten nggumunaken menawi manungsa kapapanaken minangka mitranipun Allah ing salebeting mangun gesang kebak kasaénan ing sedaya mangsa lan wekdal. Inggih greget ingkang mekaten punika, ingkang tansah karimat déning Allah lan kaupadi saged katanemaken ing gesangipun manungsa.

Eman sanget déné ing sauruting lampah gesangipun, manungsa dhumawah ing dosa. Greget ingkang dipun tanemaken déning Allah ing gesangipun, luntur sesarengan kaliyan ngrembakanipun hawa nepsu ingkang mboten cundhuk kaliyan timbalanipun Allah. Inggih awit saking dosa, manungsa sami kécalan kekiyatan nindakaken kasaénan, punapa déné kécalan ugi kasagedanipun nyipta sesarengan kaliyan Gusti Allah sedaya prekawis ingkang saé.

Nadyan mekaten, Gusti Allah mboten badhé négakaken manungsa dosa kalawau. Lumantar Sang Kristus, Panjenenganipun nepangaken margi wangsul dhateng adeg kamanungsan ingkang sakawit. Rawuhipun Sang Kristus dhateng jagad, mratandhani pakaryan agungipun Allah anggènipun badhé ngrangkul manungsa dosa, supados saged makarya malih sesarengan Allah, mangun gesang ingkang wetah lan sinengker ing kadrajan.

Manungsa ingkang sami mitados Gusti Yésus Kristus minangka Juru wilujeng, salajengipun sami nglampahi kabaptis. Lumantar baptisan punika, dipun pitadosi bilih tiyang kalawau kalebetaken manjing dados brayat Kratoning Allah. Tegesipun, tiyang kalawau kawangsulaken malih ing salebeting patunggilan kaliyan Allah.

Baptisan ing wekdal semanten linadosan srana nylulupaken tiyang ingkang kabaptis ing salebeting lèpèn, kados ingkang ugi katindakaken déning Yohanes Pembaptis. Toya ingkang kadadosaken lambang baptisan, dipun maknani dados sarana ingkang sipatipun ngresiki. Ing babagan punika, ingkang karesikan inggih punika dosanipun manungsa.

Sanadyan mekaten, perlu dipun mangertosi bilih tiyang-tiyang ingkang nalika semanten kabaptis déning Yohanes Pembaptis, dèrèng sedayanipun nglengganani maknaning baptisan kalawau. Punika sababipun ing waosan kita ingkang kaping kalih, Rasul Paulus pitakèn dhateng sawetawis tiyang ing Efesus, ingkang nyebat dhirinipun “murid” kanthi pitakènan: “panjenengan sami kabaptis nganggé baptisan punapa”? Tiyang-tiyang kalawau sami atur wangsulan: “nganggé baptisanipun Yohanes”. Wangsulan punika dados dhasar kanggé rasul Paulus perlunipun paring katerangan bab maknaning baptisan Yohanes katindakaken, inggih punika minangka lambanging pitobat. Saksishipun punika, Rasul Paulus ugi rumaos prelu nerangaken prelunipun nindakaken baptisan ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, lan mboten sadremi namung ngetingalaken wohing patobat ing salebeting tumindak padintenan.

Inggih awit saking punika mila rasul Paulus lajeng ngladosaken baptisan ing Asmanipun Gusti Yésus dhateng tiyang-tiyang kasebat (ayat 5). Panjarwinipun kitab TB (terjemahan Baru/jarwen anyar) nélakaken “ing Asmanipun Gusti Yésus” ingkang ndarbèni prabèda ingkang wigatos. Baptisan ing Asmanipun Gusti Yésus, ngandhut makna “nglebetaken”, inggih punika nalikanipun tiyang sami kabaptis, tiyang kalawau lajeng sacara wetah tumut cawé-cawé ing bot repotipun para kanca patunggilanipun. Piyambakipun dados péranganing brayat ingkang mboten saged kapisahaken saking sedaya ombyaking gesang tetunggilan kalawau. Gesang sakwetahipun inggih lajeng dipun jiwani déning jiwaning gesang patunggilan kasebat.

Cara mbédakaken gesang ingkang mekaten punika saged kelampahan srana conto ingkang mekaten. Menawi satunggiling tiyang nyambut damel “ing salebeting” perusahaan (minangka karyawan), mila piyambakipun inggih lajeng tinangsulan (kaiket) déning perusahaan kasebat. Piyambakipun kedah masrahaken manah dalah jiwa raga sawetahipun dhateng perusahaan kalawau, awit menawi mboten mekaten, menawi perusahaanipun ngalami rugi, piyambakipun ugi badhé kapitunan. Béda menawi piyambakipun namung magang kémawon, piyambakipun pancèn nyambut damel ing perusahaan punika, namung kémawon mboten kedah masrahaken sawetahipun manah, jiwa lan raganipun (malah ngantos ngurbanaken dhiri, upaminipun) kanggé tumindak dhemi perusahaan kalawau.

Inggih mekaten punika paugeran bab baptisan ingkang dipun tetengenaken kanggénipun tiyang Kristen. Baptisan sanès sadremi kalenggahan utawi jati dhiri, nanging ugi magepokan kaliyan tanggal jawab minangka warga brayat kratonipun Allah. Sarana kabaptis ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, saben tiyang pitados nglengganani bilih piyambakipun sampun lumebet ing gesang kados ingkang ugi dipun lampahi déning Kristus – ingkang ndadosaken Allah Rama karenan (Markus 1:11)

Ing waosan ingkang pungkasan dipun télakaken bilih Allah Rama karenan dhateng Sang Putra. Punika dados margi tumrap Yohanes Pembaptis, nepangaken baptisan ing Asmanipun Gusti Yésus. Yohanes mulangaken baptisan Roh ingkang kelampahan lumantar baptisan ing Asmanipun Gusti Yésus. Inggih baptisan ingkang mekaten punika ingkang kaajab saged maringaken makna tumrap gesangipun manungsa. Baptisan ingkang mitulungi manungsa saged ngraos- ngraosaken kanthi satuhu, sinten ta kula punika, saha punapa tanggal jawab kula wonten ing pakaryanipun Allah ingkang tan kendhat nyipta. Baptisan ingkang anjalari tiyang pitados nglengganani bilih piyambakipun wonten ing Sang Kristus, mekaten ugi Sang Kristus wonten ing dhirinipun, ingkang mbereg supados tansah nyipta sesarengan kaliyan Allah Rama

adhedhasar karsa lan kasaénanipun. Ing salebeting pangertosan ingkang kados mekaten punika, mila baptisan saèstu saged ndayani gesang punika, satemah saben tiyang ingkang sampun kabaptis saèstu mangertosi maknaning baptisan ingkang katampi.

Sugeng ngraos-ngraosaken dalah ngayati maknaning baptisan panjenengan lumantar pèngetan baptisipun Gusti Yésus ing dinten punika. Mugi-mugi gesang panjenengan ngalami éwah-éwahan ingkang saé kagem kamulyanipun Gusti. Amin.

(YNWA/YTD)





# **BAHAN LITURGI**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



## Liturgi Minggu Advèn 1

Minggu, 29 Nov. 2020



## PADHA NDEDONGAA LAN MELÈKA!



### Katrangan:

PL: Palados Liturgi; U: Umat;

PS: Palados Sabda; P: salah satugaling warga Pradata; L: Lektor

### Pacawisan

- Wekdal ening, pandonga pribadi.
- Loncèng sepisan, para palados ndedonga ing konsistori.
- Loncèng kaping 3, pangayubagya sugeng rawuh lan sugeng ngibadah déning PL.

### Timbalan Ngibadah (Lenggah)

PL: Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti. Sesarengan kaliyan pasamuwan ing salumahing bumi dinten punika kita lumebet ing Minggu Advèn kapisan. Nandhani wiwitaning Minggu Advèn kapisan, sumangga kita sami ndhèrèk ing prosèsi panyumeting lilin advèn.

(panyumeting lilin advèn *kairingan instrumental: KPK 210*)

Lilin kapisan simbol pangajeng-ajeng. Kados sabdanipun nabi, “*Bakal ana sogol thukul saka tunggaké Isai, kang bakal jumeneng ngerèh para bangsa, iya Panjenengané iku kang bakal dadi pangarep-arepé para bangsa.*” (Rum 15:12, Yésaya 11:10).

Minggu Advèn-1 punika ngèngetaken kita bab rawuhipun Krisus Sang Panebus. Mangga kita ngantos-antos kanthi

kebak ing pangajeng-ajeng sinambi nyawisaken dhiri ing pamratobat supados sembada anggèn kita methukaken Panjenenganipun.

*“Muga-muga Gusti Allah, etuking pangarep-arep, maringana ganjaran marang kowé kabèh sagunging kabungahan sarta tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu, supaya kowé padha sugiha pangarep-arep marga sawabing Sang Roh Suci.”* (Rum 15: 13)

*(PL nyumet lilin advèn-1, kalajengaken ngajak Pasamu-wan jumeneng ngidungaken Kidung Pambuka).*

### **Kidung Pambuka (Jumeneng)**

*(Para pelados lumebet ruwang pangibadah)*

U: *(Ngidungaken KPJ 31:1,2)*  
SWAWI PRA SUCI NYAWIJI

Swawi pra suci nyawiji tunggal ati,  
sami ngabekti memuji mring Gusti.  
Ajrih sumelang, sedhik lan kasangsaran  
ginantos kabegjan sihing Pangéran.

Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbèngrat  
Ngétang mukjizat lan gunging sih-rahmat.  
Lubèring berkah sing swargi tansah tumrah,  
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

### **Votum lan Salam**

PS: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: AMIN.

PS: Sih-rahmat lan tentrem-rahayu nunggil kaliyan para sedhèrèk sedaya!

U: LAN NUNGGIL KALIYAN PAJENENGAN UGI.

### **Kidung Pamuji (Lenggah)**

U: *(Ngidungaken KPJ 91:1-3)*  
SALIR WONG PRACAYA

- 1) Salir wong pracaya ywa urip sembrono.  
Sih-rahmaté Gusti samya dèn tampèni.  
Nadyan lelahanan, nging sih kanugrahan;  
yéku kurban sejati, Sang Kristus Gusti.
- 2) Kaslametanira bisa ilang sirna,  
yèn sira sembrono nglirwakken sabdanya.  
Mula dèn tumemen klayan geter, wedi,  
nggonira manut Gusti, putrèng Hyang Widi.
- 3) Wong pracaya samya ditansah waspada.  
Dosa wah panggodha énggal dènkalahna.  
Tampanana sih-rahmat sarana pitobat;  
antuka tentrem-mulya nèng Gustinira.

### **Pangakening Dosa**

PL: Kawula punika sinten dhuh Gusti temah Paduka anggep sembada linggih ing ngarsa Paduka srana manganggè sepatu? Kawula punika rak lempung ingkang Paduka wangun saèmper kaliyan citra Paduka? Paduka mapanaken kawula mulya sanget ing ngarsa Paduka. Kamangka kawula mangertos, maèwu-èwu dosa panerak kawula ingkang naton manah Paduka.

U: *(Ngidungaken KPJ 45:1, kanthi panalangsa)*  
ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.  
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Kawula punika sinten dhuh Gusti déné Paduka anggep sembada linggih ing ngarsa Paduka srana manganggè sepatu? Kawula punika mangertos, bilih kawula punika lebu lan badhé wangsul dhateng lebu. Pramila sampun

mirsani sepatu kawula dhuh Gusti, awit Paduka pirsu ing suwaliking sepatu ingkang nutupi dlamakaning suku kawula kebak regeding dosa kawula. Punika pangaken kawula pribadi ingatasing dosa panerak kawula: .....  
(*wekdal ening sawetawis, umat kaaturan ndedonga sacara pribadi*).

U: (*Ngidungaken KPJ 45:2, kanthi panelangsa*)

Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Kados pangandika Paduka, nalika Putraning Manungsa datang kembali membelah langit lalu turun dari awan-awan gelap yang menutupi bumi; saat semua itu terjadi janganlah lupakan kami. Ya Tuhan, ampunilah dosa pelanggaran kami, dan terimalah tobat kami.

U: (*Ngidungaken KPJ 45:2, kanthi panelangsa*)

Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.  
Reribet lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti

### **Sih-rahmat lan Pangapunten**

PS: *“Muga Gusti Allah kang kagungan tentrem-rahayu nucèkake kowé ing sasampurnané lan muga roh, jiwa lan badanmu rineksa becik klawan tanpa cacad, bésuk rawuhé Gusti Yésus Kristus Gusti kita. Panjenengané kang nimbali kowé iku setya tuhu. Panjenengané iya bakal ngleksanani.” (1 Tésalonika 5:23-24)*

U: Puji Sokur konjuk Gusti.

PS: *“Rahayu wong kang padha kaapura paneraké lan kang kaaling-alingan dosa-dosané” (Rum 4:7).*

U: Amin.

### **Kidung Sokur (Jumeneng)**

U: (*Ngidungaken KPJ 78:1-3*)

IBA BEGJAKU

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;  
 Aku tebusan kagungané; anyar uripku krana rahé  
*Reff.:* Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya  
 Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya.
  
- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu,  
 temah sampurna kabungahanku  
 Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihé Gusti.  
*Reff.:*
  
- 3) Dakaturaké jiwa raga marang Gustiku, atiku lega  
 Klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahnaté.  
*Reff.:*

## PALADOSAN SABDA

### Pandonga Nyuwun Tuntunaning Roh Suci (Lenggah)

PF: *(ngunjukaken pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci)*

### Pamaosing Kitab Suci

L: *(Maos Yésaya 64:1-9, kapungkasan srana ukara)*  
 “Mekaten Sabdanipun Gusti.”

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

L: *(Maos Masmur 80:1-7, 17-19 sacara litani kaliyan umat)*

L: *(Maos 1 Korintus 1:3-9, kapungkasan srana ukara)*  
 “Mekaten Sabdamipun Gusti.”

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

PS: (Pasamuwan kaaturan **jumeneng**)

Punika Injiling Gusti Yésus Kristus miturut Markus 13:24-37 *(kapungkasan srana ukara)* “Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu para sedhèrèk ingkang mirengaken

Sabdanipun Gusti lan nindakaken sabda punika. Maranata!”

U: *(Ngidungaken)* “MARANATA! 3X”

### **Khotbah (Lenggah)**

PF: *(Ngandharaken khotbah kanthi jejer, “Padha ndedongaa lan Melèka! Dangunipun khotbah mboten langkung saking 20 menit)*

### **Wekdal Ening**

#### **Pangakening Pitados (Jumeneng)**

P: *(tumrap pasamuwan-pasamuwan ingkang sampun kulina, saged kawiwitan kanthi pitembungan: Srana nggegem asta tengen katèmpèlaken ing jaja kiwa, minangka tandha teguh lan anggèn kita kukuh lan sumadya nyepengi kapitadosan); sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sauruting abad dan papan, mangga kita ngucapaken pangakening kapitadosan miturut Pangaken Pitados Rasuli.*

U: KAWULA PITADOS... (Isl.)

#### **Pandonga Safaat (Lenggah)**

PS: *(Ngunjukaken pandonga safaat, kapungkasan kanthi ukara) “Mugi Gusti njurungi pandonga kawula; awit namung dhumateng Paduka kawula ngajeng-ajeng. Ing asmanipun Gusti Yésus Putra Paduka kawula nyuwun berkah. Inggih Panjenenganipun ingkang mulang kawula ndedonga: ...”*

U: *(Ngidungaken “Donga Rama Kawula” KPK lami 50:1-3)*

- 1) Dhuh Rama kwula ing suwarga asma Tuwan sinucèkna Kraton Tuwan mugi rawuha ing sawradinipun donya Karsa Tuwan kalampahana ing bumi kadya ing swarga Kula mugi piningana tedha kula sadintenna.

- 2) Tuwan mugè karsa ngaksama sagunggung klepatan mami  
Kados-déné kula ngapura klepatanira sasami  
Punapa malih sampun ngantos kula kénging ing panggodha  
Kawula Tuwan uwalaken saking pangawak dursila.
- 3) *(punika mawi lagunipun ingkang wekasan)*  
Wit déné Tuwan kang kagungan karaton saha wisésa  
Wah malih kamulyan kang langgeng ing salaminipun.  
Amin.

### **Pangucap Sokur/Pisungsung**

- M: Mangga kita sami nélakaken atur panuwun dhumateng  
Gusti srana ngaturaken pisungsung adhedhasar piwulang  
Kitab Suci saking 1 Petrus 2:5,  
“Sarta kowé dhéwé iya padha dikaya watu urip, kang diang-  
go mbangun padaleman kasukman minangka kaimaman  
kang suci, kang nyaosaké pisungsung kasukman kang  
katrimah ing Allah marga déning Gusti Yésus Kristus.”
- U: *(Ngidungaklen KPJ 157:1-3)*  
CAOSNA PISUNGSUNGMU

- 1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan  
Klayan lilaning ati klawan legawa  
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.  
*Reff.:* Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah,  
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan  
sarana samubarang saisining bumi,  
jer sih-rahmating Gusti tansah binabarna  
*Reff.:*

*(Nglempakaken pisungsung kairingan instrumental PKJ  
146. Sasampunipun rampung, pasamuwan kaaturan  
**jumeneng lan ngidungaken** pada 3)*

- 3) Pisungsong kagem Gusti dadia sarana amrih Kratoning Allah énggal lumampah tentrem miwah rahayu. Gusti kang aparing  
*Reff.:*

M: (*Ngunjukan pandonga sokur/pisungsong*)

### **Pamaosing Warta Utami (Lenggah)**

M: (*Maos Pawartosing Pasamuwan ingkang wigatos*)

### **Pangutusan (Jumeneng)**

M: Mangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi ngidung kidung pangutusan.

U: (*Ngidungaken KPJ 447: 1-3*)

PARA ABDINING GUSTI

- 1) Pra abdining Gusti, padha prayitna  
Ing perang rohani, ywa kongsi léna,  
ngrasuka kayektèn wah kaadilan,  
sanadyan tumiba ing kasangsaran.  
*Reff.:* Yekti iblis culika lan julig maéka  
Ditegen ndedonga, Gusti kang ngreksa
- 2) Pra putraning Allah, padha dèn panggah setya dados seksi Injiling Allah.  
Nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati manteb ing pracaya tumekèng pati  
*Reff.:*
- 3) Pra wong kang pracaya, ditunggal sedya.  
nyirik pasulayan, mbangun katresnan.  
Sangkal-sinangkula bot-répotira  
amrih roh piala sirep dayanya.  
*Reff.:*

- PS: Eterna manah dhumateng Gusti lan mandenga jagad!  
U: KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG GUSTI LAN MANDENG JAGAD.  
PS: Dadosa seksining Sang Kristus!  
U: KAWULA SIYAGA DADOS SEKSINIPUN.  
PS: Pinujia Gusti,  
U: SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN!

### **Berkah**

- PS: Nampénana berkahipun Gusti!  
*“Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wedanane marang kowé (kita), lan maringana sih-rahmat. Pangéran Yehuwah muga karsaa mungkulaké wedanane maraang kowé (kita), lan maringana tentrem-rahayu.”*  
U: (Ngidungaken) MARANATA! 5X. AMIN 3X.

(AUW/WMS)





**Liturgi  
Minggu Advèn II**

**Minggu, 6 Dhés. 2020**



**Pacawisan  
Methukaken  
Rawuhipun  
Gusti**



### **PACAWISAN**

- Wekdak ening /pandongga pribadi
- Bèl kapisan kaungelaken
- Bèl kaping kalih kaungelaken ambal kaping 3, PL lumebet ruwang pangibadah
- PL ngucapaken salam

### **TIMBALAN KANGGÈ NGIBADAH**

PL: Ing kawontenan ening, sumangga kita ngasoraken dhiri lan mbikak manah kanggé mlebet ing Minggu Advèn kaping kalih. Sumangga kita ngraos-ngraos-aken malih pangandikanipun nabi Yésaya:

“Delengan, Aku ngutus utusan-Ingsum ndhisiki Panjenengané, kang nyawisaké margi kagem Panjene-ngané; ana swara kang nguwh-uwuh: nyawisna margi kagem Sang Yéhuwah ana ing pasamunan, ngencengna dalan gedhé kagem Allah kita.”

### **PANYUMETING LILIN**

PL: Lilin kaping-2 simbol kapitadosan.  
Lilining kapitadosan punika mralambangaken sih-rahmatipun Allah ingkang wonten ing gesang kita.

Srana iman, kita pitados bilih Allah nitahaken samukawis lan maringi kawilujengan dhumateng umatipun.

### **KIDUNG PROSÈSI MLEBET**

(jumeneng)

KPJ 231:1-2 KADOS PUNDI DHUH GUSTI

[1] Kados pundi dhuh Gusti nggèn kula sung urmat  
methukken klayan puji mring Ratuning jagad?  
Mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci  
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

[2] Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga  
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra jalma,  
tumut nandhang sangsara ngrembat kasusahan  
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

### **VOTUM**

PS: Pangibadah mirunggan Advèn kaping kalih punika kita  
wiwiti srana pangaken bilih pitulungan kita punika  
wonten ing asmanipun Gusti Allah, ingkang nitahaken  
langit lan bumi.

U: AMIN

### **SALAM**

PS: Katentremanipun Sang Kristus nunggil kaliyan (kita)  
panjenengan

U: UGI NUNGGIL KALIYAN PANJENENGAN

### **PANUNTUN**

(lenggah)

PL: Lumebet ing Minggu Advèn kaping-2, kita katimbangan  
nyawisaken dhiri lan gesang kita kanggé methukaken  
rawuhipun Gusti srana gesang wonten ing salebeting  
pamratobat. Kadosdéné Yohanes Pambaptis nguuh-  
uwuh wonten ing satengahing pasamunan, sapunika

kita ugi katimbangan supados ngèngetaken tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita srana ngucap: *“Padha mratobata lan masrahana dhiri kabaptis, lan Gusti Allah mesthi paring pangapunten tumrap dosamu.”*

### **KIDUNG INTROITUS**

*KPJ 231:3* KADOS PUNDI DHUH GUSTI

- [3] Punapa kang njalari. Dhuh Ratu kang mulya.  
Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa?  
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,  
Lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

### **PANGAKENING DOSA**

PL: (Maos Markus 12:28-34)

### **KIDUNG PANGAKENING DOSA**

*KPJ 49:1-2* GUSTI KANG MAHAWILASA

- [1] Gusti kang Mahawilasa mugè paring aksama.  
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;  
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.  
Temah tan ngraosken tentrem  
wah malih gesang langgeng.
- [2] Gusti Inggang Mahatresna, mugè ngruwat kawula;  
temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti.  
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.  
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PL: (Maos Markus 1:7-8)

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti!

U: SOKUR DHUMATENG GUSTI ALLAH.

### **SALAM TENTREM-RAHAYU**

(jumeneng)

**PS:** Sumangga kita pratélakaken sokur kita srana sami-déné

sesalaman utawi asikep namasté kanthi ngucapaken salam tentrem-rahayu.

### **Umat ngidung KPJ 158:1 “Ditansah pada Bungah”**

Ditansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,  
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.

*Reff.:* Tansah bungah ing patunggilaning Gusti,  
Tansah bungah wit sinung gesang sejati.

### **KIDUNG TANGGAPAN**

KPJ 153 : 1-2 GUSTI YÉSUS KRISTUS

[1] Aku mesti nyaritakna bab Yésus Sang Pamarta  
Pepadhang ing jagad nyata Putrèng Allah Makwasa  
nggih jatining kayektosan wah malih kauripan  
margining tyang dugèng swargi Imam Agung sejati  
Sang Pangèn, Panebus jalma Pantaraning manungsa.

[2] Aku mesti nyaritakna bab Yésus Sang Pamarta  
yéku Sang Kristus Masuci Gustining sagung Gusti,  
Ratuning salir pra ratu nggih Sang Guru satuhu  
Sabdèng Allah kang manjalma dadya putrèng manungsa  
nggih ugi cempéning Allah Abdining Sang Yéhuwah.

### **PALADOSAN SABDA**

(lenggah)

#### **Pandong kanggé paladosaning sabda**

#### **Waosan I**

L: Mekaten sabdanipun Gusti

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

#### **Masmur Tanggapan**

L: (Maos Masmur 85:1-2, 8-13 sacara litani)

**Waosan II**

L: (Maos 2 Pétrus 3:8-15)  
Mekaten sabdanipun Gusti

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

**Waosan Injil**

PS: (Maos Markus 1:1-8)

Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Inggang rahayu punika inggang sami mirengaken Sabdanipun Gusti lan inggang ngrimati sabda punika.

U: (*ngidungaken*) MARANATA 3x

**Khotbah** “Pacawisan Methukaken Rawuhipun Gusti”

**Wekdal Ening****PANGAKEN PITADOS**

(jumeneng)

PL: Sumangga kita ngénggalaken kapitadosan sesarengan para pitados ing salumahing bumi lan ing sauruting jaman srana mratélakaken Pangaken Pitados inggang kita kidungaken sesarengan KPJ 122:1-4 “Kula Pitados”

- [1] Kula pitados ing Allah Sang Rama kang Makwasa inggang nitahaken langit lan bumi saisinya  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus Kang Putra ontang-anting lan kekasih Gusti Pamarta kula
- [2] Kang sampun kabobotaken sing kwané Roh Suci; miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit kala Pontius Pilatus inggang ngasta bupatiya; sinalib nglampahi séda, tumedhak ing antaka.
- [3] Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah dhateng swarga apinarak nèng tengenipun Allah Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh, Angadili tiyang inggang gesang lan inggang pejah,

- [4] Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun  
Pasamwan Kristen satunggal kang suci sarta umum.  
Panunggilané pra suci, pangapuntinging dosa,  
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

### **PANDONGA SAFAAT**

(lenggah)

### **PALADOSAN PISUNGSUNG**

**PL** : (Maos Rum 12:1-2)

### **KIDUNG PISUNGSUNG**

KPJ 157 “Caosna Pisungsummu”

- [1] Caosna pisungsummu anèng pasamuwan  
Klayan lilaning ati klawan legawa  
Aturna pisungsummu kanthi sukarena  
*Reff.:* Caosna pisungsummu dadya cihnaning bungah,  
minangka panuwunmu, wit sihing Allah
- [2] Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan  
sarana samubarang saisining bumi,  
jer sih-rahmating Gusti tansah binabarna.  
*Reff.:*
- [3] Pisungsum kagem Gusti dadia sarana  
amrih Kratoning Allah énggal lumampah  
tentrem miwah rahayu. Gusti kang aparing.  
*Reff.:*

### **Pandong Pasrahan Pisungsum**

(jumeneng)

### **KIDUNG PANGUTUSAN**

KPJ 153:3 “Gusti Yésus Kristus”

- [3] Aku mesti nyaritakna bab Yésus Sang Pamarta  
panutaning tyang pracaya nggih Ratu Adil nyata.  
Sang Alpha lan Sang Oméga Pangrèh jagad lan swarga,

sesrahang pasamuwan sarta sumbering gesang,  
Hakim ing dinten wekasan  
tan datan mawang mring tyang.

### **BERKAH**

PS: Eterna manah dhumateng Gusti.

U: KAWULA SAMI NGENERAKEN MANAH DHUMATENG GUSTI.

PS: Dadosa seksining Sang Kristus.

U: KAWULA SIYAGA DADOS SEKSINIPUN SANG KRISTUS

PS: Pinujia Allah Sang Rama, Putra, lan Sang Roh Suci.

U: SAPUNIKA LAN SALAJENGIPUN.

PS: “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang (kita) kowé, lan ngayomi (kita) kowé; Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wedanané marang (kita) kowé lan maringana sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah muga kersa nungkulaké wedanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem-rahayu.”

U: AMIN.

### **KIDUG PROSÈSI MEDAL**

KPJ 144 : 1, 4 YÈN NUNGGIL LAN GUSTI

[1] Yèn nunggil lan Gusti rintén dalu  
manah langkung tentrem arahayu

*Ref.:* Kula angantos Gusti siyang klayan ratri

Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mberkahi.

[5] Yèn nunggil lan Gusti saged ngertos

Kang dados karsanya ing sayektos

*Reff.:*

[AW/WMS]





**Liturgi  
Minggu Advèn 3**

**Minggu, 13 Dhés. 2020**



## **Asung Paseksi Bab Sang Padhang**



### **PACAWISAN**

- Wekdal ening /pandongga pribadi
- Bèl kapisan kaungelaken
- Bèl kaping kalih kaungelaken ambal kaping 3 , PL mlebet ing ruwang pangibadah,
- PL ngucapaken salam

### **TIMBALAN NGIBADAH**

PL: Lumbet ing Minggu Advèn kaping-3 mugimu kabingahan kita sangsaya lubèr. Ing kalèndher liturgi, Advèn-3 dipunsebat *Gaudate Sunday*, tegesipun Minggu Kabingahan. Dinten punika kita nyumet lilin Advèn-3 ingkang mralambangaken kabingahan awit rawuhipun Sang Kristus ingkang sangsaya celak. Mugimu bab punika mbereg kita methukaken rawuhipun Sang Kristus kanthi sukarena. Kita katimbangan *paring paseksi bab Yésus Kristus Sang Padhang*, lan punika mujudaken timbalan tumrap saben tiyang pitados amrih saged ndhatengaken kabingahan kanggé sedaya tiyang. Lantaran pepanggihan langkung rumiyin kaliyan Sang Padhang, sumangga kita mbekta kabingahaning pepanggihan punika srana dados juru warta ingkang tansah

neksèkaken Sang Padhang.

**PANYUMETING LILIN**

Panyumeting Lilin Advèn-3

dèning PL kairingan Instrumental lagu KPK BMGJ 239. RAWUH-  
ING SANG IMANUÈL

PL: Lilin Advèn-3 dados lambanging kabingahan.  
Lilin kabingahan punika mralambangaken sihipun  
Gusti Allah ingkang tanpa pungkasan, ingkang cah-  
yanipun tansah madhangi gesang kita, neguhaken  
lantaran Sabdanipun lan lumampah ing padhanging  
kamulyanipun.  
(kairingan instrument)

GEGURITAN – dipun waos

*Bumi kita bumi berbencana  
Bermusimkan tangis dan tawa  
Dambaan akan terpulihkan semesta  
Sedang terpojok ke ujung yang paling sudut  
Sampai datang janji keselamatan  
Dari DUNIA MERDEKA  
Membelah semesta yang paling hitam  
CAHAYA dan KELAM yang saling memburu  
Akan menyatu dalam pelukan perdamaian  
Karena dari padang gurun tandus  
Memekar bunga berjuta warna  
KEMULIAAN LEBANON dipulihkan  
SEMARAK KARMEL dan SARON  
Menebar pesona  
Takkan ada lagi;  
Tangan terkulai lemah  
Lutut yang goyah melangkah  
Mata buta menghambat  
Hati yang tawar membeku  
Karena jantung semesta akan dibedah*

*Mengusir pilu dan duka  
Yang membusuk*

*Sorak sorai sukacita membahana  
Ada denyut baru; DENYUTAN CINTA ILAHI  
Ada darah baru; DARAH KEADILAN ILAHI*

*Mari kita songsong JANJI YANG DATANG MENJELANG!*

**KIDUNG PROSÈSI:**

**(jumeneng)**

**Palados Pangibadah lumebet ing Ruwang Ibadah**

*Prosèsi dipun wiwiti kanthi ngasta Kitab Suci ageng ingkang badhè dipun sèlèh ing ngajeng mimbar.*

**KPK BMGJ 239. RAWUHING SANG IMANUÈL**


1. Sang Imanuèl gya prapta anglari sagung manungsa  
linuwaran sing naraka temah raharja slaminya  
pra makluk wrata mujia Sang Imanuèl gya prapta.
2. Gusti Panebus gya prapti netepi wecaning nabi  
sagunging tyang kang pracaya pinaringan kraton swarga  
pra makluk wrata mujia Sang Imanuèl gya prapta.
3. Sang Pamarta tedhak donya ngrukunken sagung manungsa  
kinèn samya silih tresna mrih jagad tentrem raharja  
pra makluk wrata mujia Sang Imanuèl gya prapta.

**VOTUM**

PS: Pangibadah Advèn kaping tiga punika kawiwitan kanthi kayakinan bilih pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nresnani manungsa.

Sang Kristus ingkang sampun kaweca mulihaken jagad ingkang sampun jember déning dosa dipun rengkuh malih dhateng kasucèning Allah, lan panguwaosing Sang Roh Suci ngénggalaken sedaya titah.

U: Ngidungaken: AMIN, AMIN, A --- MIN

**SALAM**

PS: Tenrem rahayuning Sang Kristus wonten ing panjenengan.

U: LAN WONTEN ING PANJENENGAN UGI

**PANUNTUN****(lenggah)**

PL: Lumebet ing Minggu Advèn-3 mugi-mugi kabingahan kita sangsaya lubèr, awit prasetyaning Gusti Allah ingkang kaweca déning Nabi Yésaya badhé dipun jangkepi. Padhang punika badhé dhateng, lan kita kautus neksèkaken Sang Padhang.

Yésaya 60:1 nélakaken, “Ngadega dadia padhang, sabab padhang teka, lan kamulyaning Sang Yehuwah mlethèki sira.”

Mangga kita sami nyawisaken manah, pikiran, lan jiwa kita purun dipun padhangi dèning Rohipun temah kita kasagedaken nesèkaken Sang Padhang.

**KIDUNG INTROITUS**

KPK BMGJ 215:1,2 CAHYÈNG ÉNDAH

1. Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat  
duk praduta swarga prapti ngundhangaken sih rahmat  
raharja prajalma kang sinungan kawaluyan  
lantaran Sang Pamarta lantaran Sang Pamarta.
2. Puji konjuk Hyang Matresna kang melasi manungsa  
nglepataken sing bebendu asung tentrem rahayu  
manungsa sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci  
langgeng ing salaminya langgeng ing salaminya.

**PANDONGA PANGAKENING DOSA**

PL: Gusti, kawula asring langkung migatosaken ngétang  
arta kertas abrit atusan èwu rupiah, kamangka  
pemulung lan juru parkir sibuk ngempalaken arta  
rècèh. Nanging kawula mboten preduli dhateng  
tiyang-tiyang wau, Gusti. Kawula dèrèng dados seksi  
bab Paduka inggih Sang Padhang punika. Gusti, mugi  
ngapunteni kawula.

U: (*Ngidung KPK BMGJ 53:2*)

Anèng ngarsané Gusti, katon cetha kluputanku,  
mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Gusti, kawula sibuk ngomentari sedaya kedadosan  
ingkang paling èngal, wiwit politik, budaya, agami,  
sosial ekonomi, dumugi kriminalitas lss. Nanging  
kawula mboten tumindak punapa-punapa kanggè  
ndandosi kawontenan. Gusti, kawula dèrèng dados  
seksi bab Paduka inggih Sang Padhang punika. Gusti,  
mugi ngapunteni kawula.

O: (*Para kakung ngidungaken KPK BMGJ 53:2, para  
pawèstri sami ndedonga*)

Anèng ngarsané Gusti, katon cetha kluputanku,  
mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Gusti, kawula sibuk ngundamana, dadosa ing donya nyata punapadéné ing donya maya. Nanging kawula gagal nyipta swasana ingkang tentrem. Gusti, mugi ngapunteni kawula.

U: *(para pawèstri ngidungaken KPK BMGJ 53:2, para kakung sami ndedonga)*

Anèng ngarsané Gusti, katon cetha kluputanku, mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Gusti kawula sibuk ngraosi, nggosip, ngantos wusanipun ndadosaken sami kecenthok. Nanging kawula kirang nggadhahi émpati dhateng sesami kawula. Gusti, mugi ngapunteni kawula.

U: *(Para pawèstri ngidungaken KPK BMGJ 53:2, para kakung sami ndedonga)*

Anèng ngarsané Gusti, katon cetha kluputanku, mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Gusti Yésus Kristus, Paduka Sabdaning Allah ingkang manjalma manungsa, mugi ngasihi kawula.

U: Gusti, mugi ngasihi kawula.

PL: Gusti Yésus Kristus, Paduka punika pratandha rawuhipun Allah ing satengah kawula. Kristus, mugi ngasihi kawula.

U: KRISTUS, MUGI NGASIHI KAWULA.

## **KIDUNG PANGAKENING DOSA**

KPK BMGJ 46:1-4 PANELANGSA

1. Wit sing kathah dosa kula mila tansah kèmgangan  
Gusti kang madhanggi manah myang tukung kabingahan.
2. Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula,  
tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.

3. Gusti kang kula ndelaken, mugè nuntun mring kula,  
kula badhé ngéstockaken ing sakarsa Paduka.
4. Kula mboten purun malih karya sekel Paduka,  
badhé tansah tuhu setya, tresna ing salaminya.

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

*(jumeneng)*

PL: Tumrap kita ingkang ngrumaosi nindakaken dosa sarta prajanji gesang ing margining Gusti, nampènana prasetyanipun Gusti kanthi kebak sokur ingkang kacetha ing Masmur 146:8 “Pangéran Yehuwah ngelèkaké mripaté para wong wuta, Pangéran Yehuwah njejegaké para wong kang tumungkul, Pangéran Yefuwah ngasihi para wong mursid”.

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti!

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

### **Salam Tentrem-rahayu**

PS: Gusti kita Yésus Kristus sampun nebus kita awit sihipun dhateng kita lan maringi kita gesang langgeng. Sumangga kita ugi samidéné ngasihi lan samidéné ngapunteni kanthi ngucapaken salam tentrem-rahayu.

***Pasamuwan sesalaman utawi namaste kanthi ngucap:  
“tentrem raharja”***

### **Kidung Tanggapan**

KPK BMGJ 163:1-3 PITOBAT

1. Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti  
mung karepé dhéwé kang dituruti  
samangkya mratobat nampi sih rahmat  
migatosken tansah karsaning Allah

*Reff.:*

Mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga  
sinung gesang yekti unggul sing pati.

2. Biyèn nggunggung dhiri mburu kadonyan,  
tan nggapé mring Gusti nyingkur kaswargan,  
mangkya anoraga ngendelken Gusti,  
mempeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,

*Reff.:*

3. Biyèn urip mblunthah mursal ing lampah,  
nguja hawa raga manut ing dosa,  
mangkya mesu budi ing lampah suci,  
martosken Injilnya maring pepadha,

*Reff.:*

## **PALADOSAN SABDA**

*(lenggah)*

### **Pandonga Épiklesis**

### **Pamaosing Kitab Suci**

#### Waosan I

L: Yèsaya martosaken kabar kawilujengan bilih Gusti  
Allah piyambak ingkang badhé mulihaken umatipun.  
Pirengna Sabdaning Gusti ingkang kapethik saking  
Yèsaya 61:1-4,8-11....

Mekaten Sabdaning Gusti

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

#### Masmur Tanggapan

L: Juru Masmur nélakaken pangajeng-ajengipun, Gusti  
badhé mulihaken umat ing satengahing panandhang  
ingkang awrat. Mangga kita ngidungaken/maos  
Masmur 126 sacara litani.

#### Waosan II

L: Rasul Paulus mituturi pasamuwan Tésalonika supados  
tansah mbangun gesang ingkang sembada ing ngarsa-  
nipun Gusti.

Pirengna Sabdanipun Gusti ingkang kapethik saking 1  
Tés. 5:16-24

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

### Waosan Injil

PS: Yohanes Pambaptis maringi paseksi ing ngajengipun tiyang kathah bab Gusti Yésus, Sang Padhang. Pirengna sabdaning Gusti ingkang kapethik saking Yoh 1: 6-8, 19-28

Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Inkang rahayu punika ingkang mirengaken Sabdaning Gusti lan ingkang ngrimati sabda punika.

U: (ngidungaken) **Maranata, Maranata, Maranata!**

**Khotbah** “Asung Paseksi bab Sang Padhang”.

### **Wekdal Ening**

**Koor** (menawi wonten)

### **PANGAKEN PITADOS**

*(jumenengi)*

Pnsp: Sumangga kita sesarengan ngénggalaken kapitados-an kita sesarengan kaliyan para pitados ing salumahing bumi lan sauruting jaman kanthi ngucap makaten: “Kawula pitados ....”

### **PAWARTOS LÉSAN**

*(lenggah)*

### **PANDONGA SAFAAT**

PS Kawula sami ngantos-antos rawuh Paduka srana pangraos-raos ingkang tansah kaénggalaken, supados kawula mboten namung kajiret déning seremoni ritual kémawon. Dhuh Gusti, mugi kawula Paduka sagedaken ngraosaken katresnan lan sih-rahmatipun Gusti Allah ing gesanging saben umat Paduka

*(ening .....*)

Kawula umat Paduka nggadhahi tanggél jawab martosaken Padhang. Mugi kawula Paduka sagedaken mujudaken ayahan punika, inggih dados pepadhang ing satengahing pepeteng, mbekta kabingahan wonten ing satengahing kasedhihan lan dados talanging berkah kanggé ingkang sami mbetahaken.

Sapunika kawula badhé ngunjukaken pandonga Safaat kawula ..... (*kapungkasan Donga Rama Kawula*)

### **PALADOSAN PISUNGSUNG**

Nsp: Para Sedhèrèk, mangga kita sami ngaturaken pisungsung sokur dhumateng Gusti srana ndhasari pisungsung kita kanthi Yésaya 35:1-2: "Ara-ara samun lan palemahan mati bakal padha bungah, pasamunan bakal surak-surak lan metokaké kembang. Bakal metu kembangé akèh banget kaya kembang mawar, bakal surak-surak, lan sumyak-sumyak".

### **Kidung Pisungsung**

KPK BMGJ 187: 1- PISUNGSUNG JIWA RAGA

1. Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran kamulyaning Pangéran.
2. Tangan suku kawula nindakken pakaryannya, mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti, nampèni sihing Gusti.
3. Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat, temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji, datang kendhat pinuji.

4. Bandha lan kasugihan, wegdal wah kasagedan,  
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,  
dadya pisungsung nyata.

### **Pandongga Pisungsung (*jumeneng*)**

#### **PANGUTUSAN LAN BERKAH**

##### **Kidung Pangutusan**

KPK BMGJ 141: 1-3    GESANG DADOS KIDUNG

1. Gesang kula dados kidung sumaos mring Pangéran,  
wit sihnya saklangkung agung maringken kaslametan,  
ing kabegjan wah sangsara tansah memuji Gusti,  
srana kamursidan nyata krana anyar ing budi.
2. Lamun kabotan ing susah wah karoban ing bungah,  
kula manteb ing pracaya ngayom ing sih rahmatnya,  
sanadyan sengseming donya nggodha wah milut ati,  
kula mesthi tansah setya mbangun turut mring Gusti.
3. Pocapan wah tingkah laku mobah mosiking kalbu,  
dadya kidung konjuk Allah wit sih rahmatnya tumrah,  
sayogya sengkut makarya kagem Kratoning Allah,  
yéku sokur trusing driya konjuk mring Gusti tansah.

PS: Para Sedhèrèk, sumangga kita ningali kanthi kaca mripat énggal bilih pakaryaning pemulihanipun Gusti Allah sampun lan badhé tansah kelampahan ing gesang punika. Tiyang pitados ing sauruting sujarah tansah katimbangan martosaken pakaryaning pemulihanipun Gusti Allah punika kanthi tansah neksèkaken Sang Padhang.

U: Gusti Yèsus, mugi mitulungi kawula supados saged tansah neksèkaken Sang Padhang ingkang ngasta pemulihan ing gesang kawula.

**BERKAH**

- PS: Eterna manah dhumateng GUSTI.  
 U: KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG GUSTI ALLAH LAN LUMBET ING SATENGAHING JAGAD.  
 PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.  
 U: KAWULA SIYAGA DADOS SEKSINIPUN SANG KRISTUS  
 PS: Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.  
 U: SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN.  
 PS: Samia mundur kanthi tentrem-rahayu lan nampènana berkah saking Gusti:  
 Mugi sih-katresnan lan kasetyaning Gusti nuwuhaken pangajeng-ajeng.  
 Mugi rangkulan kawilujengan saking Gusti Yésus Kristus kelampahan saben wekdal temah jangkah panjenengan mboten kesandhung ing dosa lan dhawah ing pacobèn.  
 Mugi katentremen ingkang sumunar saking Sang Roh Suci ngiyataken gesang panjenengan wonten ing kale-  
 resan lan mugi berkah saking Gusti Allah Sang Rama lan Sang Putra tuwin Sang Roh Suci ndadosaken gesang panjenengan rahayu samangké lan ing sauruting jaman.  
 Amin.
- U: (ngidungaken) MARANATA, AMIN

*Pasamuwan tetep jumeneng ngantos Pandhita lan Pinisepuh  
 ingkang ngasta Kitab Suci dumugi ing pintu utami*

[AWi/WMS]



**Liturgi Minggu Advèn 4**

**Minggu, 20 Dhès. 2020**



**Ahli Waris  
Dhamparing  
Sang Prabu  
Dawud**



- Wekdal ening
- Panyumeting lilin Advèn IV

**MAKEMPAL**

L: Sumangga kita sami jumeneng!  
Para Sedhèrèk, punapa kita ènet punapa ingkang kaandharaken déning Rasul Paulus, mekaten, “*Nanging bareng wus tekan ing ganeping mangsa, Gusti Allah ngutus Kang Putra, kang miyos saka wanita, miyos kawengku ing angger-anggering Torèt, prelu nebus kabèh kang kawengku ing angger-anggering Torèt, supaya kita bisa katrimah dadi putra.*” (Galati 4:4-5).

Inggih, wekdalipun sampun mèh dumugi. Sang Juru Wilujeng badhè ènggal rawuh.

**KIDUNG PROSÈSI:**

KPK BMGJ 210: 1-3 RAWUHIPUN GUSTI

1. Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat methukken klayan puji mring ratuning jagad mugè Gusti madhangi lantaran Roh Suci

mrih nggèn kula ngabekti mranani mring Gusti.

*Iring-iringan para palados pangibadah lumebet*

2. Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi,  
Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa,  
tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan,  
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.
3. Punapa kang njalari dhuh Ratuning swarga,  
Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa,  
mung sih piwlas Paduka dhumateng manungsa,  
manggiha gesang mulya nunggil lan Sang Rama.

**VOTUM:**

PS: Pangibadah Minggu Advèn kaping sekawan punika kalampahan awit pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Sang Yehuwah, ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: (ngidungaken) AMIN, AMIN

1 = C, 4/4 Adante: 70

3 . 5 5 . // 2 . 5 5 . // 4 3 2 1 2 . 3 // 3 ... //

A .... min A ... min A .....|min

3 . 5 5 . // 2 . 5 5 . // 4 3 2 1 2 . 1 // 1 ... //

A .... min A ... min A ..... min

**SALAM**

PS: Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Gusti Allah Sang Rama lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing para sedhèrèk sedaya.

U: LAN NUNGGIL KALIYAN PANJENENGAN UGI

**PAMBUKA** - (lenggah)

L: Para Sedhèrèk, sekawan iji lilin sampun kasumet. Lilin punika pratandha bilih kita sampun lumebet ing Minggu Advèn ingkang kaping sekawan. Lilin kaping sekawan Advèn ingkang warni ungu punika dipunsebat: *Candle of Love (Angle candle)*, ingkang tegesipun lilin katresnan utawi lilin malaékat. Lilin punika mralambangaken tentrem-rahayu. Lilin punika ugi ngèngetaken kita bab kabar ingkang dipun bekta déning malaékat, *"Tentrem - rahayu ana ing bumi ing antarané manungsa kang dadi renaning penggalihé."*

Lumebet ing Advèn kaping sekawan punika, kita badhé ngraos-ngraosaken khotbah kanthi jejer "AHLI WARIS DHAMPARING SANG PRABU DAWUD". Lantaran jejer kasebat kita kaajak sesarengan tetep nyakini bilih Gusti Yésus punika ingkang njangkepi prasetyanipun Gusti Allah bilih Panjenenganipun badhé sangsaya tambah agung lan dhamparing Sang Prabu Dawud leluhuripun badhé kaparingaken dhumateng Panjenenganipun. Srana mekaten, kita badhé sangsaya temen-temen wonten ing salebeting pangantos-antos rawuhipun ingkang kaping kalih.

**KIDUNGING UMAT**

KPK BMGJ 212: 1,6 PAMUJINING ZAKARIA

1. Pinuji Allah Makwasa Gustiné tyang kang pracaya Dé umaté tinuwénan Pinaringan pangantasan.
6. Turuné tyang mursid yekti dinuta mrih dadya nabi yéku cecalaning Gusti ngundhangken margi basuki

**PANGAKENING DOSA<sup>2</sup>**

L: Para sedhèrèk, sumangga kita sami ngakeni dosa-dosa kita...

*Wekdal ening sekedhap*

L: Dhuh Gusti, mawarni-warni pengalamaning gesang sampun kawula lampahi. Kawula ngraosaken bilih nalika kawula aben ajeng kaliyan kawontenan ingkang awon, kegagalan lan risak, kawula tanpa daya. Kawula namung kèndel ing salebeting manah kawula ingkang sesak.

U: **Dosa sampun damel kawula blereng, \ temah kawula mboten saged \ ningali cahyaning sih Paduka, \ dhuh Gusti.**

L: Nalika kawula ningali kanthi langkung taliti, kawula manggihaken bilih kathahipun masalah ingkang kawula alami punika awit anggèn kawula mboten mbangun turut dhumateng Paduka. Alam ingkang kedahipun kawula jagi lan lestarèkaken, malah kawula risak. Sesami ingkang kedahipun kawula kasihi lan ayomi, malah kawula sakiti manahipun.

J: **Kawula sadhar, \ bilih bencana alam \ lan bencana kamanungsan \ awit kasrakahan kawula \ ingkang mboten naté rumaos cekap.**

*Wekdal ening sekedhap*

L: Éwasemanten, kawula tetep pitados bilih Paduka mboten ngèndelaken kawula dhawah lan ajur.  
Mugi nresnani kawula, dhuh Gusti.

U: **Kawula kasagedna \ ngisi adrenging manah kawula \ srana katresnan Paduka \ temah kawula \ saged**

---

<sup>2</sup> Cathetan kanggem liturgis: Wekdal ening sekedhap, kaaturana wekdal ening kinten-kinten 20 - 30 étangan, supados pasamuwan saged kagungan wekdal ingkang cekap kagem ndedonga.

**Paduka agem \ minangka pirantos kanggé ngénggalaken  
 \ supados gesanging jagad punika \ nélakaken  
 anggènipun sangsaya sumanak.**

L: Ing asmanipun Gusti Yésus kawula ndedonga.

U: AMIN.

U: (Ngidungaken) KPK BMGJ 42: 1-3 PAMRATOBAT SING DOSA

1. Dhuh Allah, Rama, nglubèrna sih mirma,  
 kawula nglenggana gunging dosa kula,  
 Gusti Ma kwasa, nyuwun apura, temah gesang nyata
2. Dhuh Yésus, Gusti, karsaa melasi,  
 kula sèstu tobat ngorong mring sih rahmat,  
 Yésus, Pamarta, nucèkna ati mrih kula basuki.
3. Dhuh Sang Roh Suci nggih nganyarna ati,  
 nilar gesang lami mbangun turut Gusti,  
 dhuh Sang Roh Suci, mugni nulungi temah mursid yekti.

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS: Para Sedhèrèk, punika pawartos sih-rahmat kanggé kita sedaya: *“Ing wektu iku kowé bakal munjuk: ‘Kawula badhé ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka dhuh Yéhuwah awit senadyan Paduka sampun duka dhateng kawula, nanging bebendu Paduka sampun kèndel, tuwin Paduka lajeng nglipur kawula. Gusti Allah iku sanyata dadi karaharjanku, aku kumandel ora kalawan gumeter, amarga Sang Yehuwah Allah iku kakuwatanku lan masmurku, Panjenengané wus dadi karaharjanku, ing kono kowé bakal padha ngangsu kalawan bungah ing etuking kaslametan..”* (Yésaya 12:1-3)

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

*(pasamuwan sami-déné sesalaman utawi salam namaste  
sinambi ngucap “Salam raharja!”)*

PS: Sasètu, Sang Imanuèl rawuh kagem ngéwahi ingkang risak dados énggal.

**KIDUNG UMAT: KPJ 78:1,2 IBA BEGJAKU**

1. Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya  
 Aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé  
*Reff.:*     Aku memuji klayan rena,  
               nggunggung asmané salamanya.  
               Aku memui klayan rena  
               nggunggung asmané salamanya.
  
2. Lamun pasrahku trusing kalbu,  
 temah sampurna kabungahanku  
 Pra malaékat asung puji, sanya ngundhangken sihing Gusti  
*Reff.:*

**Drama Cekak / Muter Vidhéo**

**PAMARTOSING PANGANDIKA**

**Pandongga Epiklesis - (Lenggah)**

PS: Sumangga kita sami nyuwun pitulungan dhumateng Gusti lantaran lagu KPK BGMJ 196:2 “Sabdanipun Allah”.

U: (ngidungaken KPK BGMJ 196: 2 “Sabdanipun Allah”)  
 Mugi sabdanipun Gusti sinerat ing ati,  
 budi saya mindhak murni wit rèhing Roh Suci,  
 tresna mring mengsah ugi wah dhateng sesami,  
 mbabar bebener nyata wah tentrem raharja.

PS: Ing asmanipun Gusti Yésus, kawula ndedonga.

U: AMIN!

**Pamaosing Kitab Suci**Waosan I: 2 Samuèl 7:1-11, 16

Lktr: Waosan kapisan kapethik saking Kitab 2 Samuèl bab 7 ayat 1 dumugi 11, kalajengaken ayat 16, ingkang mekaten .....

(Sasampunipun maos) ”Mekaten sabdanipun Gusti.”

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

Tanggapan: Masmur 89:1-4, 19-26

Lktr: Sumangga kita nanggapi waosan kapisan kalawau sranan Masmur pasal 89 ayat 1 dumugi 4, kalajengaken ayat 19 dumugi 26 kanthi sesautan.

Waosan II : Rum 16:25-27

Pnsp: Waosan kaping kalih kapethik saking Serat Rum bab 16 ayat 25 dumugi 27, ingkang mekaten.....

(Sasampunipun maos) ”Mekaten sabdaning Gusti.”

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

Waosan Injil: Lukas 1:26-38

PS: Waosan Injil kapethik saking kitab Injilipun Gusti Yèsus Kristus miturut Lukas 1 ayat 26 dumugi 38, ingkang mekaten.....

(Sasampunipun maos) Mekaten Injilipun Gusti Yèsus Kristus. Rahayu tiyang ingkang mirengaken sarta ngrimati Pangandikanipun Gusti Allah wonten ing gesangipun. Maranata!

U: (Ngidungaken “MARANATA”)

Do = F 3 ketuk

1 1 6 / 5 . 3 / 1 1 3 / 2 . . / 1 1 3 / 1 . 6 / 7 7 2 / 1 . . //

Ma ra na ta    ma ra na ta    ma ra na ta    ma ra na ta

**Khotbah:** “Ahli Waris Dhamparing Sang Prabu Dawud”

**Wekdal Ening**

**Padhuan Suara** (menawi wonten)

[Pasamuwan jumeneng]

**PANGAKEN IMAN RASULI**

Pnt: Para Sedhèrèk, kanthi tansah ngyakini bilih Gusti Yésus sampun nindakaken pakaryan kanggé manungsa ing jagad punika, pramila sumangga kita sami ngakeni kapitadosan kita lantaran Pangaken Iman Rasul ingkang kita ucapaken mekaten: Kawula pitados .....

[Pasamuwan lenggah]

**PANDONGA SAFAAT**

(PS ngunjukaken pandonga safaat)

**PISUNGSUNG****Dhasar Pisungsung**

Pnsp: Para Sedhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus Kristus, sumangga kita ngaturaken sokur kita dhumateng Gusti kanthi ènget punapa ingkang dipun pratélakaken déning Gusti ing 2 Korinta 8:7 *“Mula saikiné, padha kaya anggomu wus sugih ing samubarang, -- ing pracaya, ing pamicara, ing kawruh, ing tumemenmu anggonmu mbiyantu, lan ing sih katresnanmu marang aku kabèh - - samono uga kowé iya padha minunjula ing ayahan sih-katresnan iku.”*

**KIDUNG PISUNGSUNG:**

KPJ. 154: 1-2 ADRENGING TYAS KULA

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti  
Paduka ngasihi, kula kagunganta.

*Reff.:*

Mung punika Gusti, pisungsung kula.

Sawetahing gesang, jiwa lan raga,

Wit kula tan darbé bandha kang pengaji,

Kang langkung prayogi, sinaos Gusti

Mung punika Gusti, pisungsung kula  
 Mugi katampia atur kawula,  
 Mrih gesang kawula kagama Paduka, pirantos sapala.

Saiba éndahing sih tresna Paduka, Gusti;  
 Kula kagunganta, Paduka rimati.  
*Reff.: ...*

### **Pandong** Pisungsung - (jumeneng)

#### **PANGUTUSAN**

PS: Rancanganing Gusti Allah inggih tentrem-rahayu punika badhé énggal maujud ing pakaryanipun Gusti Yésus Kristus. Pramila, mangga kita tansah nyawisaken manah kanggé methukaken Panjenenganipun, Sang Ahli Waris Dhamparing sang Prabu Dawud.

#### **Kidung Pangutusan**

KPK BMGJ 221: 1,2 RAWUHING RATU TENTREM RAHARJA

1. Pra manungsa giranga mujia pramudita  
 ratu nira wus prapta ratu ning tentrem raharja  
 pra manungsa giranga mujia pramudita
2. Gya ngidungna gung puji mring Gustining pra gusti  
 kang sung slamet mring jagad karena gunging sih rahmat  
 pra manungsa giranga mujia pramudita.

#### **PANGUTUSAN**

PS: Para Sedhèrèk, kanthi tetep pitados dhumateng Gusti,  
 mila sapunika sami enerna mripat dhateng jagad!

U: KANTHI TETEP CEPENGAN SANG KRISTUS, KAWULA SAMI  
 NGENERAKEN MRIPAT KAWULA DHATENG JAGAD.

PS: Dadosa mitra tumrap sesami!



**Liturgi Malem Natal**

Kemis, 24 Dhésèmber 2020


**Suka Paseksi  
Bab  
Sang Padhang**
**Katerangan:**

P/D=Pinisepuh/Dhiaken; PS=Pelados Sabda;  
PPU=Panuntun Pamujinipun Umat; U=Umat

**Pacawisan**

- *Pawartos Pasamuwan*
- *Loncèng/gentha kaungelaken minangka tengara pangibadah kawiwitan*
- *Panyumeting lilin déning Pinisepuh/Dhiaken*
- *Wekdal ening*

**A. UMAT NGEMPAL****TIMBALAN IBADAH**

P/D: Nalikanipun Kaisar Agustus ngasta panguwaos, dipun wonteni cacah jiwa tumrap sadaya tiyang ing wewengkon Romawi. Yusuf sesarengan Maria, sémahipun ingkang saweg ngandheg punika, bidhal saking Nazarèt nuju dhateng Bètéléhèm, kithanipun

Daud. Amargi saking kitha ngriku asalipun Yusuf. Nalika Yusuf lan Maria dumugi ing kitha punika, dumugi wekdalipun Maria babaran. Amargi mboten komanan panggénan ing papan pasipangan, Maria mbabar putra kakung ing satunggaling kandhang kéwan. Sang Bayi punika lajeng kagedhong, sarta kasèlèhaken ing papan pamakanan. Sang Bayi punika Gusti Yésus Kristus Juruwilujenging jagad.

PPU: (*ngidungaken KPJ 214 pada 1 Anèng Pamakanan*)  
 KPJ 214. ANÈNG PAMAKANAN

Do=E 3/4

- 1) Anèng pamakanan, iku dunungnya;  
 ginedhong ing kain, sèstu prasaja.  
 Lelintang ing langit padhang nelahi,  
 dé Yésus Gustiku saré kepati

P/D: Dinten punika, malem Natal, wekdalipun kita ngènet-ènet malih wiyosanipun Gusti Yésus Kristus Juruwilujenging jagad ing Bètlèhèm, kithanipun Daud. Sesarengan kaliyan ingkang sarwa dumadi, sumangga kita jumeneng, mapag rawuhipun Sang Pepadhang dhateng jagad punika, kalayan ngidungaken KPJ 247 pada 1 lan 2 Sugeng Rawuh Gusti.

--- umat jumeneng ---

U: (*sesarengan ngidungaken KPJ 247:1, 2*)  
 KPJ 247 SUGENG RAWUH GUSTI

- 1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga kang tumedhan neng donya krana kula,  
 "Sugeng rawuh, Gusti saking daleme Rama,  
 rawuhe neng donya nunggil lan pra jalma"  
 Salam, salam!

--- *para pelados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah* ---

- 2) Gusti ingkang dadya tukiing sih-rahmat;  
 adreng panyuwun kula klayan urmat.  
 Kang ibu Maryam tansah manggya widada,  
 kang sampun dadya srana miyos Paduka.  
 Salam, salam!

### VOTUM

- PS: Ibadah Malem Natal dinten punika, kelampahanipun awit saking pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Sang Yéhuwah, ingkang nitahaken langit lan bumi.
- U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

### SALAM

- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu nglubèri (kita) panjenengan awit saking pangertosan dhumateng Gusti Allah lan Yésus Kristus, Gusti kita.
- U: **Mugi sih-rahmat lan tentrem rahayu nglubèri panjenengan ugi!**

--- *umat lenggah* ---

### PAMBUKA

- PS: Ing salebetipun kasangsaraning umatipun Allah kapengker, Gusti Allah ngandika lumantar nabi Yésaya: *“Amarga ana Bayi kang wus miyos kanggo kita, ana Putra kang wus kaparingaké marang kita, lambanging papréntahan ana ing pamidhangané, lan asmané sinebut: Penaséhat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman. Gedhé pangwaosé, tuwin tentrem rahayu bakal tanpa wekasan ana ing dhamparé Sang Prabu Dawud lan ana ing karajané, awit iku kadhasaraké lan*

*kasantosakaké kalawan kaadilan lan kabeneran wiwit saiki nganti ing salawas-lawasé.” (Yésaya 9:5-6)*

Dalu punika, kita ngriyayakaken katetepaning pamecanipun nabi Yésaya punika. Sang Putra punika sampun miyos. Penaséhat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman. Inggih panjenenganipun panika Gusti Yésus Kristus Juruwilujenging jagad.

### **KIDUNG PAMUJI**

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 244:1-3)  
 KPJ 244. SAJRONING PEPETENG

Do=Bes 2/2

- 1) Sajroning pepeteng ing donya, sumunar cahya minulya amadhangi bangsa sajadag; sadaya nampi sihrahmat. Rawuhé nyingkirken pepeteng; sirna wayangan ing pati. Bumi nampani gesang langgeng, krana pepadhang nelahi.
- 2) Nadyan Paduka amberkahi, bandha donya anglubèri, sanyata datan maédahi; tan kwasa nentremken ati. Datan ana gunging panénan nuwuhaken katentreman tumrap wong kang nyingkur Pangéran; koncatan ing karaharjan.
- 3) Samangké kita sukarena wonten ing ngarsa Paduka, wit prasetya ingkang kinangsi wus babar wonten ing bumi. Payo sujud mring Kang Maluhur, ngaturken pamuji sokur, karana agunging panenan kagem bujana kaswargan.

### **PANDONGA PANGAKENING DOSA**

PS: Wiyosanipun Gusti Yésus Kristus Juruwilujenging jagad ing Bètléhèm, dados wekdal ingkang pas tumrap kita kanggé mirsani kaapesan lan karingkihan kita minangka gambaring Allah ingkang dhumawah ing panguwaosipun dosa. Wiyosanipun Gusti Yésus dados pratandhaning pangajeng-ajeng kita bilih badhé dipun wilujengaken saking panguwaosing dosa. Sadaya punika awit saking

sih-rahmatipun Gusti Allah. Titus 2:11-12 nélakaken, *“Awitdéné sih-rahmaté Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wis kababar. Iku merdi marang kita, supaya kita ninggal pamblasar lan pepénginan kadonyan sarta supaya kita urip kalawan wicaksana, adil tuwin ngabekti ana ing donya samengko iki,”*

Samangké, sumangga kita sesarengan manunggil ing salebeting pandonga pangaken dosa, kanggé ningali kawontenan kita wonten ing ngarsanipun Sang Putranipun Allah, Yésus Kristus Juruwilujenging jagad. *(PS nuntun pandonga pangaken dosa)*

### **PAMUJINIPUN UMAT**

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 238:1-3)*

KPJ 238. PARA JALMI, GIRANGA

Do=D 2/4

- 1) Para jalmi, giranga, mujia, pramudita  
Ratunira wus prapta jumeneng Ratu salam.  
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.
- 2) Kaluhurna kang Putra, kekasihing kang Rama,  
mbangun karatonira, jumeneng Ratu Mulya.  
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.
- 3) Kamulyakna Pamarta, kang rawuh ing pra umat,  
Pambirating duraka, jumeneng Juruslamet.  
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS: 2 Pétrus 1:3-4 kaserat makaten, *“Marga saka pangwaosing kaallahané, kita wis padha kaparingan samubarang kang perlu kanggo urip kang mursid, sarana anggon kita wanuh marang Panjenengané kang wis nimbali kita marga saka pangwaosé kang mulya lan ngéram-éramaké. Kanthi patrap kang mangkono iku Panjenengané wis maringi kita*

*prasetya-prasetya kang adi sarta pinunjul, supaya sarana iku kowé padha kepareng ndhèrèk ing sajroné kodrat kaallahan lan uwal saka dayaning hawa-napsu kadonyan kang nyirnakaké donya. “*

*Makaten pawartosing-sih rahmat saking Gusti Allah.*

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

*--- umat sami jawat asta utawi ngaturaken Namaste dhateng sakiwa-tengenipun kalayan ngucapaken: “**tentrem-rahayu**” dhateng kiwa tengenipun ---*

### **PAMUJINIPUN UMAT**

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 232)

232.KAMULYAKNA

Do=D 4/4

Kamulyakna Hyang Maagung ing swarga, ing swarga.

Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan

Kluhurna Allah nèng swarga, kluhurna Allah nèng swarga!

Tentrem rahayu ana ing bumi, tentrem rahayu ana ing bumi,

ing manungsa, ing manungsa kang sinarjonan,

ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan !

Pinujia, pinundhia Hyang Maagung ing swarga lan ing bumi.

Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan

Amin, amin !

### **B. PALADOSAN SABDA**

#### **Pandongan Paladosan Sabda**

PS: (ngonjukaken pandonga nyuwun pitulunganipun Sang Roh Suci kanggé paladosan Sabda, dipun pungkasi kanthi atur: “**Kawula ndedonga ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus**”)

U: **Amin.**

#### **Pamaosing Sabda**

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking kitab **Yésaya 9: 2-7**  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan

L2: (maos **Jabur Masmur 96**, *saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Titus 2: 11-14**  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking Kitab Injilipun Gusti  
Yésus Kristus manut **Lukas 2: 1-14**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. "Kang rahayu iku wong-wong kang padha ngrungokaké lan nggatèkaké pangandikaning Allah."

Maranatha!

U: (*ngidungaken*)

**Maranatha, Maranatha, Maranatha!**

**Khotbah:**

PS: (*nglantaraken khotbah*)

**Rajanipun Katentreman sampun Miyos**

**Wekdal Ening****KIRAB PANYUMETING LILIN**

PS: Bangsa kang lumaku ing pepeteng wus sumurup pepadhang gedhé; wong kang padha manggon ing nagara kang peteng ndhedhet wus padha kaplethèkan

pepadhang.<sup>3</sup> Panjenengané kang rawuh iku bakal madhangi sakèhing wong kang manggon ing pepeteng lan ana ing ayang-ayanganing pati, apadéné ngeneraké sikil kita marang dalaning karahayon."<sup>4</sup> Gusti Yésus Kristus, Sang Putranipun Allah, Ratuning Katentreman, punika Pepadhanging jagad. Padhanging lilin punika nggambaraken cahyanipun Gusti Yésus Kristus ingkang rawuh ing Bètléhèm, ing satengahing pepeteng, kanggé ndhatengaken pangajeng-ajeng dhateng kita, tumrap patunggilan langgeng ing kamulyan sesarengan kaliyan Gusti Allah.

--- umat jumeneng ---

--- (*Instrumèntalia/lelagon KJ 218 "Dalusuci" wiwit kaungelaken. Nyarengi ungeling lelagon KJ 218, PS nyumet lilin ingkang kaasta saking lilin Natal ingkang sampun murup ing wiwitaning pangibadah, tumunten nyebaraken latuning lilin punika dhateng para pinisepuh tuwin dhiaken, sarta sesarengan kaliyan para pinisepuh lan dhiaken nyebaraken latuning lilin dhateng umat. Sasampunipun sadaya lalinipun umat murup, umat ngidungaken KPJ 218:1-3.*)

## **PAMUJINIPUN UMAT**

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 218:1-3)  
KPJ 218. DALU SUCI

Do=A 6/4

- 1) Dalusuci tidhem sami, 'Njeng Gusti Pamarta tedhak manjalma krana kita

---

<sup>3</sup> Yesaya 9:1 "Bangsa kang lumaku ing pepeteng wus sumurup pepadhang gedhe; wong kang padha manggon ing nagara kang peteng ndhedhet wus padha kaplethekan pepadhang"

<sup>4</sup> Lukas 1:79 "karsa madhangi sakabehing wong kang padha andhok ing pepeteng lan ana ing wayanganing pati, apadene ngenerake sikil kita marang dalaning karahayon."

miyos wonten kandhang Bètlèhèm  
Gusti ning dumadi, Gustining dumadi.

- 2) Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa,  
nilar kamulyané ing swarga,  
sumèlèh ing rumput kang nistha;  
nladhani mring kita, nladhani mring kita
- 3) Dalu suci, tidhem sami, 'Njeng Gusti angasta,  
katentremané jagad-rayu,  
kados prasetyané Kang Rama.  
Mila linuhurna, mila linuhurna.

--- (*sasampunipun kidung Dalu Suci sampun rampung  
kakidungaken, uruping lilin dipun pejahi*) ---

### **PANGAKEN PITADOS RASULI**

P/D: Karawuhanipun Gusti Yésus Kristus ing jagad punika  
ingkang dipun pèngeti wonten ing lelampahan Natal,  
nyantosakaken kayakinan iman kita dhumateng Sang  
Rama, Putra, lan Roh Suci. Awit saking punika,  
sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah  
wekdal lan papan, sumangga kita ngékraraken  
pangaken pitados kita kanthi ngucapaken **Pangaken  
Pitados Rasuli** sesarengan.

U: (*ngékraraken Pangaken Pitados Rasuli*)

--- *umat lenggah* ---

### **PANDONGA SAFAAT**

PS: (*nuntun pandonga safaat*)

## **C. PALADOSAN PISUNGSUNG**

### **PISUNGSUNG**

P/D: Kadosdéné para pangèn sowan ngarsanipun Sang Bayi Gusti Yésus Kristus kanthi mbekta satunggaling prakawis ingkang aji saking para pangèn wau inggih punika cariyos pepanggihanipun kaliyan para malaékat dhumateng Sang Bayi Yésus lumantar Yusuf lan Maria, makaten ugi kita minangka tiyang-tiyang pitados. Sowan ngarsanipun Allah kanthi mbekta ingkang aji saking kita katur Panjenenganipun. Jabur Masmur 96: 8-9 nyerat makaten, *“Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan sébaa marang ing platarané. Padha sujuda marang Sang Yéhuwah kalawan manganggo kasucèn, hé sawrataning bumi kabèh, gumetera ana ing ngarsané.”*

### **PAMUJINIPUN UMAT**

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 233:1-4)  
KPJ 233. KANCA AGIYAKA

Do=G 4/4

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlèhèm karawuhan Rohing Pangéran.  
Sang Bayi miyos piningken kita.  
Reff.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun sumèlèh anèng pamakanan.  
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.  
Reff.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 3) Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,  
rawuhé mbabar sih-kawelasan  
marang manungsa kang samnya pracaya.  
Reff.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
ngabekti maring Gusti, Pamarta

- 4) Panebus sejati kang rawuh ing bumi  
 mrih manungsa sinung basuki.  
 Nulya sowana sarwi sumuyuda.  
 Reff.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
 ngabekti maring Gusti, Pamarta

--- umat jumeneng ---

## **PANDONGA PISUNGSUNG**

P/D: (nuntun pandonga caos pisungsung)

### **D. PANGUTUSAN**

PS: *‘Padha undhangna ana ing antarané para bangsa: “Pangéran Yéhuwah iku Raja! Sanyata jagad iku madeg santosa, ora goyang, Panjenengané bakal ngadili para bangsa kalawan kabeneran.” Langit karebèn bungah-bungah, lan bumi surak-surak, sarta segara dalah saisiné karebèn padha gumuruh! Ara-ara dalah saisiné karebèn sukarena; ing kono sakèhing wit-witan ing alas padha surak-surak, ana ing ngarsaning Sang Yéhuwah, amarga Panjenengané rawuh, sabab rawuhé bakal ngadili jagad, jagad bakal dihakimi kalawan adil, lan para bangsa kalawan kasetyané.’ (Jabur Masmur 96:10-13)*

## **PAMUJINIPUN UMAT**

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 230:1-4)  
 KPJ 230. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=C 2/4

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.  
 Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,  
 sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya
- 2) Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad  
 Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa:  
 ngrembat sagung dosa, ngrembat, ngrembat sagung dosa.

- 3) Karaharjan kang sanyata piningken jalma.  
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,  
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.
- 4) Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.  
Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,  
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

### PANGUTUSAN

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah kanggé jagad punika

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah ingkang nresnani jagad!**

PS: Dadosa seksnipun Sang Kristus ingkang miyos ing Bètléhèm dhateng saindenging jagad!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita!

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

### BERKAH

PS: “Sang Rama ingkang nitahaken langit lan bumi, Sang Putra ingkang dados daging wonten ing Gusti Yésus Kristus, Roh Suci Sang Panuntun, badhé nunggil lampahing gesang panjenengan ing salebetipun martosaken Tentrem Rahayu ing jagad punika, ngantos dumugi katetepaning pangajeng-ajeng kita ingkang kebak kabingahan lan kababaring kamulyanipun Allah ingkang Maha-Agung. Amin.”

U: (*ngidungaken*)  
**Maranatha (5x) Amin (3x)**

[NVS-DEN]



## Liturgi Natal

Jumuwah,  
25 Dhésèmber 2020



## Sabdaning Allah Dados Manungsa



P/D=Pinisepuh/Dhiaken; PS=Pelados Sabda; INP=Ingkang  
Ngrukti Pangibadah; L=Lèktor; G=Ingkang maos geguritan.  
U=Umat

### PACAWISAN

- *Loncèng kaungelaken ambal-ambalan (kirang langkung 15 menit sadèrèngipun ibadah)*
- *Umat nyawisaken dhiri ing papan pangibadah.*
- *Pelados Sabda dalah Warganing Pradataning Pasamuwan nyawisaken dhiri ing konsistori.*
- *Loncèng kaungelaken malih ambal-ambalan, **umat jumeneng**, sesarengan ngidungaken KPJ 247:1-4*

### KPJ 247. SUGENG RAWUH, GUSTI

Do=G 2/2

- 1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga kang tumedhak nèng donya krana kula, "Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama, rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma" Salam, salam!

- 2) Gusti ingkang dadya tuing sih-rahmat;  
adreng panyuwun kula klayan urmat.  
Kang ibu Maryam tansah manggya widada,  
kang sampun dadya srana miyos Paduka.  
Salam, salam!

--- *Arak-arakan pelados pangibadah mlebet dhateng papan pangibadah. Salah satunggaling **Pinisepuh/Dhiaken nyumet Lilin Ibadah**; kalajengaken **Ingkang Ngrukti Pangibadah masrahaken Kitab Suci dhateng Pelados Sabda** ---*

- 3) Pra pangèn gumrégah, cahya nelahi,  
nulya nampi pawartos saking swargi;  
“Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan  
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan.”  
Salam, salam!
- 4) Pra pujangga rawuh, lintang kang nganthi  
nedya angaturken pangabekti;  
mas lan blendok mur sinaosaken mring Gusti  
kanthi yakin, yéku Sang Jurubasuki.  
Salam, salam!

### VOTUM

- PS: Ibadah Natal punika kita sengker kanthi pangaken bilih:  
“Pitulungan kita punika wonten ing asmaning Sang  
Yéhuwah, ingkang nitahaké langit kaliyan bumi.”
- U: (*ngidungaken KPJ 466 “Amin Haléluya”*)  
**Amin haléluya, amin haléluya**  
**Pinuji Paduka, Amin haléluya.**

### SALAM (*kakidungaken saking KPJ 460*)

- PS: Tentrem raharja sing Gusti kita;  
U: **Tumrah mring kita.**
- PS: Tentrem raharja sing Gusti kita;  
U: **Tumrah mring kita.**

--- umat lenggah ---

### **PAMBUKA**

PS: Wiyosanipun mboten namung dados wujuding Sabda ingkang dados manungsa, ananging wiyosanipun ugi sampun dados Pepadhang ingkang sumunar ing salebeting pepeteng. Kanggé punika, sumangga kita asurak-surak methukaken wiyosanipun Sabda ingkang dados manungsa punika, minangka Ratuning Katentreman.

### **KIDUNG PAMUJI**

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 225:1-4)*

KPJ 233. KANCA AGIYAKA

Do=G 4/4

- 1) Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.  
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya! Rawuhipun awit welasipun  
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,  
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.
- 4) Haléluya! Haléluya! Putranipun Allah  
sampun miyos ing Bètlèhèm. Pinujia tansah!

### **GEGURITAN NATAL**

G: *(Maos geguritan/puisi natal)*

SANG JURU BEDHAMI SAMPUN MIYOS

“Ungkapan Seorang Gembala di Betlehem”

Aku berdiri tidak jauh dari Maria dan Yusuf  
Di antara domba-dombaku  
Menyaksikan Bayi Kudus terbaring di palungan

Di bawah langit cerah malam berbintang  
 Tersirat rona wajah-Nya begitu Agung  
 Sulit dilukis kata  
 Memancarkan sukacita  
 Sekaligus menyimpan seribu duka  
 Seolah sudah mengenal beratnya titian hidup  
 yang akan diarungi-Nya

Siapapun yang mendekat  
 Serasa disirnakkan dosa-dosanya  
 Lalu diusap lembut penuh kedamaian

Ini bukan bayi yang mendamba kasih  
 Tapi DIA gumpalan kasih itu sendiri  
 Setiap orang yang datang  
 bukan ingin bergegas mendepak  
 tapi segera bersimpuh, bersujud dan berdoa

Entah mengapa,  
 aku bangga jika boleh menjaga sepanjang malam  
 sekalipun tak ada seorangpun yang meminta  
 Bajuku yang tebal kumal  
 seolah berganti gagah megah  
 seperti para hulu balang raja  
 Andai saja aku bisa terbang  
 dan bersanding di antara bintang-bintang  
 tentu akan kukabarkan kepada dunia  
 “Juru Damai sudah lahir,  
 Sambutlah dan datanglah...”  
*(Karya: Supriatmo)*

### **KIDUNG PAMUJI**

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 248:1,3)*  
 248. TAN ANA CAHYA MULYA

- 1) Tan ana cahya mulya wah swara milangoni  
ngendhieh bingaring driya. Dé Sang Putra wus prapti,  
putra tunggaling Pangéran kang nuwuhken katentreman.  
Reff.: Pra malaékat wewarta, ngengidung  
memuja, Allah nunggil mring kita.
- 3) Sang Pamarta manjalma karya tentreming driya,  
yéku kabegjan swarga tumrah para manungsa.  
Samnya saosna pamuji binarung bungahing ati.  
Reff.: Pra malaékat wewarta, ngengidung  
memuja, Allah nunggil mring kita.

--- umat jumeneng ---

### PAWARTOS NATAL

PS: “Sang Sabda wus dadi manungsa, sarta dedalem ana ing  
antara kita, sarta aku lan kowé kabèh wus padha nyawang  
kamulyané, yaiku kamulyan kang kaparingaké marang  
Panjenengané yaiku Putra Ontang-antingé Sang Rama,  
kang kapenuhan ing sih-rahmat lan kayektèn.” (Yoh. 1:14)  
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### KIDUNG PAMUJI

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 232)  
232.KAMULYAKNA

Do=D 4/4

Kamulyakna Hyang Maagung ing swarga, ing swarga.  
Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan  
Kluhurna Allah nèng swarga, kluhurna Allah nèng swarga!  
Tentrem rahayu ana ing bumi, tentrem rahayu ana ing bumi,  
ing manungsa, ing manungsa kang sinarjonan,  
ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan !  
Pinujia, pinundhia Hyang Maagung ing swarga lan ing bumi.  
Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan  
Amin, amin !

**PALADOSAN SABDA****Pandongga Sokur lan Nyuwun Panuntunipun Roh Suci**

PS: (*Nuntun pandonga sokur lan nyuwun panuntunipun Roh Suci. Ing pungkasaning pandonga, PS ngucap makaten: "... wonten ing Sang Kristus, Sang Sabda ingkang sampun dados Manungsa, kawula ndedonga ..."*)

PS+U: **Amin**

**Pamaosing Kitab Suci**Waosan Kapisan

L: (*Maos waosan kapisan saking Yésaya 52:7-10*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L: (*Maos Masmur tanggapan saking Jabur Masmur 98 saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L: (*Maos waosan kaping kalih saking Ibrani 1:1-12*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: (*Maos waosan Injil saking Yohanes 1:1-14*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

"Kang rahayu iku wong-wong kang padha ngrungokaké lan nggatèkaké pangandikaning Allah." (Luk. 11:28)

Haléluya!

U: (*Ngidungaken Haléluya*)

## HALÉLUYA

Do=G

5 . 1 | 1 . 2 | 3 . 2 1 | 2 . . | 4 . 2 | 3 . 2 1 |  
 Ha - le - lu - ya, Ha - le -

2 1 6 | 5 . . | 5 . 1 | 1 . 2 | 3 . 2 1 | 2 . . |  
 lu - ya! Ha - le - lu - ya,

4 . 2 | 3 . 2 1 | 1 2 7 | | 1 . . 1 . . ||  
 Ha - le - lu - ya!

**Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah: Sang Sabda wus dadi Manungsa*)

U: (*sesarengan ngidungaken KPJ 212:1-3*)

KPJ 212. AKU MBOK CARITANANA

Do=D 6/8

- 1) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
 pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.  
 Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.  
 Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.  
 Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa.
- 2) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
 yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,  
 Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.  
 Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.  
 Jumeneng cempéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah.
- 3) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
 Panutaning wong percaya, Ratu Adil sanyata.  
 Sang Alfa lan Oméga, pangrèh jagad lan swarga.  
 Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan.  
 Hakim ing wekasan, kang ngasta pangadilan.

--- umat jumeneng ---

**PANGAKEN PITADOS**

P/D: *(nuntun ngékraraken Pangaken Pitados Rasuli)*

**DONGA RAMA KAWULA**

P/D: *(nuntun ngonjukaken Donga Rama Kawula)*

--- umat lenggah ---

**PANDONGA SAFAAT**

PS: *(nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi ngucapaken: “..... wonten ing sih-piwelas Paduka kawula ndedonga .....)*

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 434:2, 3)*

KPJ 434 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR

Do=G 4/4

- 2) Gusti, mugé myarsakaken pasambat kula  
awit kawula punika putra Paduka  
Reff : Gusti, mugé nuntun kawula  
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
  
- 3) Nggèn kula darbé panyuwun, mung sih Paduka  
ingkang dados paugeran miwah landhesan.  
Reff : Gusti, mugé nuntun kawula  
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

P+U: **Amin**

**PEPUJÈN SAKING PADUAN SUARA** *(menawi wonten)***PISUNGSUNG**

P/D: Pangandikanipun Gusti Allah minangka tetales anggèn kita saos pisungsung, kapethik saking Matius 2:1 makaten,

“Nalika Yésus wus miyos ana ing Bètlehèm, wilayah Yudéa, yaiku nalika jamané Raja Hérodès, lah ana para

pandhita saka Wétan padha teka ing Yérusalèm“ (Mat. 2:1)

--- (salebetipun kanthong pisungsung kaladosaken, kairing  
lelagon/instrumèntalia KPJ 214) ---

--- umat jumemeng ---

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 214:1-2)

### KPJ 214. ANÈNG PAMAKANAN

Do=E 3/4

- 1) Anèng pamakanan, iku dunungnya;  
ginedhong ing kain, sèstu prasaja.  
Lelintang ing langit padhang nelahi,  
dé Yésus Gustiku saré kepati
- 2) Raja-kaya nywara, kang néndra wungu,  
nadyan piniyarsa nging tan ngreridhu  
Samangkya atiku sèstu rahayu,  
wit Gusti, mitraku nentremken kalbu.

P/D: (nuntun pandonga saos pisungsung)

### KIDUNG PANGUTUSAN

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 215:1-4)

### KPJ 215. ANENG SALUMAHING BUMI

Do=C 2/4

- 1) Aneng salumahing bumi srungumandhang pamuji.  
Aneng ngare miwah ardi, kidunging bala swargi,  
Reff.: Gloria in excelsis Deo! Gloria in excelsis Deo!
- 2) Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,  
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-renana  
Reff.: Gloria in excelsis Deo! Gloria in excelsis Deo!

- 3) Wus miyos Juru-basuki, yeku isining puji,  
panggungung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad,  
Reff.: Gloria in excelsis Deo! Gloria in excelsis Deo!
- 4) Payo kita samnya muji sareng lan bala swargi  
srana kidunging pamuji, kanthi tulusing ati,  
Reff.: Gloria in excelsis Deo! Gloria in excelsis Deo!

### PANGUTUSAN

- PS: Eterna manah panjenengan dhumateng jagad.  
U: **Kawula nggeneraken manah kawula dhumateng jagad.**
- PS: Giyarna pawarta wiyosanipun Gusti Yésus dhateng saindenging jagad.  
U: **Kawula badhé nggiyaraken pawarta / bilih Sang Sabda punika / sampun dados manungsa.**
- PS: Pinujia Allah Rama, Putra, lan Roh Suci!  
U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula saking Sih-Ipun / samangké dumugi salami-laminipun.**

### BERKAH

- PS: “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang (kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;  
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang (kita) kowé, lan maringana sihrahmat;  
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem rahayu.”  
(Wilangan 6:24-26)
- U: *(ngidungaken KPJ 464 “Amin”)*  
**Amin, Amin, Amin.**

### PANUTUP

- U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 229:1-3)*  
KPJ 229. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=F 6/4

- 1) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki  
pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti  
memuja, misungsung, ngaken dosa, lan nyenyuwun,  
bingah-bingah trus ing manah. Sung kabegjan dhateng liyan  
numrahna! Raharja wit wus prapta Sang Pamarta.

--- *Salebetipun umat ngidungaken KPJ 229, Palados Sabda  
masrahaken Kitab Suci dhumateng Ingkang Ngrukti  
Pangibadah* ---

- 2) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki  
brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan  
ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata.  
Ngluwarana tyang sangsara wah mbélani tyang prihatin,  
mrih samya rahayu, wit Sang Kristus sampun rawuh.

--- *Salah satunggaling Pinisepuh/Dhiaken, mejahi Lilin  
Ibadah, loncèng kaungelaken ambal-ambalan* ---

- 3) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki,  
pepanggihan lan pra mitra sesarengan anèng gréja  
memuji mring Gusti wah leladi mring sesami,  
angrukunna tyang congurahan wah nyirnakna kamitégan,  
ngegungna sih-tresna. Kristus Gusti sampun prapti.

--- *Pelados Sabda tuwin Ingkang Ngrukti Pangibadah miyos  
saking papan pangibadah* ---

[NS-DEN]





**Liturgi Minggu  
Sasampunipun Natal**

**27 Dhésèmber 2020**



**Sukarena  
Nampèni Sang  
Panebus**



**Katerangan:**

PL= Pelados Liturgi; PS= Pelados Sabda;  
L= Lèktor; U= Umat

**PACAWISAN**

- Pandonga pacawisan paladosan ibadah.
- Nyumet lilin.

**NGEMPAL**

*--- umat jumeneng ---*

**TIMBALAN IBADAH**

PL: Haléluya! Padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah kang ana ing swarga! Padha saosa puji marang Panjenengané kang ana ing ngaluhur!

U: **Hé sakèhé malaékaté, \padha saosa puji marang Panjenengané! Hé wadya-balané, \padha saosa puji marang Panjenengané!**

PL: Hé srengéngé lan rembulan, padha saosa puji marang Panjenengané! Hé sakèhing lintang kang gumebyar, padha saosa puji marang Panjenengané!

U: **Hé langit kang ngungkuli sakèhé langit, padha saosa puji marang Panjenengané! Hé, banyu kang ana ing sandhuwuring langit!**

PL: Sakabèhé iku padha memujia marang asmaning Yéhuwah, amarga Pangéran ngandika, samubarang kabèh banjur padha dumadi.

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 21:1-3)*

**KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA**

Do = A 3/4

1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,  
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya  
Haléluya! Haléluya!

*--- Arak-arakan para pelados ibadah lumebet dhateng papan pangibadah ---*

2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,  
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.  
Haléluya! Haléluya!

3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,  
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.  
Haléluya! Haléluya!

### **VOTUM**

PS: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yéhuwah ingkang nitahaken langit, bumi, saganten tuwin saisinipun sadaya.

U: *(ngidungaken KPJ 464a "Amin")*  
**Amin, Amin, Amin.**

### **SALAM**

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, tuwin saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing (kita) panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

--- *umat lenggah* ---

### PAMBUKA

PL: Gusti Yésus Kristus sampun rawuh ing tengah-tengahing gesangipun umat manungsa. Sumangga kita raosaken karawuhan-Ipun ingkang ndhatengaken kabingahan tumrap jagad.

Ibadah dinten punika dipun padhangi déning jejer **“Sukarena Nampèni Sang Panebus”**. Tiyang pitados mangertosi dhirinipun minangka pribadi ingkang kaparingan tetenger anyar déning Gusti Allah, inggih punika minangka putra-putranipun Gusti Allah. Sadaya punika namung karena sih-rahmatipun Sang Panebusing Jagad, ing pundi kita manungsa cilaka punika sampun kaparingan pangapunte tuwin kawilujengan déning Gusti Allah. Sumangga kita tanggapi kanthi sukarena:

U: (*Ngidungaken KPJ 215:1-4*)

#### KPJ 215. ANÈNG SALUMAHING BUMI

Do=F 4/4

- 1) Anèng salumahing bumi srungumandhang pamuji.  
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,  
Reff.: Gloria in excelsis Déo ! Gloria in excelsis Déo !
- 2) Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,  
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-rena  
Reff.: Gloria in excelsis Déo ! Gloria in excelsis Déo !
- 3) Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,  
panggungung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad,  
Reff.: Gloria in excelsis Déo ! Gloria in excelsis Déo !

- 4) Payo kita samnya muji sareng lan bala swargi  
 srana kidunging pamuji, kanthi tulusing ati,  
 Reff.: Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

### PANGAKENING DOSA

PL: Asring tiyang mangertos punapa ingkang saé, ananging dèrèng temtu nindakaken. Kadagingan taksih asring nguwaosi manah utawi pangangen-angenipun manungsa, ngantos wohing pandamel ingkang katindakaken sanès ingkang leres. Makaten ugi watak tansah mentingaken dhiri pribadi, asring dados pepalang kanggé nanggapi pakaryanipun Gusti Allah ing gesang, ngantos mboten gampil bingah ing satengahing tiyang ingkang bingah-bingah. mBoten saged tumut nangis ing satengahing tiyang ingkang nangis. Makaten ugi wonten ing gesang padintenan, minangka putra-putranipun Gusti Allah ingkang nampi sih-rahmat panebusan dosa ananging mboten dipun gegesang kanthi katresnan. Sumangga kita akeni dosa kita. Gusti Allah kita punika setya tuwin adil. Panjenenganipun badhé ngapunteni sadaya dosa kita sarta nucèkaken kita saking piala kita. Pasamuwan kula aturi ndedonga sacara pribadi.

U: (*Umat kacawisan wekdal kanggé ndedonga sacara pribadi watawis 30 sekon*)

PL: (*Nuntun pandonga pangaken dosa sesarengan*)

U: (*Ngidungaken KPJ 45:1-4*)

### KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.  
 Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
 Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.  
 Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.  
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

--- *umat jumeneng* ---

### PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Minangka abdinipun Gusti Allah, kula nélakaken sih-rahmat, pangapuraning dosa tumanduk ing gesang panjenengan ingkang sami rawuh ing Asmanipun Gusti Allah, sarta sami ngakeni sadaya dosa-dosanipun, tuwin prajanji badhé mratobat.

U: **Pinujia Gusti Allah kita!**

PS: Sabdanipun Gusti Allah nalikanipun umat Israèl ing tanah pambuwangan, piningan kabar kawilujengan, sarta dosanipun sampun kaapura: “..... *sarta bakal Sunulihaké mréné, supaya padha manggon ana ing tengahé Yérusalèm, apadéné bakal padha dadi umatingSun, sarta Ingsun dadi Allahé kalawan kasetyan lan kaadilan.*” (Zakaria 8:8)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *umat sami jawat asta utawi ngaturaken Namaste dhateng sakiwa-tengenipun, kalayan ngucapaken: “**tentrem-rahayu**”* ---

U: (Ngidungaken KPJ 69:1, 4)

KPJ 69. ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA

Do=Bes 4/4

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,  
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.  
Salir tyang pracaya lamun tansah setya  
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.  
Reff.: Sung sembah puja konjuk Sang Rama,  
kang paring nugraha tentrem raharja.

Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,  
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

- 4) Pangéran murbénggrat nglubèrken sih-rahmat.  
mbélani tyang leres saking panindhes.  
Nunggil tyang pracaya temahan santosa,  
kuwawa ngasorken salir panggodha.  
Reff.: Sung sembah puja konjuk Sang Rama,  
kang paring nugraha tentrem raharja.  
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,  
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

--- umat lenggah ---

### **PALADOSAN SABDA**

#### **Pandonga Nyuwun Panuntunipun Roh Suci**

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

#### **Pamaosing Kitab Suci**

##### Waosan Kapisan

L: (*Maos waosan kapisan saking Yésaya 61:10-62:3*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

##### Masmur Tanggapan

L: (*Maos Masmur tanggapan saking Jabur Masmur 148*  
*saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

##### Waosan Kaping Kalih

L: (*Maos waosan kaping kalih saking Galatia 4: 4-7*)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

##### Waosan Injil

PS: (*Maos waosan Injil saking Lukas 2: 22-40*)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

"Kang rahayu iku wong-wong kang padha ngrungokaké lan nggatèkaké pangandikaning Allah." (Luk. 11:28)  
Haléluya!

U : (*Ngidungaken KPJ 468 "Haléluya"*)  
**Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

### **Khotbah:**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: "Sukarena Nampèni Sang Panebus"*)

### **Wekdal Ening**

--- umat jumeneng ---

### **PANGAKEN PITADOS**

P/D: Sesarengan kaliyan sadaya tiyang ingkang tuwuh ing salebeting kapitadosan dhumateng Gusti Allah ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita kiyataken malih janji baptis kita kanthi ngékraraken Pangaken Iman Rasuli ingkang makaten .....

--- umat lenggah ---

### **PANDONGA SAFAAT**

PS: (*Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

### **PISUNGSUNG**

P/D: Sumangga kita nélakaken sokur kita dhumateng Gusti Allah kanthi ngèngeti Sabdanipun Gusti ing 1 Babad 29:17 ingkang makaten suraosipun,

".... Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang éklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sadaya kanthi manasuka saha kalayan legawaning manah; déné ing samangké, umat Paduka

ingkang wonten ing ngriki kawula tingali sami ngunjukaken pisungsiung manasuka kalayan senenging manah.”

Sesarengan kita ngaturaken pisungsiung, kita ngidungaken KPJ 157:1-3.

U: (ngidungaken KPJ 157:1-3)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsiungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.  
Aturna pisungsiungmu kanthi sukarena.  
Reff.: Caosna pisungsiungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
  
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan sarana samubarang saisining bumi, jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.  
Reff.: Caosna pisungsiungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
  
- 3) Pisungsiung kagem Gusti dadia sarana amrih kratoning Allah énggal kelampah.  
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.  
Reff.: Caosna pisungsiungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

--- umat jumeneng ---

P/D: (Nuntun pandonga pisungsiung)

### **KIDUNG PANGUTUSAN**

PS: Janjinipun Gusti Allah sampun dipun-tetepi, Sang Panebus dosa sampun rawuh sarta ndandosi gesangipun manungsa dados anyar. Mugi katresnanipun Gusti Allah ingkang langkung saking sedayanipun, karaosna ing manahipun sesami lumantar umatipun Gusti Allah.

U: **Kawula badhé sinau/nresnani Gusti Allah/sarta andum katresnanipun Gusti Allah/kanthi sukarena dhateng sesamining manungsa.**

U: *(Ngidungaken KPJ 439:1, 2)*

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,  
kathah tyang kang ngresula.  
Karana panandhang, samya nggresah  
miwah semplah ing manah.  
Reffr : Sumangga, Gusti ngagem kawula,  
mrih ngèngetna para kanca,  
sengkut makarya nglawan godha  
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
  
- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti  
kanthi setya nglampahi  
margining luwar saking sangsara,  
temah samya raharja.  
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,  
mrih ngèngetna para kanca,  
sengkut makarya nglawan godha  
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

### **PANGUTUSAN**

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah!**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS: Pinujia Gusti Allah kita!

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

**BERKAH**

PS: Mengkera kanthi tentrem rahayu. Panjenengan èstokna dhawuhipun Gusti, tuwin gesanga kagem Panjenenganipun. Awit saking punika, sami nampènana berkahipun Gusti Allah:

Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang (kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang (kita) kowé, lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem rahayu.

(Wilangan 6:24-26)

U: (ngidungaken KPJ 472 “Haléluya Amin”)

**Haleluya!** (5x), **Amin!** (2x).

--- uruping lilin ibadah dipun pejahi, ibadah paripurna ---

[PKM-DEN]



## Liturgi Tutuping Warsa 2020

Kemis,  
31 Dhésèmber 2020



## Dados Titah ing kang Mulya



PS: Palados Sabda; PL: Palados Liturgi; L: Lèktor;  
W: Pinisepuh/Dhiaken ing kang maos Pawarta Pasamuwan.

### PACAWISAN

- *Wekdal ening/pandonga pribadi kairingan lelagon/musik instrumentalia.*
- Bèl kapisan kaungelaken, para palados pangibadah ndedonga ing konsistori.
- Bèl kaping kalih kaungelaken, W maos pokok-pokoking Pawarta Pasamuwan, sarta ngaturi umat lumebet ing wekdal ening.
- Bèl kaping tiga kaungelaken, *PL nyumet lilin ibadah.*

### TIMBALAN NGIBADAH

PL: Para Sadhèrèk ing kang binerkahan sarta ingayoman déning Gusti Allah,  
Samangké kita dumugi ing pungkasaning taun 2020.  
Sumangga kita saos sokur awit sadaya pengalaman

bingah-sisah ingkang sampun kelampahan ing sadangunipun taun punika.

--- *umat jumeneng, ngidungaken KPJ 395:1-2, para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah* ---

U: *(Ngidungaken KPJ 395:1-2)*  
 KPJ 395. SAWATARA AKU NOLÈH

Do=E 3/4

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati, sihé Gusti kang dak tanpa kanthi éraming ati. Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan, nanging Gusti karsa nuntun. Mulané aku ngungun, wit astaning Allah ngreksa, temah rumangsa begja
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya; ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa. Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan. Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa ? Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

### VOTUM

PS: Sumangga kita ngakeni bilih ing sadangunipun taun 2020 punika: “Kadosdéné peksi, nyawa kawula uwal saking jireting tiyang ingkang badhé nandukaken piawon; jiret punika sampun pedhot, sarta kita sami uwal saking jiret wau! Amargi pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.”

U: **Haléluya! Pinujia Gusti Allah kita! Amin.**

### SALAM

PS: Berkah saha pangayomanipun Gusti Allah Rama, Putra, lan Roh Suci, tansaha nunggil gesang (kita) panjenengan.

U: **Sarta nunggil ing panjenengan ugi.**

--- umat lenggah ---

### **PANGAKEN DOSA**

PL: Sadinten-dinten ingkang kebak ing geguletaning gesang, sampun saget kita langkung amargi Gusti Allah karsa cawé-cawé. Punapa kita ènget dhateng panganthinipun Gusti punika?

--- ening sawetawis ---

PL: Sumangga kita ndedonga,  
Dhuh Allah, kawula saos sokur awit saking panganthi Paduka ing sauruting taun 2020. Kawula ugi nyuwun pangapunten awit asring kawula nuntut Paduka nindakaken ingkang kawula péngini. Nalika pepénginan kawula mboten maujud, kawula asring gampil dados kuciwa sarta nglepataken Paduka. Paduka apunteni anggèn kawula mentingaken dhiri sarta anggèn kawula aleman. Ing Asmanipun Gusti Yésus, kawula nyuwun sih-kawelasan Paduka.

Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 391:1-2*)

KPJ 391. KAWULA SÈSTU NGAKENI

Do=D 4/4

- 1) Kawula sèstu ngakeni kanthi tulus ing driya,  
dosa kang kula lampahi salebet ing warsi lami.  
Gusti mugè angaksami, mrih ayem ing tyas kula
- 2) Dhuh Gusti mugè nulungi; wit kwasaning Roh Suci,  
ing warsa énggal punika kawula gesang sembeda;  
tansah mbangun- turut Gusti, ulah tresna sejati

--- umat jumeneng ---

### **PAWARTOS SIH RAHMAT**

PS: Ing salebeting pasrah sawetahipun dhumateng Sihipun Sang Rama, tampènana pawartos pangapuraning dosa ingkang kaserat ing **Éfésus 1:5-6**,

“Marga saka sih-palimirané wiwit wiwitan mula Panjenengané wus kepareng netepaké kita kaangkat dadi para putrané, marga saka Yésus Kristus, manut sakeparenging karsané. Supaya pinujia sih-rahmaté kang luhur, kang kaparingaké marang kita ana ing Panjenengané kang kinasih.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Haléluya! Pinujia Gusti Allah kita! Amin.**

PS: Kita ingkang sampun karukunaken déning Gusti Allah, sumangga sami dados ingkang mbekta bedhamèn. Kita aturi salam Namaste dhumateng para sadhèrèk ing sakiwa tengen kita.

*--- umat sami ngaturaken Namaste dhateng sakiwa-tengenipun, kalajengaken ngidungaken KPJ 97:2-3 ---*

U: (*Ngidungaken KPJ 97:2-3*)

KPJ 97. UWAL SING LAKNAT

Do=D 9/8

- 2) Saiki kita padha mardika,  
Gusti wus nanggal ing slamet kita,  
linuputken sing karusakan,  
sinucèkken babar-pisan,  
Reff.: Babar pisan dènnya nulungi,  
babarpisan dènnya ngrampungni.  
Rumaketa ing pamenthangan,  
mesthi luwar babarpisan.
  
- 3) Putrané Allah, sebutan kita,  
kang tilas satru pinundhut mitra,  
kang utang pati inguripan,  
wit tinebus babar-pisan.  
Reff.: Babar pisan dènnya nulungi,

babarpisan dènnya ngrampung.  
Rumaketa ing pamentangan,  
mesthi luwar babarpisan.

## **PALADOSAN SABDA**

### **Pandonga Nyuwun Panuntunipun Roh Suci**

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

### **Pamaosing Kitab Suci**

#### Waosan Kapisan

L: (*Maos waosan kapisan saking **Wilangan 6:22-27***)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L: (*Maos Masmur tanggapan saking **Jabur Masmur 8:2-10*** saged *kawaos gentosan kaliyan umat*)

#### Waosan Kaping Kalih

L: (*Maos waosan kaping kalih saking **Galatia 4:4-7***)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Waosan Injil

PS: (*Maos waosan Injil saking **Lukas 2:15-21***)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.  
“ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang  
mirengaken saha nggatosaken pangandikaning Allah.”  
Haléluya!

U: **Haléluya! Pinujia Gusti Allah kita! Amin.**

### **Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: "Dados Titah ingkang Mulya"*)

### **Wekdal Ening**

--- umat jumeneng ---

### **PANGAKEN PITADOS**

PL: Sumangga kanthi jumeneng sarta kanthi temen-temen, sesarengan kaliyan sadaya umatipun Gusti Allah, kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten, .....

--- umat lenggah ---

### **PANDONGA SAFAAT LAN DONGA RAMA KAWULA**

PS: (*Nuntun pandonga safaat kalajengaken Donga Rama Kawula*)

### **PISUNGSUNG**

PL: Gusti Allah sampun mberkahi sarta ngayomi kita ing sauruting taun 2020 punika, sumangga kita saos sokur dhumateng Panjenenganipun kanthi ngaturaken pisungsung. Minangka tetales pisungsung, kapendhet saking **1 Babad 29:14** makaten,

“Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, déné kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdéné sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika ...”

### **KIDUNG PISUNGSUNG**

U: (*ngidungaken KPJ 154:1-2*)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti. Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang, jiwa lan raga,

wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
mugi katampia atur kawula,  
mrih gesang kawula kagama Paduka  
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;  
kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula  
sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
mugi katampia atur kawula,  
mrih gesang kawula kagama Paduka  
pirantos sapala.

--- umat jumeneng ---

### PANDONGA PISUNGSUNG

PL: *(Nuntun pandonga ngaturaken pisungsung)*

### PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng  
Gusti Allah!**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus ingkang nyariyosaken  
kabar kabingahan!

U: **Kawula samekta dados seksi Paduka**

PS: Pinujia Gusti Allah kita!

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

U: *(Ngidungaken KPJ 397:1-3)*

KPJ 397. WUS DUGÈNG WANCINYA

Do=D 4/4

- 1) Wus dugèng wancinya kita nilar warsa lami

gya napaki panjangnya warsa énggal puniki;  
nadyan tan saged andugi begja lan bilai,  
ning krana sihing Gusti, kita samya basuki

- 2) Saben mangsa tinata manut ing lampahira wonten pepanggihan ugi wonten pepisahan, nging kang wigati tansah nyawijia mring Gusti amrih kita sadaya sami gesang basuki.
- 3) Silih andongakna, mrih raharja salampahnya, mantep ing pracaya, wah sembada gesangira. Suméndhé mring Gusti, miwah asih mring sesami, Yéku jatidhirining putra-putraning Gusti.

PS: Sumangga kita pethukaken taun anyar punika kanthi berkahipun Gusti:

Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang (kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang (kita) kowé, lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem rahayu.

(Wilangan 6:24-26)

U: **Haléluya! Pinujia Gusti Allah kita! Amin.**

[MFH-DEN]



**Liturgi Warsa Anyar****1 Januari 2020****Satimbangan  
Gesang Kristen**

U: Umat; PS: Palados Sabda; PL: Palados Liturgi; L: Lèktor;  
P/D: Pinisepuh/Dhiaken

**Pacawisan**

- *Juru musik ngungelaken lelagon/instrumentalia rohani.*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan.*

--- P/D ngaturi umat jumeneng, ngidungaken KPJ 27:1,3 ---

U: (Ngidungaken KPJ 27:1, 3)

KPJ 27. SAKÈHING TITAH ING BUMI

Do=D 1/4

- 1) Sakèhing titah ing bumi padha giranga memuji.  
Haléluya, haléluya! Surya prakosa sumunar,  
candra, kartika kababar.  
Puji Gusti saben wanci.  
Haléluya, haléluya, haléluya!

--- para palados ibadah lumebet ing papan ibadah ---

- 3) Banyu bening resik murni, tambaning ngelak, ngresiki.  
 Haléluya, haléluya! Geni anget gawé girang,  
 panggah tur awèh pepadhang.  
 Puji Gusti saben wanci.  
 Haléluya, haléluya, haléluya!

### **Votum**

- PS: Ibadah punika kelampahanipun awit saking Asmanipun Allah Rama, Putra, lan Roh Suci, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.  
 U: (*Ngidungaken “Amin, Amin, Amin”*)  
**Amin, Amin, Amin.**

### **Salam**

- PS: Sih-kasetyanipun Gusti Allah nunggila ing (kita) panjenengan.  
 U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- umat lenggah ---

--- (*Ungelna **suwantening alam**: toya mili, suwanten peksi utawi peksi ngocèh. Ketingalna gambar gesanging alam donya ingkang salaras*) ---

- PS Pirsanana tuwin pirengna sadaya titahipun Gusti Allah, nindakaken jebibahaning gesang peparingipun Gusti Allah. Katitahaken kanthi tumata, sami-sami nyanggi supados gesang salaras kababar nyata.  
 Kasekécakna ngraosaken patunggilaning umat, ingkang sami-sami ngiyataken ing salebeting gesang ngumbara, murih saya mepeng anggènipun ngudi kasaénan.  
 U: (*Ngidungaken KPJ 71:1, 4*)  
 KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti,  
 lintang abyor ing dalu kang sepi,  
 wah gumleger ing gludhug ing akasa,  
 kula ngungun gung ing kamulyanta.  
 Refrein: Nyawa kula gya sumyak sung puja,  
 yekti Allah mahakwasa.  
 Nyawa kula gya sumyak sung puja,  
 Yekti Allah mahakwasa.
- 4) Klangkung ageng sih-katresnan Paduka,  
 ingurbanken Sang Kristus, Kang Putra,  
 sinangsara, séda tedhak naraka,  
 mrih manungsa basuki slaminya.  
 Refrein: Nyawa kula gya sumyak sung puja,  
 yekti Allah mahakwasa.  
 Nyawa kula gya sumyak sung puja,  
 Yekti Allah mahakwasa.

## KAWULA INKGANG NGLALÈKAKEN

--- (Ketingalna **vidhio cekak** ingkang nggambaraken  
 karisakaning alam, sesambedanipun manungsa,  
 panyiksaning kéwan lsp.) ---

---- ening sawetawis ----

PS: Punapa ingkang kita prsani punika mujudaken cihnaning  
 anggèn kita nglalèken njagi salarasing gesang, cihnaning  
 anggèn kita mboten saget njagi salarasing gesang  
 salebeting katresnan. Anggèn kawula gagal mujudaken  
 satimbanganing gesang. Dhuh Allah, kaapuntenana dosa  
 kawula.

--- umat ngakeni dosanipun sacara pribadi ---

PS: Kanggé saben tutuk ingkang ngakeni, kaapuntenana dosa kawula dhuh Allah.  
 Kanggé saben manah ingkang keduwung, kawula kaparingana tentrem.  
 Kanggé saben keduwunging gesang, katresnanana kawula dhuh Allah.  
 Mugi karsaa miyarsakaken pasambat kawula ing Asmanipun Sang Panebus kawula, Gusti Yésus Kristus.  
 Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 48:1-3*)  
 KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

- 1) Gusti angantya sira wong dosa.  
 Aruming swara nimbali sira.  
 Nyuwuna luwar lan pangapura!  
 Mareka, saosna ati nira!  
 Refrein: Lah mareka! Gusti angantya,  
 aywa adoh-adoh, umareka!  
 Gusti anganti-anti sira!  
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!
  
- 2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.  
 Nyata gampang lamun liniwatan.  
 Nging sira tan nduga tan uninga!  
 yéku tan anjog mring nagri baka!  
 Refrein: Lah mareka! Gusti angantya,  
 aywa adoh-adoh, umareka!  
 Gusti anganti-anti sira!  
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!
  
- 3) Nging marga kang anjog ing kabegjan.  
 ciyut, angèl kalamun dèn ambah.  
 Kang mangkono datan kauningan!  
 mangka iku margining Yéhuwah.

Refrein: Lah mareka! Gusti angantya,  
 aywa adoh-adoh, umareka!  
 Gusti anganti-anti sira!  
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

--- *umat jumeneng* ---

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS: Pirengna pangapunten ingkang dipun télakaken Gusti Allah wonten ing Sih-kasetyan-Ipun ingkang makaten:  
 “Katresnan lan kasetyan iku njalari dosa kaapura, sarta wedi-asih marang Sang Yéhuwah iku margané wong ngedohi piala.” (Wulang Bebasan 16:6)

--- *umat sami ngaturaken Namaste dhateng sakiwa-tengenipun, kalajengaken ngidungaken KPJ 78:1, 3* ---

U: (*Ngidungaken KPJ 78:1, 3*)  
 KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;  
 aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffein: Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya  
 Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya

3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,  
 klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reffein: Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya  
 Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya

--- *umat lenggah* ---

**PALADOSAN SABDA****Pandongang Nyuwun Panuntunipun Roh Suci**

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

**Pamaosing Kitab Suci**Waosan Kapisan

L: (*Maos waosan kapisan saking **Kohèlèt 3:1-13***)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L: (*Maos Masmur tanggapan saking **Jabur Masmur 8***  
*saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L: (*Maos waosan kaping kalih saking **Wahyu 21:1-6a***)  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: (*Maos waosan Injil saking **Matius 25:31-46***)  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

“ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken saha nggatosaken pangandikaning Allah.”  
Haléluya!

U: (*Ngidungaken KPJ 468 “Haléluya”*)  
**Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

**Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: “Satimbangang Gesang Kristen”*)

**Wekdal Ening**

--- umat jumeneng ---

**Pangaken Pitados**

P/D Sumangga sesarengan kita ékraraken pangakening kapitadosan kita manut Pangaken Pitados Rasuli, .....

--- umat lenggah ---

**Pandongga Safaat**

PS: *(Nuntun pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)*

**PISUNGSUNG SOKUR**

P/D: Saèstu pantes saos sokur dhumateng Gusti Yésus Kristus Sang Sesirahing Pasamuwan.

“Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang éklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sadaya kanthi manasuka saha kalayan legawaning manah; déné ing samangké, umat Paduka ingkang wonten ing ngriki kawula tingali sami ngunjukaken pisungsung manasuka kalayan senenging manah.” (1 Babad 29:17)

U: *(Ngidungaken KPJ 172:1-3)*

KPJ 172. MANUNGSA NANEM WIJI

Do=G 4/4

- 1) Manungsa nanem wiji taberi ngrimati,  
 nging tuwuh miwah suburnya Allah kang mberkahi.  
 Pangéran paring jawah lan sunaring surya,  
 temah mbiyet wohira kathah tan kinira.  
 Reff.: Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.  
 Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.
  
- 2) Saliring kang cinipta agal wah alusa,  
 ardi gung miwah samodra sarta manawasa,  
 datan kalirwakaken wus tamtu rinimat.  
 Tedha kula lumintu, mboten naté kendhat.  
 Reff.: Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.  
 Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.

- 3) Atur panuwun kula konjuk mring Sang Rama  
 dé sampun paring nugraha sandhang miwah tedha  
 datan saged winical krana kanthahira.  
 Pujia Sang Rama Mamirah wah loma.  
 Reff.: Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.  
 Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.

---umat jumeneng ---

### **Pandongga Sokur**

P/D: (*Nuntun pandonga pisungsung*)

### **PANGUTUSAN**

U: (*Ngidungaken KPJ 390:1-3*)

KPJ 390 GUNAKNA WEKTUMU PARINGÉ GUSTI

Do=Es 4/4

- 1) Gunakna wektumu paringé Gusti,  
 wit uripmu cekak pindha kembang.  
 Endi barang langgeng ing donya iki,  
 amung katresnan ywa nganti ilang.  
 Reff.: Barang kang ana, isining donya;  
 saguning kang éndah bakal musna.  
 Mung katresnanmu demi Sang Pamarta,  
 gedhé ajiné tan bakal sirna.
  
- 2) Aja tan migunakaké wektumu,  
 lipur lan tulungen kang kesasar.  
 Mulyakna Gusti ana ing uripmu,  
 dimèn lampumu tansah sumunar.  
 Reff.: Barang kang ana, isining donya;  
 saguning kang éndah bakal musna.  
 Mung katresnanmu demi Sang Pamarta,  
 gedhé ajiné tan bakal sirna.
  
- 3) Pakaryanmu kang demi Yésus Kristus  
 bakal tinampi klayan katresnan.

Katresnan kang kababar kanthi tulus,  
ingundhuh mbésuk anèng kaswargan.

Reff.: Barang kang ana, isining donya;  
saguning kang éndah bakal musna.  
Mung katresnanmu demi Sang Pamarta,  
gedhé ajiné tan bakal sirna.

PS: Tansaha lelados, saé utawi mboten saé wekdalipun;  
Tansaha rawuh kanggé saben tiyang ingkang mbetahaken  
pitulungan;  
Tansaha ngudi kababaring kaadilan lan kabecikan kanggé  
sadaya titah;  
Gusti Allah ngutus kita sarta Panjenenganipun ingkang  
nyantosakaken sarta mberkahi paladosan kita.  
Katindakna ing salebeting berkahipun Gusti.

### **BERKAH**

PS: Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang  
(kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;  
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané  
marang (kita) kowé, lan maringana sihrahmat;  
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané  
marang (kita) kowé, lan maringana tentrem rahayu.  
(Wilangan 6:24-26)  
U: (ngidungaken KPJ 472 “Haléluya Amin”)  
**Haleluya!** (5x), **Amin!** (2x).

[DVA-DEN]





**Liturgi Minggu,  
3 Januari 2021**



**Dados  
Putranipun  
Pepadhang**



P= Palados Ibadah, PS= Palados Sabda, L= Lèktor

**PACAWISAN**

- Wekdal ening/pandonga pribadi
- Bèl kapisan kaungelaken
- Bèl kaping kalih kaungelaken, P1 lumebet dhateng papan pangibadah.

**TIMBALAN IBADAH**

P1: Para Sadhèrèk, Sang Pepadhang ingkang sejati sampun miyos ing jagad. Panjenenganipun sampun miyos ing manah kita. Sang Pepadhang njalari kita gesang lan ngadhahi pangajeng-ajeng. Ananging, mboten namung punika. Sang Pepadhang sampun ndadosaken kita putra-putranipun Sang Pepadhang. Panjenenganipun ngersakaken supados kita ugi nyunaraken pepadhangipun Gusti Yésus wonten ing gesang padintenan.

--- P1 nyumet lilin ---

**KIDUNG PAMUJI**

---umat jumeneng, sesarengan ngidungaken **KPJ 385**,  
kakidungaken kaping kalih. Salebetipun umat ngidungaken **KPJ**

*385, Pradataning Pasamuwan, Palados Sabda, Palados Pangibadah  
mlebet ing papan pangibadah ---*

### KPJ 385. SRENGÉNGÉ NYUNAR

Do=Bes 2/4

Srengéngé nyunar kanthi mulya;  
manuké ngocèh klawan rena;  
anginé midit ana ing wiwitan;  
kéwané bebungah ing pasuketan.  
Kabèh padha muji Allah kang loma;  
kabèh padha muji Allah kang loma.

### VOTUM

PS: Sang Yéhuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi  
punika tukung pitulungan kita. Panjenenganipun Sang  
Pepadhang kang suci tuwin langgeng.

U: **Amin.**

PS: Katentreman tuwin katresnanipun Sang Kristus  
madhang (kita) panjenengan.

U: **Tuwin madhang panjenengan ugi.**

*--- umat lenggah ---*

### ATUR PAMBUKA

P2: *(maos geguritan “Terang dan Kegelapan”)*

### Terang dan Kegelapan

Saat surya di puncak teriknya, saat terangnya paling terang,  
dan tak seorang pun mampu menatap kharisma wajahnya.

Aku hanya bisa menunduk ke tanah, dan kulihat gelap  
bayangku sendiri.

Saat menggerakkan badanku, gelapnya mengikuti gerakku,  
hitamnya mengikuti langkahku.

Semakin ku berlari, ia terus menghampiri, tak jua ia ingin pergi.  
Gelap itu sirna saat teduh di bawah gelap lainnya.

Sementara gerahku sirna, saat itu pula ku tak lagi melihat wajahnya.

Saat malam tiba, saat ia terhalang bongkahan tanah bulat yang besar, di mana separuh bongkahan tanah itu tak dapat menatap wajahnya, aku mulai merindunya.

Aku menunggu hadirnya, ingin tahu rupa wajahnya, namun tak sanggup, nyalanya menyilaukan penglihatanku.

Aku hanya ingin melihat nyala kecilnya.

Nyala yang dapat ku pandang, meski gelap lebih besar menghadang.

Sekadar ingin melihat matamu, sehingga ku tahu caramu memandang jiwaku.

*Anggitanipun: Novi Cahyo Prabowo*

*Sumber:*

<https://lightdignitysociety2.wordpress.com/2010/07/20/terang-dan-kegelapan-sebuah-kumpulan-puisi/>

## **KIDUNG PAMUJI**

U: (ngidungaken KPJ 101:1, 2)

KPJ 101 ALLAH KANG DADOS PEPADHANG

Do=F 3/4

- 1) Allah kang dados padhang nuntun dhateng kraharjan,  
Astanya sèstu santosa, ngreksa tyang kang pracaya,  
Pepadhanging Allah nganthi, ngirid ing ngajeng lan wuri,  
ngantos dumugèng swargi.
- 2) Allah kang dados pepadhang peparing klayan loma.  
Sabdanya kebak pangwasa, sung pangayoman nyata.  
Sèstu pepakèning Allah nyegerken manah kang lesah,  
wah ngiyatken ing lampah.

## **PANGAKEN DOSA**

P1: Para sedhèrèk, sinaosa Gusti Allah sampun langkung rumiyyin nresnani kita kanthi katresnan ingkang sampurna, ananging saèstu, gesang kita taksih tebih

saking punapa ingkang dipun-kersakaken Gusti Allah. Katresnan, pangapunten, kasabaran, kalilan, kasetyan asring kita lirwakaken. Awit saking punika, kanthi ngraos-raosaken cacat kuciwaning gesang kita, sumangga kita sesarengan nyuwun pangapunten dhumateng Gusti Allah.

U: (*ngidungaken KPJ 49:1-3*)

#### KPJ 49. GUSTI KANG MAHAWILASA

Do=G 4/4

- 1) Gusti Kang Mahawilasa mugi paring aksama  
kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;  
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya  
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng
- 2) Gusti Inggang Mahatresna mugi ngruwat kawula,  
temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti,  
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara,  
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.
- 3) Gusti Inggang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;  
ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.  
Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya,  
nglawan kapèncuting donya, mrih raharja slaminya.

--- umat jumeneng ---

#### PAWARTOS SIH-RAHMAT

P1: Saben tiyang dosa ingkang èstu-èstu mratobat ing ngarsanipun Gusti Allah, kepareng nampèni sih-rahmating pangapunten, kados ingkang dipun-télakaken ing serat Éfesus 3:7-8,

“Krana Injil iku aku wus dadi abdiné miturut ganjaraning sih-rahmaté Allah kang kaparingaké marang aku cocog karo pakaryaning pangwaosé. Aku, wong kang asor dhéwé ing antarané para suci kabèh, wis kaparingan sih-rahmat iki, kanggo martakaké

marang wong-wong dudu Yahudi bab kasugihané  
 Kristus, kang ora kena kinira-kira iku, .... “  
 Makaten Pawartosing Sih-rahmat saking Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### **KIDUNG PAMUJI**

U: (*ngidungaken KPJ 92:1-4*)

#### **KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI**

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.  
 Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,  
 sèstu punika ganjaran dahat agungira.
- 3) Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah,  
 mrih tan nilar kayektosan, wit lubèr ing berkah.
- 4) Nadyan kathah pepalangnya dalasan rubéda,  
 tiyang pitados rineksa, sembada gesangnya.

--- *umat lenggah* ---

### **PALADOSAN SABDA**

#### **Pandonga Nyuwun Panuntunipun Roh Suci**

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

#### **Pamaosing Kitab Suci**

##### Waosan Kapisan

L: (*Maos waosan kapisan saking Yéremia 31:7-14*)  
 Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L: (*Maos Masmur tanggapan saking Jabur Masmur 147:12-20 saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L : (*Maos waosan kaping kalih saking Éfesus 1:3-14*)

Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: (*Maos waosan Injil saking Yohanes 1:1-9*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

"Kang rahayu iku wong-wong kang padha ngrungokaké lan nggatèkaké pangandikaning Allah." (Luk. 11:28)

Haléluya!

U: (*Ngidungaken KPJ 468 "Haléluya"*)

**Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

**Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: "Dados Putranipun Pepadhang"*)

**Wekdal Ening**

--- umat jumeneng ---

**PANGAKEN PITADOS**

P3: Sumangga kita ngénggalaken kayakinan kita kanthi sesarengan nglairaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten .....

--- umat lenggah ---

**PANDONGA SAFAAT**

PS: (*Nuntun pandonga safaat, dipun pungkasi kanthi Donga Rama Kawula kalairaken sesarengan kaliyan umat*)

**PISUNGSUNG**

P4: Sumangga kita aturaken pisungsung dhumateng Gusti kanthi ngèngeti paseksinipun Rasul Paulus punika,  
 “Awit ayahan katresnan kang kokladèkaké iki ora mung nyukupi kabutuhané para suci baé, nanging uga nglubèraké pamuji sokur marang Allah.” (2 Korintus 9:12)

U: (*ngaturaken pisungsung, kalayan ngidungaken KPJ 181:1-3*)

**KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI**

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;  
 datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.  
 Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;  
 sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;  
 sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.  
 Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;  
 awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

--- umat jumeneng ---

- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;  
 sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.  
 Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;  
 sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

P4: (*Nuntun pandonga saos pisungsung lan panutup*)

**PANGUTUSAN LAN BERKAH**

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Sang Pepadhang!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Sang Pepadhang!**

PS: Sami sumebar dhateng saindenging jagad, sunarna pepadhang saking Sang Pepadhang Sejati!

U: **Kawula samekta nyunaraken pepadhanipun Sang Kristus.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti,  
 Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang  
 (kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;  
 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning  
 wadanané marang (kita) kowé, lan maringana  
 sihrahmat;  
 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké  
 wadanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem  
 rahayu.  
 (Wilangan 6:24-26)

--- umat lenggah ---

### PAWARTOS PASAMUWAN

P5: (*Maosaken pokok-pokok pawartos pasamuwan*)

--- umat jumeneng ---

### KIDUNG PANUTUP

U: (*Ngidungaken KPJ 450:1-3*)

KPJ 450. SUMANGGA MAKARYA

Do=Bes 4/4

- 1) Sumangga makarya, para utusan setya  
 Ngundhangaken kabar adya,  
 sih rahmat saking swarga,  
 mrih tyang kang peteng manahnya,  
 dadya padhang lejara.  
 Sumangga samekta, tansah makarya.
- 2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat \*,  
 mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,  
 panggah ngadhepi bebaya, Gusti nganthi slaminya.  
 Sumangga samekta, tansah makarya.

- 3) Sumangga makarya, klayan mantep ing driya,  
manggul salibing Sang Kristus mbélani kang siniya.  
Kang tinindhes sinangsara, bingar, tentrem gesangnya.  
sumangga samekta, tansah makarya.

\* cukat = trengginas, cekatan ( indonesia )

[ERY-DEN]





**Liturgi  
Pahargyan Épifani**

**Rabu, 6 Januari 2021**



**Nadyan Kathah  
Pepalang,  
Tetepa Makarya**



**KATERANGAN:**

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

PS: Pelados Sabda

MJ: Salah satunggiling anggota Pradataning Pasamuwan

**PECAWISAN**

- *Pasamuwan lumebet ing swasana sidhem/wekdal ening*
- *Bèl sepisan kaungelaken*
- *Bèl kaping kalih kaungelaken 3x, PL lumebet ing papan pangibadah*

**TIMBALAN PANGIBADAH**

PL: Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti, wekdal punika kita sami sesarengan mahargya dinten Épifani, ingkang ing ngriku Allah kepareng rawuh dhateng jagad lan angéjawantahaken dhirinipun wonten ing Sariranipun Gusti Yésus Kristus, Sang Sabda ingkang gesang. Lumantar rawuhIpun, kita dipun parengaken nampèni tuntunan nalikanipun kita sami ngadhepi pepalang ing salebeting gesang kita.

**KIDUNG ARAK-ARAKAN:**

**(pas. jumeneng)**

**KPJ 219:3,4 “DAWEG TA KANCA KULA”**

Swawi angalembana, Allah kang Mawilasa  
Sanadyan Maagung, karsa miyarsakaken,  
pamuji kula, pamuji kula.

*~Arak-arakan dipun wiwiti: petugas ngasta Kitab Suci ageng  
lumampah ing ngajeng lan mangké mapanaken Kitab Suci punika  
ing altar, kasambet warga Majelis lan pendhita.*

Anggunggung kawlasané, tuwin kamirahané  
Punika etuké, sakèhing pepariné  
Lan bingah kula, lan bingah kula.

**VOTUM & SALAM:**

- PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti  
Allah ingkang nitahaken langit lan bumi.  
U: *(mujèkaken) AMIN [3X].*  
PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan  
saking Gusti kita Yésus Kristus tuwin patunggilanipun  
Roh Suci wontena ing para Sedhèrèk (kita) sedaya.  
U: *MEKATEN UGI WONTENA ING PANJENENGAN.*

**PAMBUKA:**

**(pas. pinarak lenggah)**

- PL: Para Sedhèrèk, dinten punika pasamuwan sami  
mahargya pangéjawantahipun Gusti Yésus ing tengah-  
tengahing jagad, utawi ingkang asring sinebat dinten  
riyaya Épifani. Katuladhan lan greget ingkang kita  
seksèni saking para tiyang Majus saking tlatah Wétan,  
nadyan kedah ngadhepi kathah pepalang, nanging  
kanthi manah ingkang manteb, tetep kekésahan tebih  
supados sami saged séba lan manembah saha ngabekti  
dhateng Sang Raja, Yésus Kristus. Punapa ingkang kita  
waos ing dinten punika badhé kita gilut lan raos-  
raosaken ing pangibadah punika.

**KIDUNG PEPUJÈN:**  
**KPJ. 223: 1,2,4 “GUMEBYAR”**

Gumebyar, gumebyar, lintang wétan sumunar.  
 Pra pujiangga, saking wétan, madosi Putra kaswargan.  
 Ingkang sampun binabar.

Bètlehèm, Bètlehèm, Pujinen Ratu Salèm.  
 Linuhurna, Hyang Makwasa,  
 tentrem rahajeng nèng bumi, manungsa sinarjonan.

Dhuh Gusti, dhuh Gusti, kawula saos bekti.  
 Ryadin m'nika, mugi kula, winulanga andedonga.  
 Sowan mring Sang Ginusti.

**PANDONGA PANGAKENING DOSA:**

PS: Sumangga kita sami ngakeni dosa kita wonten ing ngarsanipun Allah. Kita sami ngèngeti saben kekirangan tuwin dosa ingkang sampun kita lampahi:  
 Dhuh Allah, mugi paduka ngapunteni sedaya kalepatan kawula. Minangka pasamuwan paduka ing bumi punika, kawula asring dèrèng saged kanthi temen-temen nindakaken peladosan kawula. Kawula ugi asring langkung nengenaken lelados mligi kanggé warganing pasamuwan lan kirang migatosaken warga masyarakat sakiwa tengen kawula. Kawula ugi ngakeni, bilih minangka pasamuwan paduka, kawula asring rumaos kuwatir awit saking wontenipun éwah-éwahaning gesang, punapa déné pepalang ingkang anjalari kawula rumaos kangélan jumangkah. Èstunipun, kawula ugi kedah sami ngalami éwah-éwahaning gesang sarana anggèn kawula langkung manteb ing pitados dhateng paduka dhuh Allah. Kawula ugi nglenggana bilih minangka umat paduka, kawula asring taksih ndamel dredah lan pancakara ing salebeting gesang patunggilan kawula. Mesthinipun kawula sami kedah nyipta

wontenipun pirukun lan tentrem rahayu. Pramila Gusti, mugi paduka ngapunteni sagunging dosa lan kalepatan kawula sami. Mugi Roh Suci kepareng nuntun kawula, supados kawula tansah saged ngrimati gesang patunggilan kawula punika, lan sinagedna kawula sami nuladhani Gusti Yésus Kristus nalikanipun taksih makarya wonten ing jagad punika. Mugi paduka ngapunteni dosa kawula sami, dhuh Allah Rama. Amin.

**KIDUNG PANGAKENING DOSA:**  
**KPJ 231:2,3 “KADOSPUNDI, DHUH GUSTI”**

Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga  
 Gusti tedhak ing donya, nunggil lan pra jalma  
 Tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan  
 Ngrukunken tiyang dosa, dhumateng Pangéran.

Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya  
 Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa?  
 Inggih piwlas Paduka, saha palimirma  
 Lan katresnan Paduka, dhateng tiyang dosa.

**PAWARTOS SIH RAHMAT:** (pas. jumeneng)

PS: Tumrap kita sedaya ingkang sami nglenggani dosa-dosanipun saha aprajanji badhé gesang wonten ing margi ambah-ambahaning Gusti, keparenga sami nampèni pawartos sih rahmat kanthi manah kebak raos sokur kados ingkang pinanggih ing Sabdanipun Allah ing kitab Yeremia 31:3 “*Sang Yéhuwah ngatingali aku saka ing kadohan, pangandikané: Ingsun ngasihi sira klawan katresnan kang langgeng, mulané Ingsun nglestarèkaké sihsusetyaning-Sun marang sira.*”

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti!

U: **PUJI SOKUR KONJUK ALLAH!**

**SALAM TENTREM RAHAYU:**

PL: Awit saking katresnanipun, Gusti Yésus Kristus sampun nebus kita sedaya. Awit saking punika, sumangga kita tresna-tinresnan lan apunten ingapuntenan tinandhan anggèn kita sami jawat asta setunggal lan setunggalipun kanthi nélakaken raos tentrem rahayu.

**Pasamuwan sami jawat asta (utawi namasté) sinarengan pamuji kidung KPJ 460: Tentrem Raharja**

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita  
Tentrem raharja, sing Gusti kita, tumrah mring kita

**KIDUNG PEPUJÈN:****KPJ 235:1,2,3 “LINTANG WETAN”**

Lintang wétan samangkya andadari  
Cahyanya gumebyar anyunari  
Wijil Paduka lir sung pawarti  
Nèng cakrawala panglipur ati.

Wonten pundi wiyosipun Gusti?  
Punapa anèng panggènan adi?  
Sumaréné napa dèn aji-aji  
Napa èstu niku Jurubasuki.

Lah swawi sujud dhateng Gusti  
Asumungkem asaos pamuji  
Amba tan darbé kang minangka buki  
Namung amba sumuyud mring Gusti.

**PELADOSANING PANGANDIKA (pinarak lenggah)****Pandong a Epiklesis:**

PS: Allah ingkang Maha asih, kawula sami badhé maos lan mirengaken panyuraosing Sabda paduka. Dhuh Roh Suci, mugèni karsa mberkahi kawula sami, supados kawula

mboten namung saged mirengaken, nanging ugi saged nindakaken dhawuh paduka ing gesang padintenan kawula. Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, Sang Sabda ingkang gesang, kawula sami ndedonga. Amin.

### **Pamaosing Kitab Suci**

#### **Waosan I**

L: Sami mirengna Sabdanipun Allah ingkang kapendhet saking kitab nabi Yesaya 60:1-6 ....

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: *PUJI SOKUR KONJUK ALLAH!*

#### **Mazmur tanggapan**

Pmz: Sumangga kita sami mujèkaken/maos Mazmur 72: 1-7, 10-14 sacara imbal-imbalan.

#### **Waosan II**

L: Sami mirengna Sabdanipun Allah ingkang kapendhet saking serat Éfesus 3:1-12 ....

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: *PUJI SOKUR KONJUK ALLAH!*

#### **Waosan Injil**

PS: Waosan Injil dinten punika kapendhet saking Injil Matius 2: 1-12 ....

“Inggih mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken saha netepi Sabdanipun Allah ing gesang padintenanipun!”

U: *(mujekaken KJ 473b) Haléluya, Haléluya, Haléluya !*

### **Khotbah:**

**“Nadyan Kathah Pepalang, Tetepa Makarya”.**

### **Wekdal ening sawetawis**

**PANGAKEN PITADOS RASULI (pas. jumeneng)**

MJ: Sumangga sesarengan kaliyan sedaya tiyang pitados ing salumahing bumi lan ing sedaya abad lan jaman, kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang mekatèn: Kawula pitados ... lsj.

**PANDONGA SYAFAAT**

PS: Sumangga kita sami nyatunggilaken manah saperlu ngunjukaken pandonga safaat kita sacara litani.

Dhuh Allah, Rama kawula ing swarga, ing salebeting manekawarnining gesang ing Indonésia punika, kawula sedaya minangka pasamuwan paduka sinagedna ngadhepi sedaya pepalang ing jaman samangké, srana anggèn kawula sami tansah dados berkah, satemah kawula saged tansah mulyakaken Asma Paduka.

Sang Roh Suci, mugi paduka karsa mitulungi kawula sami, satemah kawula sami saged gesang memitran kaliyan tangga tepalih kiwa lan tengen kawula, kanthi kebak raos tentrem rahayu lan mboten sami jor-joran madosi prekawis-prekawis ingkang namung lelamisan kéwala. Mugi kawula sinagedna milih margi ingkang laras kaliyan karsa paduka, sanadyan mesthi kathah pepalang ingkang saged ndamel kawula sami mboten mangertos punapa ingkang kedah kawula tindakaken. Mugi paduka paring tuntunan kanggé tansah nuladha Gusti Yésus Kristus, Sang Sabda ingkang gesang. Kawula sami nyenyuwun ...

U: *MUGI PADUKA KARSA MIDHANGETAKEN/LAN PARING PANJURUNG DHATENG PANDONGA KAWULA SAMI.*

PS: Dhuh Rama, ing tengah-tengahing kawontenan wekdal punika, jumbuh kaliyan sawernining éwah-éwahan ingkang pinanggih, mugi pasamuwan paduka ingkang nembé mahargya riyadi pangejawantahipun Sang Kristus, tansah sinagedaken lelados kanthi kebak ing katresnan, saha tansah nyunaraken pepadhang paduka, satemah kathah tiyang ingkang kuwawi ningali pepadhang paduka

punika. Sinagedna kawula sami dados pratandha praptanipun kawilujengan tumrap jagad punika. Kawula sami nyenyuwun ...

*U: MUGI PADUKA KARSA MIDHANGETAKEN/LAN PARING PANJURUNG DHATENG PANDONGA KAWULA SAMI*

*PS: Dhuh Rama, ...*

**[pokok-pokok pandonga jumbuh kaliyan kabetahan pasamuwan]**

**Kawula sami nyenyuwun ...**

*U: MUGI PADUKA KARSA MIDHANGETAKEN/LAN PARING PANJURUNG DHATENG PANDONGA KAWULA SAMI*

*PS: Kawula ndedonga ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, Putra paduka, ingkang mulang kita sedaya ndedonga donga Rama Kawula ...*

*PS+U: Dhuh Rama kawula.....*

### **PELADOSAN PISUNGSUNG**

*Pnt: Para sedhèrèk kula sedaya, sumangga kita sami atur pisungsung sokur, konjuk ing Gusti srana langkung rumiyin mirengaken dhasaring misungsung wonten ing kitab Yunus 2:9, “Nanging kawula badhé nyaosi kurban dhateng Paduka kanthi ngucap sokur; punapa ingkang dados punagi kawula, badhé kawula leksanani. Kawilujengan punika namung saking Sang Yéhuwah!”*

### **KIDUNG ATUR PISUNGSUNG:**

**KPJ 157: 1,2,3 “CAOSNA PISUNGSUNG MU”**

Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan

Klayan lilaning ati, klawan legawa

Aturna pisungssungmu, kanthi suka rena

Reff.

Caosna pisungsungmu, dadya cihnaning bungah

Minangka panuwunmu wit sihing Allah

Kamirahaning Gusti, tanpa tinandhingan  
Sarana samubarang, saisining bumi  
Jer sih rahmating Gusti tansah binabar  
Reff.

Pisungsiung kagem Gusti dadia sarana  
Amrih kratoning Allah énggal kelampah  
Tentrem miwah rahayu, Gusti ingkang paring  
Reff.

(pas. jumeneng)

### Pandongang Pisungsiung

#### PENGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Para sedhèrèk kula ingkang dipun tresnani déning Allah, sumangga kita sesarengan ningali bilih pepalang ingkang kita adhepi sampun ngantos ndamel kita kécalan pangajeng-ajeng salebetipun kita makarya mbekta tentrem rahayu ing jagad punika. Mugi kita tansah ngèngeti lan atur pamuji sokur awit saking panyartanipun Allah ing gesang kita sami. Tetepa makarya ngrimati sakwernining prabéda minangka peparingipun Allah, lan sami martakna pakaryanipun Allah ing pundia papan kita kapapanaken tanpa raos jelèh.

U: *GUSTI YÉSUS\PARINGA PITULUNGAN\SUPADOS TANSAH  
MAKARYA KADOS DÉNÉ PADUKA\KANTHI MBOTEN  
BADHÉ GIGRIG\SANADYAN MANGGIH KATHAH  
PEPALANG.*

#### BERKAH:

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: *KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA DHUMATENG  
GUSTI*

PS: Dadosa seksinipun Kristus.

U: *KAWULA SUMADYA DADOS SEKSINIPUN KRISTUS*

PS: Pinujia Allah Rama, Putra lan Roh Suci.

U: *SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN ...*

PS: Mengkera ing salebeting tentrem rahayu lan tampènana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah mugé maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomana panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugé nyunarna cahyaning wedananipun dhumateng panjenengan, lan maringana sih rahmat; Pangéran Yéhuwah mugé karsaa nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan lan maringana tentrem rahayu. Amin.”

U: *(mujèkaken) HALÉLUYA, AMIN!*

*Pasamuwan tetep jumeneng ngantos pendhita lan pinisepuh  
ingkang ngasta Kitab Suci dumugi ing kori utami*

[BSNW/YTD]



**Liturgi  
Minggu Baptisan Yesus**

**Minggu, 10 Januari 2021**



**Roh Suci lan  
Baptisan**



**PECAWISAN**

- Wekdal ening /pandongga pribadi
- Bèl sepisan kaungelaken
- Bèl kaping kalih kaungelaken, P1 lumebet ing papan pangibadah
- Panyumeding lilin

**TIMBALAN PANGIBADAH**

P1: Para Sedhèrèk kinasih, dinten punika kita kaajak ngraos-raosaken maknanipun baptisan. Nalika kita sami kabaptis, kita lumebet ing gesang tetunggilan kaliyan Gusti Allah. Gesang tetunggilan punika kacihna ing krenteg lan greget makarya sesarengan kaliyan Panjenenganipun ing sedaya prekawising gesang. Panjenenganipun ingkang nitahaken sedaya ingkang gumelar, sampun, nembé lan ugi badhé tansah makarya lumantar kita sedaya. Sumangga kita ngraos-raosaken prekawis punika lumantar pangibadah kita ing wanci punika.

**KIDUNG PEPUJÈN, (pas. jumeneng)  
KPJ22: 1,2,3 “DUMELING KAPYARSA”**

Dumeling kapyarsi, sabawa sung warti  
 Supados sami sedhiya, rawuhnya Njeng Gusti  
 Reff.  
 Gusti paringa, manah kang suci  
 Kénging kanggé ngormati rawuhnya Njeng Gusti

Kabingahan amba, saèstu nglangkungi  
 Jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki  
 Reff.

Kasucèning manah, karesikaning tyas  
 Déde saking labet amba, kajawi mung sihnya  
 Reff.

### **VOTUM**

Pdt.: Pitulungan kita punika namung saking Gusti Allah,  
 sumbering gesang ingkang sampun nitahaken langit lan  
 bumi.

Umat: (mujèkaken) AMIN (3x)

### **SALAM**

Pdt.: Sih rahmat saking Allah Rama, tentrem rahayunipun  
 Gusti Yésus Kristus, ing patunggilanipun Roh Suci  
 wontena ing para sedhèrèk sedaya!

Umat: WONTENA ING PANJENENGAN UGI!

### **ATUR PAMBUKA**

### **(pinarak lenggah)**

Pdt.: Para sedhèrèk kinasih, dinten punika kita sami ngèngeti  
 baptisanipun Gusti Yésus, minangka pathoking pracaya  
 kita. Gusti Yésus ingkang kabaptis déning Yohanes  
 Pembaptis èstu nyasmitani gesang kita. Ing  
 Panjenenganipun, Roh Allah makarya lan nyagedaken  
 kita makarya condhong kaliyan karsanipun Allah.

Minangka mitranipun, kita sami kabereg tumut nyipta sesarengan Panjenenganipun. Mugi-mugi kita sami nglampahi gesang, kanthi mboten nyupèkaken sedaya prekawis punika.

## **KIDUNG PEPUJÈN**

### **KPJ 212: 1,2,3 “AKU MBOOK CARITANANA”**

Aku mbok caritanana, bab Yésus Sang Pamarta  
Pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci  
Ya, jatining kauripan, langgeng tan winatesan  
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna  
Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa

Aku mbok caritanana, bab Yésus Sang Pamarta  
Yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti  
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu  
Sabdèng Allah kang manjalma, wah Putraning Manungsa  
Jumeneng cempéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah

Aku mbok caritanana, bab Yésus Sang Pamarta  
Panutaning wong pracaya, Ratu Adil sanyata  
Sang Alfa lan Omega, pangrèh jagad lan swarga  
Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan  
Hakim ing dina wekasan, kang ngasta pangadilan

## **PANGAKENING DOSA**

P1: Dhuh Gusti, gesang kawula kaprabawan déning sawernining piawon ing kiwa tangan kawula. Nadyan kawula sami sampun karesikan déning rah Paduka, kawula taksih asring kepéncut dhateng piawon, satemah kawula sami mboten saged ngraosaken sih nugraha Paduka.

**Umat:**DHUH GUSTI, MUGI PADUKA MELASI KAWULA SAMI

**P1:** Kawula sami ngaken ngetut buri Paduka. Kawula kabaptis nanging asring baptisan kalawau namung mandheg dados lambang kajasmanèn ingkang kawula gung-gungaken, nanging mboten mrabawani punapa-punapa dhateng tetembungan punapa déné pakaryan padintenan kawula.

**Umat:**DHUH GUSTI, MUGI PADUKA MELASI KAWULA SAMI

**P1:** Kawula sami nglirwakaken Roh Paduka ingkang dedalem wonten ing gesang kawula. Pamblithukipun piawon langkung kathah kawula pireng lan turuti.

**Umat:**DHUH GUSTI, MUGI PADUKA MELASI KAWULA SAMI

**P1:** Kawula tumindak kados déné tiyang ingkang mboten tepang Paduka. Tandang tanduk kawula tebih saking punapa ingkang ndadosaken renaning galih Paduka. Sabda Tuhan karaos angèl kawula cakaken ing gesang padintenan.

**Umat:**DHUH GUSTI, MUGI PADUKA MELASI KAWULA SAMI

**P1:** Wonten ing Sang Kristus, Panebusing dosa, kawula ngakeni

**Umat:**AMIN

### **KIDUNG PANGAKEN DOSA, KPJ. 49: 1,2**

Gusti kang Maha wilasa, mugi paring aksama  
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran

Nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya  
Temah tan ngraosken tentrem, wah malih gesang langgeng

Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula  
Temah kula dados suci, miwah nunggil lan Gusti  
Manah kang peteng wit dosa, énggal pulih lejara  
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama

### **PAWARTOS SIH RAHMAT**

**(pas. jumeneng)**

**Pdt.** Sami nampènana sih nugrahanipun Allah ingkang sampun ngapunteni dosa kita lumantar pangandika ing kitab Yesaya 44: 23: “Surak-suraka, hé langit, awit Pangéran Yéhuwah wus tumandang, sumyak-sumyaka hé telenging bumi! Padha gumbiraa kalawan surak-surak, hé gunung-gunung, hé alas dalasan sakèhe wit-witané kang ana ing kono! Sabab Sang Yéhuwah wus nebus Yakub, sarta Panjenengané wus ngatingalaké kamulyané ing bab Israel”

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

**Umat PUJI SOKUR KONJUK ING ALLAH!**

### **KIDUNG PEPUJÈN, KPJ. 189:1,3 “GUSTI ALLAH PANGAYOM SETYA”**

Gusti Allah pangayom setya, tansah ngrimati umatnya  
Lir pangon rumeksa méndanya, mula arum ngandikanya  
Ora bakal Aku téga, tan bakal nilar mring sira

Payo para saguning titah, padha ngabekti mring Allah  
Datan bakal sira kagelan, Gusti paring katentreman  
Pangéran tan bakal cidra, rumeksa ing salamina

**PELADOSANING SABDA****(pinarak lenggah)**

- Pandonga Epiklesis
- Pamaosing Kitab Suci
- Khotbah
- Wekdal ening

**PANGAKEN PITADOS RASULI****(pas. jumeneng)**

P2: Sumangga kita nélakaken kapitadosan kita srana ngucap sesarengan pangaken pitados rasuli mekaten:  
Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama ... Isj

**PANDONGA SAFAAT****(pinarak lenggah)**

Katuntun déning Pelados Sabda/pendhita

**PISUNGSUNG**

P2: Pasamuwanipun Gusti, sumangga kita sami atur pisungsung. Sakdèrèngipun, kula aturi mirengaken pitedahipun Rasul Paulus ingkang kaserat ing serat Rum 12:1, ingkang mekaten: “Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sejati.”

*Kanthong pisungsung kaideraken – utawi transfer dhateng rekening bank gadhahipun gereja, kairing kidung pamuji*

**KIDUNG KEMPALING PISUNGSUNG, KPJ 154: 1,2**

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti  
Paduka ngasihi, kula kagunganta

Reff.

Mung punika Gusti, pisungsung kula,  
Sawetahing gesang jiwa lan raga  
Wit kula tan darbé bandha kang pangaji  
Kang langkung prayogi sinaosa Gusti  
Mung punika Gusti panyuwun kula,  
Mugi katampia atur kawula  
Mrih gesang kawula kagama Paduka, pirantos sapala

Saiba endahing sih tresna Paduka, Gusti  
Kula kagunganta, Paduka rimati  
Reff.

**P2: (pandongga pisungsung) (pas. jumeneng)**

**KIDUNG PEPUJÈN,  
KPJ. 196:1,2,3,5 “KULA PÉNGIN LIR GUSTI”**

Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati  
Tandang tanduk lan tembung, m'rak ati ngresep  
Reff.

O, lah kawula sèstu tan mèmper lan Gusti  
Kula mugi winulang nulad maring Gusti

Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah  
Napa kang sun lampahi, nut karsaning Allah  
Reff.

Kula péngin lir Gusti, melasi pra miskin  
Tetulang kang kribedan, klawan trusing batin  
Reff.

Kula péngin lir Gusti, tresna maring Allah  
Nindakna kasaénan, ulah pangibadah  
Reff.

**PANGUTUSAN**

**Pdt.:** Sedhèrèk kula sedaya, lampahana gesang kanthi  
mknani baptisan panjenengan

**Umat:** MUGI GUSTI MITULUNGI KAWULA

**Pdt.:** Sageda sami dados pribadi ingkang tansah mirengaken  
sabdani pun Rohing Gusti

**Umat:** ING SALEBETING KAMIRAHAN PADUKA, KAWULA  
NYENYUWUN

**Pdt.:** Mugi-mugi kanthi mekaten gesang kawula sedaya  
sangsaya ndarbèni makna kagem kemulyan Paduka

**Umat:** PUJI SOKUR KONJUK ING ALLAH!

**BERKAH**

**Pdt.:** (nglantaraken berkah)

(YNWA/YTD)



**BAHAN  
PANYURAOS KITAB SUCI  
INTERGENERASIONAL**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



## Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 1

Yohanes 1:1-14



## Caranipun Allah Nindakaken Komunikasi



### PURWAKA

Agami kawiwitan saking wontenipun *komunikasi* saking Allah dhumateng manungsa, lumantar maneka-warnining pengalaman. Mircea Eliade, satunggiling filsuf, nerangaken *komunikasinipun* Allah ing salebeting pengalaman karo hanèn ingkang maujud wonten ing: *kratofani* (pewahyuan), *hierofani* (tetingalanipun Sang Suci piyambak), lan *teofani* (tetingalanipun Sang Suci, lumantar samukawis ingkang ketingal). Salajengipun, agami kalawau tuwuh ngrembaka lumantar komunikasi ing antawisipun para pangarsaning agami, kaliyan para umatipun. Kanthi mekaten komunikasi ndarbèni urun wigatos ing salebeting gesang agami.

Ing salebetipun agami Kristen, *komunikasi* dipun télakaken lumantar rawuhipun Gusti Yésus dhateng jagad punika. Rawuhipun Gusti Yésus mujudaken cara anggènipun Allah nawèkaken memitran dhumateng manungsa. Sedy nyipta memitran ingkang kados mekaten punika, dipunkomunikasèkaken lumantar Sang Sabda, ingkang manjalma dados manungsa.

Panyuraos Kitab Suci ing wekdal samangké katindakaken kanthi migunakaken cara *Shared Christian Praxis* (Andum pengalaman praktèk gesang Kristen) ingkang saged madhahi sedaya prekawis gesang bebrayatan kanthi ancas lan tujuan, sami saged sinau mangun komunikasi ing tengah-tengahing brayat sarana ningali tuladhanipun Allah ingkang nindakaken komunikasi lumantar Gusti Yésus Kristus.

## TATARAN TUMINDAKIPUN PANYURAOS

### 1. Tutur Tinular

Warga panyuraos sami kaajak dolanan: tutur tinular. Menawi ingkang ndhèrèk panyuraos cekap kathah, kautaran sami damel grup alit, ingkang cacah anggotanipun sami, saha kagatosna kaadilan ing bab yuswa. Menawi jumlahipun mboten kathah, saged kaleksanan namung setunggal grup kémawon.

Salajengipun, para panyuraos kasuwun sami jumeneng baris mawingking, ngadhep arah ingkang sami, satemah sedhèrèk ingkang jumeneng wonten ngajengan, mboten badhé saged mirsani ingkang jumeneng ing wingking.

Dhateng pendhèrèk panyuraos ingkang paling wingking, kaaturan saklembar kertas ingkang sineratan sawetawis tetembungan, ingkang saksaged-saged radi lucu (seratan kakarang piyambak sacara merdika). Salajengipun sedhèrèk ingkang nampi lembaran kertas kalawau, kasuwun mbisiki sedhèrèk ing ngajengipun bab isining seratan kalawau. Sasampunipun dumugi sedhèrèk ingkang jumeneng paling ngajeng, sedhèrèk kalawau kasuwun ngucapaken asiling bisikan kalawau, kanthi suwanten sora. Pangarsaning panyuraos nyocogaken kaliyan aslining seratan. Tumindak punika saged dipun wangsuli malih menawi wekdalipun pancen longgar.

Pangarsaning panyuraos saged nyuwun sawetawis anggota grup ngaturaken pamanggih bab kesannipun tumrap

dolanan punika. Prayoginipun pangarsaning panyuraos ngajengaken pitakènan-pitakènan ingkang sipatipun mancing.

## 2. Prelunipun Komunikasi

Prelu dipun cethakaken langkung rumiyian, bilih dolanan kalawau èstunipun ngrembag bab komunikasi. Aturna pitakènan dhateng para anggota panyuraos:

- Punapa maknanipun komunikasi punika?
- Punapa para sedhèrèk naté nindakaken kalepatan salebetipun nindakaken komunikasi? Lajeng punapa tundhonipun (*dampaknya*)?
- Kosok-wangsulipun, punapa anggota panyuraos naté nindakaken komunikasi ingkang sipatipun mbangun? Prekawis punapa kémawon ingkang anjalari tumindak ing komunikasi punika, ndarbèni sipat mbangun?

*(Pangarsa panyuraos saged suka pambiyantu, mliginipun dhateng laré-laré supados saged mangertos lan suka wangsulan dhateng pitakènan ingkang kaajengaken)*

## 3. Komunikasipun Allah Lumantar Gusti Yésus

*(Para laré saged kapisahaken lan nampèni katerangan saking para guru Sekolah Minggu ngéngingi irah-irahan (topik) punika, kanthi migunakaken basa ingkang dipun mangertosi para laré)*

### Maos Injil Yohanes 1:1-14

#### Ngraos-raosaken Sabda

Pambukaning Injil Yohanes punika nélakaken kawontenanipun Gusti Yésus ingkang kagungan sipat kaallahan. Yésus punika Sang Sabda (Yun: *logos*). Sang Sabda ingkang ndarbèni “kalenggahan nyata” (hakikat)

ingkang sami kaliyan Allah piyambak, sanadyan Panjenenganipun punika sanès Allah piyambak. Pangaken ingkang kados mekaten punika dados dhasar Kitab Suci, bab Allah Tritunggal. Sesarengan kaliyan Allah, Sang Sabda makarya nitahaken sedaya samukawis ing jagad punika. Sang Sabda ugi pinitados dados sumbering gesang (ay. 4, BIMK).

Awit saking tresnanipun dhumateng sedaya ingkang sampun katitahaken, Gusti Allah ngrancang margi tumrap manungsa supados wangsul tetunggilan lan memitran malih kaliyan Panjenenganipun. Rancangan punika kaleksanan kanthi cara ingkang lantip, malah mèh mboten saged kagarba déning nalaripun manungsa, inggih punika sarana rawuh asarira manungsa.

Pakaryanipun Allah rawuh asarira manungsa dhateng jagad punika, nélakaken bilih Panjenenganipun punika sanès Allah ingkang tebih, lan namung saking katebihan kémawon nilaraken manungsa piyambakan ngraos-ngraosaken sedaya momotaning gesang awit panggubeling dosa lan pepeteng. Panjenenganipun sanès Allah ingkang namung nglantaraken karsa lan titahipun mligi ing salebeting pangandikan kéwala. Panjenenganipun sanès Sabda ingkang ngumandhang saking kaswargan, ingkang saèstu tebih, lan mboten karsa seséngolan kaliyan jagad ingkang kebak dosa lan pepeteng punika. Kosok-wangsulipun, Panjenenganipun punika Sang Sabda, ingkang manjalma dados daging/manungsa. Pakaryan ingkang kados mekaten punika, ingkang salajengipun sinebat *Inkarnasi*. Lumantar *inkarnasi* punika, makna gesangipun manungsa ingkang satuhu kajejegaken. Awit saking punika, èstu ngéramaken menawi wonten sawetawis tiyang ingkang namung tansah nggalihaken prekawis-prekawis kaallahan, nanging lajeng nglirwakaken timbalaning gesang kamanungsan.

Wonten ing ayat 14 sang juru wartos Injil, Yohanes, paring pratélan ing salebeting sawetawis pangandika: “*makuwon ing antara kita*”. Tembung “*makuwon ing antara*

kita” ing basa aslinipun, saged dipun mangertosi “tiyang ingkang nembé kémah” utawi “tiyang ing salebeting tendha. Tiyang ingkang nembé kémah martosaken sipat “sawetawis”, “karingkihan”. Punika nedahaken kasunyataning gesangipun manungsa, ingkang sejatosipun namung sawetawis lan ringkih. Inggih mekaten punika Gusti Yésus rawuh wonten ing jagad, asarira manungsa ingkang ugi ndarbèni sipat sawetawis lan ringkih. Minangka manungsa, Gusti Yésus ugi katangsulan déning papan lan wekdal. Yésus punika tiyang Yahudi, ingkang ugi migunakaken basa Yahudi kados umumipun. Minangka manungsa, Yésus ugi kadhidhik sacara Yahudi, nglampahi gesang ugi manut budaya Yahudi, kadosta: tindak dhateng sinagogé, tumut ziarah dhateng Padaleman Suci ing Yerusalem, tuwin maos Kitab Suci cepenganipun tiyang Yahudi. Kanthi mekaten, pawartos ingkang kawartosaken déning Gusti Yésus ugi cocok kaliyan adat lan budaya nalika semanten (kontekstual). Panjenenganipun saèstu tepang kaliyan para pamireng wartos ingkang binabar, karana Penjenenganipun ugi gesang manut tata caraning gesang para pamirengipun. Kawontenan ingkang kados mekaten punika ingkang èstunipun nedahaken kasunyatanipun Allah ingkang kebak katresnan (kacundhukna 1 Yoh. 4:16). Kados ingkang kaandharaken déning salah satunggiling teolog saking Amerika Serikat, John Sanders: “Yésus mratélakaken kasunyatanipun Allah ingkang saleres-leresipun.” Kasunyatanipun Allah ingkang kados pundi? Sanders ngandika: “Allah ingkang andhatengi kita manungsa ing salebeting sejarah èstunipun mujudaken Allah ingkang nyipta sesambetan, njumbuhaken dhiri, tanggap ing karsa lan welas asih. Punika Allah ingkang sanyata.”

Awit saking welas ashipun, Allah karsa nyipta komunikasi kaliyan manungsa. Sesambetan punika katindakaken mboten sarana narik manungsa medal saking pepeteng, ananging sarana Allah piyambak kepareng lumebet ing tengah-tengahing pepeteng, dados péranganing

pepeteng, supados manungsa saged manggihaken memitran ingkang sejati kaliyan Panjenenganipun. Gegambaran ingkang padatanipun kaagem, inggih punika kadosdéné tiyang sepuh, ingkang nembé wawan rembag kaliyan laré alit. Supados saged pirembagan kanthi lancar kaliyan laré alit kalawau, tiyang sepuh punika prelu manjilma kados laré alit ugi, lan mboten kosok-wangsulipun. Mesthi kémawon Yésus mboten namung *kados* manungsa, Panjenenganipun *pancèn manungsa sejati*.

Caranipun Allah nindakaken komunikasi punika, saèstu ngéramaken kanggé pagesangan kita ing satengah-tengahing manékawarnining pirantos-pirantos komunikasi ingkang ampuh, sanadyan asring pirantos-pirantos komunikasi ampuh kalawau, kalamangsanipun ndamel kita sedaya wurung mangertosi maknaning komunikasi. Prekawisipun mboten mesthi dumunung ing pirantos-pirantosing komunikasi punika, nanging dumunung wonten ing dhiri kita piyambak. Salah satunggiling prekawis ing salebeting komunikasi, inggih punika kirang wontenipun sikep lembah manah. Asring kita meksa tiyang sanès mangertosi kita, tanpa nyinaoni mobah-mosiking manahipun tiyang sanès kalawau, lan ugi kirang mbudi daya tumut ngraos-ngraosaken ingkang nembé karaos déning tiyang sanès kalawau (kirang *émpati*). Awit saking punika, komunikasi saged kelampahan menawi kawiwitan sarana mangun memitran langkung rumiyin. Inggih mekaten punika ingkang sampun katindakaken déning Allah piyambak lumantar Gusti Yésus Kristus: mangun sesambetan kanthi nyipta memitran dhateng manungsa.

#### 4. Nenimbang bab Sesambetan (*Refleksi Relasi*)

- Inkarnasi nedahaken prelunipun manungsa ngaosi kalenggahanipun. Miturut panjenengan, kados pundi caranipun kita saged ngaosi kalenggahanipun manungsa ing jaman samangké?

- Punapa panjenengan sarujuk bilih mangun sesambetan (*relasi*) ingkang saé punika dipun betahaken sikep gesang lembah manah? Kados pundi caranipun greget gesang lembah manah punika, kita gegesang ing satengah-tengahing gesang patunggilan kita?
- Punapa ginanipun mangun sesambetan kanggé nindakaken komunikasi?

Kanggé para laré;

- Punapa Yésus tresna dhateng para laré? Kados pundi caranipun Gusti Yésus nresnani para laré?
- Menawi Gusti Yésus nresnani para laré, punapa ateges para laré ugi kedah nresnani tiyang sanès?
- Kados pundi caranipun para laré nedahaken raos tresnanipun ing satengah-tengahing brayat?

## 5. Wujuding Tumindak Mangun Sesambetan (*Relasi*)

Mangun sesambetan punika katindakaken ing salebeting brayat. Kados ingkang sampun kaandharaken sadèrèngipun. Sesambetan punika saged kawiwitan saking kebatehanipun tiyang sanès, mboten saking dhiri kita pribadi. Kasuwun saben warga brayat makempal. Saben warga brayat lajeng ngaturaken punapa ingkang dados kabetahanipun supados adhedhasar punika, piyambakipun saged nindakaken komunikasi kaliyan warga brayat sanèsipun. Kawawas prayogi menawi kadamelaken dhaptar kanggé nggampilaken anggèn kita ngènget-ènget kados conto ing ngandhap punika:

	Kabetahan	Inkang badhé kula tindakaken
Bapa		
Ibu		
Anak 1		
Anak 2		

Ing pungkasaning acara, para laré sami kasuwun menyanyi  
“Yésus Sayang Semua”

[ASP/YTD]



**Bahan**  
**Panyuraos Kitab Suci**  
**Intergenerasional 2**  
**Lukas 2:8-14**



**Katentreman**  
**Anyartani**  
**Natal**



**PURWAKA**

Natal punika sami kaliyan wiosanipun Sang Tentrem Rahayu. Irah-irahan khotbah, kidung-kidung pepujèn, tetembungan ing kartu natal, lan sapiturutipun, asring ngemot tembung lan maknaning katentreman. Namung kémawon, kasunyataning gesang, karaos taksih tebih saking raos tentrem kalawau, malah ingkang winastan tentrem, punika kados taksih wonten salebeting impèn kémawon. Malah ing salebeting gesang patunggilan, dalah brayat-brayat Kristen kémawon, katentreman ingkang mekatan kalawau, ugi karaos dèrèng saèstu ngumandhang sora. Kamangka kasunyatanipun, Natal ingkang martosaken katentreman punika, saèstu badhé ndarbèni makna ingkang ageng, nalikanipun tiyang-tiyang pitados saèstu mratélakaken gesang ingkang kajiwa déning tentrem rahayu.

Panyuraos Kitab Suci ing wekdal smangké badhé katindakaken kanthi migunakaken cara *Shared Christian Praxis* (andum pengalaman praktèk gesang Kristen) ingkang saged madhahi sedaya prekawis gesang bebrayatan kanthi ancas lan tujuan sami saged sinau mangun gesang padintenan ingkang kebak jiwaning tentrem rahayu.

## TATARAN TUMINDAKIPUN PANYURAOS

### 6. Sesambetaning Katentreman

Salah satunggiling sumber dredah (konflik) ing gesang kita punika tetéla ajaran agami. Para pendhèrèk panyuraos Kitab Suci, kaajak mirsani sesambetan ingkang radi anèh, upaminipun wonten ing:

<https://www.youtube.com/watch?v=Xqk68jzzNuA>,

utawi

<https://www.youtube.com/watch?v=T4 JJgeBPA8>

Sasampunipun punika, para anggota panyuraos sami kasuwun mratélakaken raosing manahipun nalika nyekseni sesambetan ingkang radi aneh kalawau.

### 7. Natal = Tentrem Rahayu

Ngajak para panyuraos mujèkaken kidung KPJ (Kidung Psamuwan Jawi) 232: 1 KAMULYAKNA

Kamulyakna, Hyang Maagung, ing suwarga

Ing suwarga, ing suwarga.

Tentrem rahayu ana ing bumi

Ing manungsa kang sinarjonan

Kluhurna Allah nèng swarga

Kluhurna Allah nèng swarga

Tentrem rahayu ana ing bumi

Tentrem rahayu ana ing bumi

Ing manungsa, ing manungsa

Kang sinarjonan, ing manungsa

Kang sinarjonan, kang sinarjonan

Pinujia, pinundhia, Hyang Maagung

Ing suwarga, lan ing bumi

Tentrem rahayu, ana ing bumi

Ing manungsa, kang sinarjonan

Amin, amin, amin.

Lajeng sami kaaturan ngajengaken pitakènan dhateng para panyuraos:

- Punapa tegesipun tentrem rahayu, ingkang sampun tedhak ing jagad lumantar miyosipun Gusti Yésus?
- Menawi Sang Tentrem Rahayu sampun rawuh, kénging punapa gesang kita wonten ing jagad punika, taksih tebih saking katentreman?

*(Pangarsaning panyuraos saged suka pambiyantu, mliginipun tumrap para laré supados sami saged mengertosi lan saged suka wangsulan dhateng pitakènan punika)*

### **1. Tentrem Rahayu Sampun Kawiwitan**

*(para laré saged kapisahaken lan nampèni katerangan saking para guru Sekolah Minggu, ngéngingi irah-irahan punika kanthi ngginakaken basa ingkang saged dipun mangertosi para laré)*

#### **Maos Injil Lukas 2:8-14**

#### **Mangertosi Maknaning Sabda**

Wonten satunggiling kertu natal ingkang ngemot seratan mekaten: “Menawi kabetahan utami kita punika bab informasi, mila Allah kepareng ngutus Sang Juru dhidhik (pendidik). Menawi kabetahan utami kita punika prekawis teknologi, mila Allah badhé ngutus tiyang ingkang wasis (ilmuwan). Menawi kabetahan utami kita punika arta, mila Allah badhé ngutus tiyang ingkang ahli ékonomi. Menawi kabetahan utami kita punika kabingahan, mila Allah badhé ngutus sang juru panglipur. Nanging menawi kabetahan utami kita punika pangapunteaning dosa, mila Allah ngutus Sang Juru Wilujeng.”

Menawi pendhidhik ingkang rawuh, mesthi kémawon dipun betahaken pecawisan papan pepanggihan, saha para siswa ingkang kepéngin pikantuk dhidhikan. Menawi ahli teknologi ingkang rawuh, kita kedah nyawisaken laboratorium kanggé nindakaken panaliti. Menawi ingkang rawuh punika ahli ekonomi, kita prelu nyawisaken sarana-sarana ingkang

saged nggampilaken anggèn kita sami nanemaken modhal. Menawi ingkang rawuh punika juru panglipur, kita prelu nyawisaken panggung pagelaran. Lajeng, menawi ingkang rawuh punika Juru Wilujeng, punapa ingkang perlu kita cawisaken? Manungsa kedah nyawisaken manah ingkang ngrumaosi sedaya dosanipun lan mratobat.

Punika èstunipun ingkang anjalari tentrem rahayu punika dèrèng saestu karaosaken ing gesang kita sami, ing bumi punika. Awit dèrèng kathah tiyang ingkang sami nyawisaken manahipun sarana mratobat. Sanadyan mekaten, wijining tentrem rahayu sampun kasebaraken lumantar pawartos natal. Para malaikat rawuh maringaken kabingahan ageng dhateng para pangèn kairing ing pepujianipun para malaikat. Kabingahan punika dados péranganipun tentrem rahayu.

Pawartos natal dados cariyos ingkang nengsemaken, awit pawartos punika ingkang wiwitanipun kaparingaken dhateng tiyang-tiyang ingkang kapinggiraken, tiyang-tiyang ingkang kasisihaken, inggih punika para pangèn nalika semanten. Para pangèn punika sami kagolongaken minangka tiyang amanca nalikanipun lumebet ing Bait Suci Yerusalem. Éwa semanten, para suci, inggih punika para malaikat, samangké sami kekidungan sesarengan kaliyan para pangèn ingkang mboten sami kaanggep suci. Sacara kadagingan, para pangèn kalawau mboten sami kaéwahaken nalikanipun pinanggih kaliyan para malaikat. Para pangèn tetep ing salebeting kawontenan kadaginganipun piyambak, kados déné pangèn umumipun. Éwa semanten kanyatan ingkang prabéda punika malah dipun riyayakaken ing natal.

Kasunyatanipun, Natal punika nyatunggilaken sedaya prekawis ingkang béda. Punika mujudaken pancadan wiwitan kanggé rawuhipun tentrem rahayu. Éka Darmaputera nyerat: “Pancèn leres bilih mboten sedaya umat ing bumi punika nampèni Natal. Nanging, lumantar Natal, sagunging umat manungsa katampi déning Allah. Sinten kémawon, lan ing pundia papan ugi. Panjenengan lan

kula ugi. Awit saking punika, Natal mboten naté kadhaku dados darbèkipun setunggal utawi kalih bangsa kémawon. Mekaten punika Natal. Gagasan ngéngingi sinterklas lan Piet Hitam, upaminipun, mujudaken sumbangan saking Welandi. Padat pakulinan uwit Natal pinangkanipun saking Jerman. Lilin-lilin ingkang nyunaraken pepadhang, wiwitanipun dipun sumet wonten ing Irlandia. Pakulinan sami ngéntun kertu natal, asal usulipun saking Inggris. Déné ngrengga griya lan poncod-poncoding margi, punika pinangkanipun saking Italia.”

Lumantar Natal, manahipun Allah ingkang kebak raos cecengklungen dhateng manungsa, sampun kawiwitan. Nyawijèkaken dhiri ing tengah-tengahing kawontenan ingkang sarwa béda, kawiwitan saking pangraos ingkang sumberipun saking telenging manah. Saking mrika, tentrem rahayu sumunar ngèbeki jagad. Kados ingkang dipun ngendikakaken déning Henri Nouwen, “Tentrem ing manah mboten naté saged kapisahaken saking tentrem ing bumi. Tentrem rahayu kadosdéne cahya ingkang sumunar saking telenging gesang inggih punika saking manah kita.”

Kados ingkang sampun kita pirsani sesarengan, prabéda mboten dados kawigatosan ingkang utami ing salebeting gesangipun para pangèn lan para malaikat. Kawigatosan ingkang utami saking para pangèn dalah para malaikat mboten wonten sanès kajawi kabingahan ageng nampèni Yésus ingkang nembé lahir. Sejarah sampun suka pepéling, menawi prabéda ingkang langkung kita utamèkaken, mila sesambetanipun manungsa setunggal lan setunggalipun badhé kaisi déning tumindak mbandhing-mbandhingaken, lan sami jor-joran. Punika badhé saged ngancam gesang bebrayanipun manungsa ing pundia panggènan.

Dinten punika sampun miyos kanggé kita sedaya, Sang Juru Wulujeng. Wartos kabingahanipun para malaikat punika, kelampahan wonten ing rawhipun Gusti Yésus. Srana rawuh ing jagad, Gusti Yésus kepareng nglairaken gregeting tentrem rahayu. Awit saking punika, nalika

Panjenenganipun sangsaya dhéwasa, Panjenenganipun ugi srawung kaliyan tiyang-tiyang pinggiran, sami dènrangkul sanadyan sami dipun cap minangka tiyang dosa ingkang nistha. Gusti Yésus karsa andum sih rahmatipun Allah, kanggé sedaya umat manungsa ing bumi punika.

Sampun sakmesthinipun, kita ingkang sami pitados, ugi sami mangayubagya sih rahmatipun Allah ingkang mekaten punika. Sih rahmatipun Allah nimbali kita sedaya, supados gesang ing salebeting katresnan. Nanging, Nouwen wangsul ngèngetaken kita sedaya, bilih timbalan nresnani asanès punika namung saged kita lampahi menawi kita sagah mbudidaya nglairaken tentrem rahayu ing pagesangan kita. Kanggénipun Nouwen, timbalan punika nyawiji kaliyan *credenda* (pangaken pitados, konfesi) lan *agenda* (solah bawa lan sikep tandang tanduk saé) saking saben tiyang ingkang ngakeni sampun nampèni sih rahmatipun Allah. Menawi kita sami mahargya Natal, punika ateges kita samapta angéjawantahaken gesang ingkang tansah kajiwa déning watak tentrem rahayu.

## 2. Punapa Gesang Kula Sampun Kapenuhan Tentrem Rahayu?

- Miturut panjenengan, punapa tentrem rahayu punika, sami kaliyan kawontenan tanpa dredah lan parapadu (konflik)? Kados pundi bebantahanipun Gusti Yésus kaliyan tiyang-tiyang Farisi lan para ahli Torèt nalika semanten?
- Punapa ingkang anjalari kawontenan gesang tebih utawi kalis saking raos tentrem.
- Punapa ingkang saged katindakaken déning tiyang Kristen kanggé mbudi daya wontenipun katentreman ing tengah-tengahing gesang?

Kanggé para laré, saged dipun ajengaken pitakènan:

- Langkung sekéca ribut (kerengan) punapa ayem tentrem?

- Punapa ingkang saged katindakaken supados gesang punika tansah dipun jiwani déning katentreman?
- Kados pundi caranipun adhik-adhik nedahaken gesang tentrem rahayu ing satengahing brayat?

### 3. Mbudidayakaken katentreman

Natal, mboten namung sadremi ngraosaken katresnanipun Allah. Natal ugi wiwitanipun kita sami nglengganani prelunipun mangun tentrem rahayu.

Salajengipun saben brayat kaaturan damel tetembungan éndah (kalimat indah) ingkang nedahaken wontenipun greget gesang ingkang kebak katentreman. Salajengipun tetembungan kalawau, sageda kadamel satunggiling “rerenggan” (hiasan) jumbuh kaliyan kasagedan saben brayat.

[ASP/YTD]





**BAHAN  
PANYURAOS SABDA  
DIWASA**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



**Panyuraos Sabda  
Diwasa**



**Gusti Yesus  
Putraning Allah**



**Métodhe PA:** Berbagi Praksis Kristen (*Shared Christian Praxis*)

**Atur Uninga:** Supados métodhe Panyuraos Sabda (PS) punika saged katindakaken kanthi prayogi, pramila PS kedah katindakaken wonten ing kelompok (pepanthan) alit isi 5-7 tiyang. Kelompok alit kados mekaten prayogi awit tiyang mbetahaken sarana mbagèkaken cariyos, dipunpirengaken saha ngraos-raosaken punapa ingkang dipun cariyosaken.

**Purwaka:** Piwucal bab ‘Gusti Yésus Putraning Allah’ asring dados bab ingkang bebèncengan wonten ing gesang sesarengan kaliyan umat agami sanès. Piwucal punika ugi asring dados pitakènan ing antawisipun tiyang Kristen ingkang kadhangka-kala mboten gampang dipunwangsul. Lumantar Panyuraos Sabda punika umat kaajab supados pangretosanipun bab piwucal kasebat saged kasegeraken malih, awit piwucal punika inggih salah satunggaling piwucal pokok wonten ing agami Kristen.

## URUT-URUTANING PANYURAOS SABDA

*(dèrèng kalebet ngidung)*

### 1. Nyariyosaken Pengalaman Lan Ngraos-raosaken

*(Pitakènan-pitakènan ing ngandhap saged dipunginakaken kanggé nuntun para rawuh supados sami nyariyosaken saha ngraos-raosaken pengalamanipun)*

- a. Punapa Ibu/Bapak keèngetan dhateng lagu ndangdut asesirah 'La ilaha illallah' ingkang naté dipunrepèkaken déning Roma Irama?  
Ing ngandhap punika kaserat sapérangan syair saking lagu kasebat:

*Katakan, Tuhan itu satu  
Tuhan tempat menyembah dan tempat meminta  
Katakan, Tuhan itu satu  
Tuhan tidak beranak dan tak diperanakkan  
La ilaha illallah (tiada Tuhan selain Allah)  
La ilaha illallah (tiada Tuhan selain Allah)  
Mengapa kautuhankan manusia  
Mengapa kau menuhankan benda  
Janganlah kau menduakan Dia  
Janganlah kau menyekutukan-Nya  
Alam dan isinya semua ciptaan-Nya  
Tiada satu pun yang menyerupai-Nya ...*

- b. Nalika mireng lagu kasebat, kadospundi tanggapanipun Ibu/Bapak?
- c. Kénging punapa Ibu/Bapak nanggapi kadosmekaten?
- d. Kejawi lagu kasebat, punapa Ibu/Bapak naté pikantuk pitakènan bab 'Gusti Yésus Putraning Allah'? Menawi naté, kadospundi wangsulan utawi tanggapan Ibu/Bapak nalika semanten?
- e. Saking pundi Ibu/Bapak pikantuk wangsulan kasebat?

### 2. Maos Pangandikanipun Gusti: Yoh. 1: 10-18

### 3. Ngraos-raosaken Sabdanipun Gusti

Menawi kita ngraos-raosaken kanthi lebet, bebèncengan paham ing antawisipun umat agami Kristen lan Islam bab sebatan ‘Gusti Yésus Putraning Allah’ kedadosan amargi mboten wontenipun komunikasi (wawan rembag) antawisipun umat kekalih. Pramila punika, menawi wonten wewengan, prayogi menawi kita saged wawan rembag bab kasebat supados syakwasangka ingkang wonten punika saged kasirnakaken. Kanthi mekaten sesambetan kita kaliyan umat agami Islam saged langkung saé. Ing wekdal punika, ing Mangsa Advèn-Natal, kita kaparingan wewengan mirunggan ngraos-raosaken bab sinten ta Gusti Yésus Kristus lan punapa ingkang kedah kita tindakaken.

Minangka agami ingkang sami-sami pitados dhumateng Gusti Allah ingkang setunggal (tauhid), sejatosipun kita nggadhahi paham ingkang sami kaliyan sadhèrèk-sadhèrèk kita umat Muslim bilih ‘mboten wonten allah sanès kejawi namung Allah pribadi’ (La Ilaha illallah). Punika cocok kaliyan punapa ingkang kaserat wonten ing angger-anggering katresnan ing Injil Markus 12:29 (kapisranana ugi: Pangentasan 20:3-7; Pangandharing Torèt 6:4; lan Yésaya 44:6).

Bab ingkang asring ndadosaken sadhèrèk Muslim klèntu panampi inggih punika bab sebatan ‘Putraning Allah’. Sadhèrèk-sadhèrèk Muslim nginten bilih kita nggadhahi keyakinan Gusti Allah kagungan putra sacara biologis kadosdéné manungsa, kamangka panginten punika mboten leres. Piwucal Kristen mboten naté nggadhahi pemahaman bilih Gusti Yésus Kristus punika putraning Allah sacara biologis utawi phisik. Sebatan ‘Putraning Allah’ punika saha sebatan ‘putra, ‘Putraning Allah’ ingkang katujokaken kanggé kita tiyang Kristen namunga kiyasan. Sebatan punika saged kita bayangaken kados sebatan ‘*anak tangga*’, ‘*anak bangsa*’. Mawi sebatan punika kita mboten saged

mbayangkaken bilih *tangga* (andha) utawi bangsa punika gadhah semah, lajeng saking sesemahan punika thukul jabang bayi utawi laré.

Yohanes 1:12-13 nyerat, “Nanging sapa baé kang nampani Panjenengané iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah..., kang kalairaké ora saka ing getih, iya ora saka pakaremaning daging utawa saka karepé wong lanang, nanging saka ing Allah.” Ayat punika kanthi cetha nélakaken bilih sebatan putraning Allah kanggé kita tiyang Kristen, punapadéné kanggé Gusti Yésus sanès sebatan ingkang nedahaken putra sacara biologis utawi phisik. Ayat punika nedahaken bilih sebatan punika namung kiyasan.

Saklajengipun ayat 14 nélakaken, “Anadéné Sang Sabda wus dadi daging sarta makuwon ana ing antara kita, lan aku wus padha nyawang kamulyané, iya iku kamulyan kang kaparingaké marang Panjenengané kang jumeneng Putrané kang ontang-anting Sang Rama, kang kapenuhan ing sih-rahmat lan kayektèn.” Saking ayat punika kita manggihaken bilih sebatan punika mboten ateges bilih Gusti Allah ‘manak’ (peputra sacara biologis) lan dipun wiyosaken minangka putra sacara biologis. Sebatan punika namung kiyasan, ingkang badhé nélakaken bilih Gusti Yésus punika asalipun saking Allah. Gusti Yésus punika Sabdanipun Allah ingkang dados manungsa.

Dados, Gusti Yésus Kristus dipun sebat Putra ontang-anting amargi namung Panjenenganipun piyambak punika Sabdanipun Allah ingkang dados manungsa, mboten wonten sanèsipun. Lan amargi Sabda punika Allah (Yoh. 1:1), pramila Gusti Yésus punika 100% Allah. Sabdanipun Allah punika wonten ing ‘wungkus’ raganing manungsa ingkang asma Yésus Kristus. Wonten ing ‘wungkus’ raga kasebat Gusti Allah ngagem sipating abdi, sarta nyami rupi kaliyan manungsa. Pramila punika raganipun Sang Kristus Yésus punika 100% raganing manungsa. Minangka manungsa,

kadosdéné manungsa umumipun, Panjenengan-Ipun miyos saking satunggaling pawèstri. Panjenengan-Ipun saged muwun, saha ngraosaken kerapan lan kasatan. Malah Panjenengan-Ipun miyos minangka bayi papa. Ananging wonten ing kaprasajanipun punika, Gusti Allah lumantar sabdaNipun rawuh wonten ing gesangipun manungsa. Gusti Allah nunggil kalawan kita. Imanuel (Mat. 1:23). Prastawa miyosipun Gusti Yésus Kristus minangka Sang Sabda ingkang manjalma dados manungsa punika ingkang kita pèngeti minangka Natal.

Nalika Sang Sabda dados manungsa wonten ing Gusti Yésus Kristus, punika mboten ateges bilih Gusti Allah mboten wonten malih wonten ing swarga. Prastawa Sabda-Nipun Allah dados manungsa saged dipun gambaraken kadosdéné tiyang ingkang sesorahipun dipun rékam wonten ing kasèt utawi CD. Nalika kaset utawi CD kasebat dipun pirengaken tiyang sanès, pramila tiyang kasebat mbayangaken bilih ingkang sesorah nembé paring sesorah. Namunga mekaten, mboten saged dipun ngendikakaken bilih kaset utawi CD kasebat punika manungsa utawi raganing tiyang ingkang paring sesorah. Dados, saumpami kaset utawi CD kasebat dipun besem, mboten ateges bilih tiyang ingkang paring sesorah kasebat ugi katut kabesem. Tiyang ingkang paring sesorah tetepa gesang.

Kados nalikanipun tiyang mirengaken suwanten saking kaset utawi CD seseorah lajeng wanuh dhateng si peparing sesorah, mekatena ugi kita saged mbayangaken Sang Sabda ingkang dados manungsa wonten ing dhiri-Nipun Gusti Yésus Kristus. Lumantar Gusti Yésus Kristus, kita saged wanuh dhateng Allah. Injil Yoh. 1:18 nélakaken, “Ora ana wong siji-sijia kang wus tau weruh Gusti Allah. Sang Putra ontang-anting kang ana ing pangkoné Sang Rama, iku kang nerangaké kawontenané.” Salajengipun Injil

Yoh. 14:9b nélakaken, “Sing sapa wus ndeleng Aku, iku wus ndeleng Sang Rama” (kaserta ugi ing Yoh. 12:45).

#### 4. **Yésus Putraning Allah Miturut Kula**

- a. Sasampunipun Ibu/Bapak nyinau bab Gusti Yésus Kristus Putraning Allah, bab-bab anyar punapa ingkang Ibu/Bapak pethik?
- b. Punapa pangertosan anyar kasebat badhé nyawabi anggènipun Ibu/Bapak ngriyayakaken Natal ing taun punika? Menawi wangsulanipun inggih, wonten ing bab punapa kémawon punika?

#### 5. **Punapa Ingkang Badhé Kula Tindakaken**

- a. Sasampunipun gadhahi pangertosan bilih Yésus Kristus Putraning Allah, punapa ingkang Ibu/Bapak badhé tindakaken?
- b. Menawi wonten tiyang ingkang pitakèn dhateng Ibu/Bapak bab Yésus Kristus Putraning Allah, katrangan punapa ingkang badhé Ibu/Bapak aturaken?

[MH]



**BAHAN  
PANYURAOS SABDA  
ADYUSWA**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



**Panyuraos Sabda  
Adiyuswa**



**Natal:  
Mahargya “Kula  
Putraning  
Allah”**



**Métode PA:** Berbagi Praksis Kristen (*Shared Christian Praxis*)

**Catatan:** Supados métodhe Panyuraos Sabda (PS) punika saged katindakaken kanthi prayogi, pramila PS kedah katindakaken wonten ing kelompok (pepanthan) alit isi 5-7 tiyang. Kelompok alit kados mekaten prayogi awit tiyang mbetahaken sarana mbagèkaken cariyos, dipunpirengaken saha ngraos-raosaken punapa ingkang dipun cariyosaken.

**Purwaka:** Natal punika pahargyan miyosipun Gusti Yésus Kristus Sabdanipun Allah ingkang manjalma dados manungsa. Sesarengan kaliyan punika sejatosipun kita ugi mahargya anggènipun Gusti ngangkat kita minangga para putra-Nipun. Status utawi kalengahan kasebat kedah dipunpahami saha raosaken kanthi èstu-èstu satemah gesang kita saged nyunaraken/ngetingalaken status kasebat. Lumantar Panyuraos Sabda ing Mangsa Advèn-Natal punika kita dipunajak ngènget-ènget saha ngraos-raosaken status kasebat supados salajengipun

saged mujudaken maknaning status kasebat wonten ing gesang padintenan.

## URUT-URUTANING PANYURAOS SABDA

(*dèrèng kalebet ngidung*)

### 1. Nyariyosaken Pengalaman Lan Ngraos-raosaken

(*Pitakènan-pitakènan ing ngandhap saged dipunginakaken kanggé nuntun para rawuh supados sami nyariyosaken saha ngraos-raosaken pengalamanipun*)

- a. Punapa sadangunipun punika Ibu/Bapak sampun naté ngraos-raosaken statusipun Ibu/Bapak minangka para putraning Allah? Menawi wangsulanipun inggih, kasuwun Ibu/Bapak nyariyosaken sacara cekak punapa ingkang Ibu/Bapak raos-raosaken kasebat!
- b. Kadospundi pangraos-raos kasebat nyawabi sesambetanipun Ibu/Bapak dhateng tiyang sanès saha dhateng alam ing sakiwa tengenipun Ibu/Bapak?
- c. Wiwit rikala punapa saha saking pundi (kados pundi) pangraos bab status kasebat tuwuh wonten ing dhirinipun Ibu/Bapak?

### 2. Mirengaken Sabdanipun Gusti: Yoh. 1:12-13; Gal. 4:4-7

### 3. Ngraos-raosaken Sabdanipun Gusti

Wonten kathah ayat ingkang ngrembag bab para putraning Allah. Salah satunggalipun inggih punika Yoh. 1:12-13. Wonten ing ayat punika kaserat, “Nanging sapa baé kang nampani Panjenengané iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmané, kang lairé ora saka getih, iya ora saka pakaremaning daging utawa saka karepé wong lanang, *nanging saka ing Allah.*” Menawi ayat kasebat kita gatosaken kanthi èstu-èstu, kita badhé manggihaken tigang bab ingkang wigatps

sesambetan kaliyan jati dhiri kita minangka para putraning Allah ingkang kedah kita pahargya, inggih punika:

(1) Bilih tiyang ingkang nampi Gusti Yésus Kristus minangka Gusti lan Juruwilujeng mboten namung dipun paringi ‘status’ ingkang namung nglaha status kémawon. Ananging langkung lebet saking punika, saben tiyang pitados dipun paringi ‘kuwaos’ supados dados putraning Allah. Tanpa ‘kuwaos saking Gusti Allah kasebat kita mboten badhé saged dados putraning Allah. Awit kuwaos kasebat punika pramila status kasebat dados jati dhiri kita, dados tetandha ingkang nedahaken sinten ta kita punika, inggih punika bilih kita putraning Allah ingkang kedah ngetingalaken Allah ingkang kebak sih-nugroho.

Bab kasebat ugi sesambetan kaliyan sebatan ‘putra’ ingkang padatanipun ngetingalaken punapa ingkang dipun tindakaken déning tiyang sepuhipun. Wonten pangandikan ing basa Inggris, *‘like father like son’*. Temtu ingkang kados mekaten mboten namung ngengingi sesambetan ing antawisipun bapa kaliyan putranipun, ananging ugi antawisipun tiyang sepuh (kalebet ibu) kaliyan putranipun. Tegesipun, punapa ingkang kita tindakaken minangka tiyang pitados ingkang dipun sebat putraning Allah mesthinipun saged ngetingalaken punapa ingkang dipun kersakaken lan tindakaken Gusti Allah Rama kita.

Bab ‘kuwaos’ kasebat, Injil Yoh. 1:12 migunakaken tembung *‘exousia’* (basa Yunani). Tegesipun, hak ingkang mirungga, kekeh ing bab pilihan, daya kekiyataning pangaribawa, setya lan mbangun turut dhateng ingkang kuwaos utawi pranatan. Kanthi ukara sanès, Yoh. 1:12 saged dipunwaos, “Sinten kémawon ingkang nampi Panjenengané badhé dipunparingi hak mirungga minangka putraning Allah. Dipun paringi manah ingkang kekeh dhateng pilihanipun minangka putraning Allah. Dipunparingi kalonggaran nindakaken puna ingkang ngremenaken minangka putraning Allah. Dipunparingi kasagedan setya lan mbangun turut dhateng ingkang kuwaos utawi

pranatan saking Gusti Allah, satemah kanthi mekaten kita kasagedaken dados para putraning Allah. Pitakènanipun, “Punapa kita sampun èstu-èstu nampi Gusti Yésus minangka Gusti lan Juruwilujeng kita? Punapa kita sampun nampi kuwaos saking Gusti minangka putranipun Allah?

(2) Sebatan ‘putranipun Allah’ punika sebatan kiyasan, sanès wonten ing pangretosan sacara biologis utawi ragawi. Sebatan punika peparing sih-nugraha saking Gusti Allah lan ugi peparing tanggél jawab ingkang dipun paringaken dhateng kita (Yoh. 1:13 pérangan pungkasan “*nanging saka ing Allah*”).

Wujuding tanggél jawab kasebat wonten sesambetanipun kaliyan pulihing status kita minangka wakiling Gusti Allah ing jagad punika, inggih punika minangka mandhataris (ingkang nampi mandhat) saking Gusti Allah (Purwaning Dumadi 1:27). Kados ingkang wonten ing tradhisi masarakat kita, sebatan putra ugi nedahaken tanggél jawab kita ‘mikul dhuwur mendhem jero’ asmanipun tiyang sepuh kita. Tegesipun, kita kedah urmat dhumateng Gusti Allah saha ngluhuraken asmanipun Allah lumantar sikep, tindak-tanduk saha tumindak kita.

(3) Kejawi punika, sebatan ‘putra’ ateges bilih laré punika darbèkipun tiyang sepuhipun. Gambaran kados mekaten nedahaken dhateng kita bilih menawi kita punika putranipun Allah, ateges kita punika kagunganipun Gusti Allah, brayatipun Allah, lan dipun ayomi Gusti Allah. Minangka brayat, kita mesthinipun gesang sesarengan saha nggadhah sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti Allah. Menawi kita mbokbilih nembé wonten ing kawontenan ingkang miwang utawi nembé mbangkang, ananging sihipun Gusti Allah dhateng kita mboten badhé kendhat. Panjenenganipun badhé tansah njangkung, ngrangkul saha ngajak kita wawan rembag lumantar punapa kémawon.

Bab ingkang narik kawigatosan saking sebatan “putra” wonten ing Injil Yoh. 1:12 inggih punika bilih

tembung basa Yunani ingkang dipun anggé kasebat béda kaliyan ingkang dipun anggé wonten ing Galatia 4:5. Injil Yohanes 1:12 migunakaken tembung ‘*teknon*’ ingkang tegesipun ‘laré ingkang dèrèng akil balik utawi dèrèng diwasa, taksih prelu dipun tuntun, dèrèng saged mandhiri. Tegesipun, tiyang ingkang pikantuk sebatan punika nembé saged nampi saha ptados dhumateng Gusti Yésus, taksih kedah nglampahi prosès (lelampahan) tumuju dhumateng kadiwasan iman lan pandamel. Wonten ing prosès punika Gusti badhé tansah nganthi lan nyagedaken menawi kita sami pasrah dhumateng Panjenenganipun.

Déné tembung ingkang dipun anggé wonten ing Galatia 4:4-7 inggih punika *huios*, tegesipun ‘laré ingkang sampun diwasa/akil balig’. Tegesipun, tiyang kasebat mboten namung pitados dhumateng Gusti Yésus, ananging ugi diwasa iman saha pandamelipun. Sanadyan mboten wonten setunggal tiyang ingkang sampurna, ananging paling mboten kadiwasan kasebat ketingal wonten ing gesang padintenan ingkang kebak katresnan kados ingkang kaserat wonten ing 1 Kor. 13:4-7.

#### 4. Mahargya “Kula Putranipun Allah”

Adhedasar pangraos-raos kita kalawau, Ibu/Bapak kaaturan nyerat wonten ing ngandhap punika:

Natal iku mahargya statusku dadi putraning Allah, yaiku dadi putra kang:

- Kebak panuwun sokur (conto)
- .....
- .....
- .....
- .....
- .....
- lan salajengipun.

**5. Punapa Ingang Badhé Tindakaken**

Minangka putranipun Allah, punapa ingkang badhé kula tindakaken sacara nyata tumrap:

- Semah kula (menawi taksih sugeng):
- Anak kula:
- Tanggi kula:
- .... (Sumangga dipun sebat asma utawi inisial tiyang ingkang Ibu/Bapak kersakaken. Tiyang kasebat saged tiyang ingkang ngrencangi padamelan ing griya kita, utawi mantu, besan, lsp.).

[MH]



**BAHAN  
PAKEMPALAN  
PANDONGA**

**Minangka satunggaling bakalan,  
menapa ingkang kacawisaken ing  
buku menika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak**



## Pakempalan Pandonga 1

2 Pétrus 3:8-15



## Methukaken Gusti Kanthi Suka Bingah



### 1. WEKDAL ENING

### 2. KIDUNG PAMUJI:

Kidung Pasamuwan Kristen Lami (KPKL) 57

“RAWUHIPUN GUSTI”

1=C 4/4

- 1) Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat  
Methukken klayan puji mring Ratuning jagad  
Mugi Tuwan madhangi lantaran Roh Suci  
Salam kula ndadosna kepareng Paduka
- 2) Saking dampar kang mulya lan kluhuran swarga  
Tuwan tedhak ing donya nunggil lan pra jalma  
Tumut nandhang sangsara ngrembat kasusahan  
Ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran

### 3. PANDONGA PAMBUKA

**Tiyang sepuh:** Dhuh Gusti Yésus, Gusti kawula, rawuh Paduka saèstu kawula antu-antu. Paduka punika Tamu Agung wonten griya kawula. Awit saking punika kawula badhé resesik, mboten namung ingkang katingal nanging inggih ing salebeting nyawa kawula.

Supados kawula sembada methukaken rawuh Paduka. Mugi Paduka karsa rawuh wonten ing jiwa raga kawula.

**Para laré:** Dhuh Gusti, kawula inggih ngaturaken panuwun, Paduka karsa rawuh ing griya kawula. Griya kawula pancèn prasaja. Kawula ngraosaken tentrem, jalaran kawula sami mbangun lan ngrimati kanthi katresnan kadosdéné ingkang Paduka wulangaken dhateng kawula. Mugi Paduka karsa dedalem sesarengan kaliyan kawula ing griya ingkang prasaja punika.

#### 4. KIDUNG PAMUJI:

KPKL 139: 1, 3 “GUSTI YÉsus RATU ADIL”

<sup>1=F 4/4</sup>

- 1) Gusti Yésus Ratu adil Panetep Panatagami  
Kang mengku sajagad rat Sagung ilat badhé nyebut  
Wah salir dengkul Asujud mring Gustiné pra umat  
Mring Gustiné pra umat
- 3) Tiyang dosa kang kesrakat, tiyang sakit wah tyang mlarat  
Bra samya tinimbalan  
Déné dinten kang umarek Apitados ngarep-arep  
Mesthi ‘nggih tinulungan mesthi ‘nggih tinulungan

#### 5. PAMAOSING KITAB SUCI: 2 Pétrus 3:8-15

#### 6. RENUNGAN

Menggahing kita, sinten ta, Gusti Yésus punika? Kita badhé mangsuli sesarengan, bilih Gusti Yésus punika Juruwilujeng kita. Wangsulane ingkang sami kaaturaken ugi

déning tiyang èstri Samaria wonten ing Injil Yohanes bab 4, priyayi kedhaton ingkang anakipun sakit, tiyang sakit ing sapinggiring blumbang Bètèsdha, tiyang èstri ingkang lampah bandrèk lan sanèsipun taksih kathah malih. Kasinggihan ing antawis kita mboten wonten ingkang pepanggihan aben-ajeng kados ingkang naté dipun alami déning tiyang-tiyang punika. Ananging, ing saben kita naté ngraosaken katresnaning kawilujengan saking Gusti Yésus ing gesang kita. Awit saking punika, nalika Sang Juruwilujeng badhé rawuh malih ing jagad punika, mila sampun samesthinipun kita methukaken rawuhiPun kanthi kebaking suka bingah.

Anggèn kita methukaken rawuhipun kanthi suka bingah mboten namung winatés tanggapan ingkang gupyak lan nengsemaken sami kaliyan menawi kita pinuju dhateng toko modern. Ing ngriku kapasang reroncèn pethétan ingkang éndah lan manéka warni bebingah tuwi tetedhan ingkang miraos. mBoten!

Tanggapana anggèn kita methukaken Gusti Yésus punika kebak raos pamuji sokur kita karana Gusti sadangunipun punika sampun maringi wekdal kanggé kita. Panjenenganipun sampun paring wewengan kanggé kita supados njagi kawilujengan ingkang sampun kaparingaken dhateng kita piyambak-piyambak (2 Pet.3:15). Pitakènanipun, “Pisungsi panuwun punapa ingkang sampun kita cawisaken kagem Gusti wekdal punika?”

Pétrus ngènetaken kita bilih sanès bandha pangaji ingkang dipun kersaken Gusti. Ananging, Gusti ngersakaken pisungsi panuwun lumantar sikep tata gesang ingkang leres saking gesang kita piyambak. Tata gesang ingkang leres ing ngarsanipun Gusti ingkang tansah kita persudi ing gesang punika. Wiwit saking pamratobat saking gesang lami lumebet dhateng gesang anyar, njagi lan ngrimati dhiri pribadi salebeting ajrih asih dhumateng Gusti, nandukaken patrap ingkang prayogi tumrap saben tiyang ingkang kita

prangguli sanadyan tiyang wau ndarbèni iman kapitadosan ingkang béda, lan taksih kathah malih sanèsipun.

Nalika kita sampun nindakaken sadaya punika kanthi ikhlas lan tanpa pamrih pikantuk piwales saking sesami utawi saking Gusti, kabingahan kita badhé sangsaya jangkep. Punika badhé mitulungi kita salebeting kita methukaken Gusti. Gusti nresnani manah ingkang tulus, tumemen lan ingkang leres. Awit saking punika, sumangga kita nyawisaken dhiri kita kanthi prayogi, supados saged methukaken Gusti kanthi kabingahan. Gusti mberkahi.

## 7. KIDUNG PAMUJI

### KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,  
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,  
kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,  
mrih sesami basuki, nampeni sihing Gusti,  
nampeni sihing Gusti.

## 8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

[AAY/TK]



**Pakempalan Pandonga 2**

Yésaya 49:8-13


**Methukaken  
Rawuhipun Gusti  
Salebeting Paseksi**
**1. WEKDAL ENING****2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 14 “KULA SAMYA TETUNGGILAN”

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,  
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan  
Rèff.:  
Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,  
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.
- 2) Kula rinoban ing begja rintèn-dalu tan kendhat,  
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat  
Rèff.:

**3. PANDONGA PAMBUKA****4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 9 “HÉ, SARUPANING PRA UMAT”

- 1) Hé, sarupaning praumat, padha mujia mring Allah.  
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.

- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,  
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

**5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yésaya 49:8-13**

**6. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 187 “Ana Sabawa Gumrubyug”

- 1) Ana sabawa gumrubyug, wit wong golongan kumrubut.  
Gumrubug dènya peplayon, "Apa baya, kang tinonton?  
Ana kang gupuh sumambung, "Yésus Nasarani kang  
langkung."  
Ana kang gupuh sumambung, "Yésus Nasarani kang  
langkung."

- 2) Yésus yéku Sang Pamarta, kang tumedhak saking  
swarga.  
Mundhi dhawuhhé Sang Rama, mitulungi wong cilaka.  
Kang pracaya trusing kalbu; mesthi dènwelasi satuhu.  
Kang pracaya trusing kalbu; mesthi dènwelasi satuhu.

**7. RENUNGAN**

**“Methukaken rawuhipun Gusti salebeting paseksi”**

Punapa ingkang badhé kalampahan menawi kita mireng bilih wonten satunggaling tiyang ingkang kita aosi badhé rawuh wonten ing griya kita? Menawi kula, badhé ngerigaken sadaya warganing brayat kanggé reresik griya: nyapu, ngepèl, tata-tata, kalebet laré-laré tumut ngrerengan griya. Padatan griya mboten naté resik. Mesthi kémawon wonten panggènan ingkang reged, barang-barang ingkang gumlethak mboten samesthinipun, utawi pérangan témbok prelu dipun pasang *lukisan* utawi *hiasan*. Sadaya katindakaken kanggé memantes griya karana badhé nampi

dhatengipun tamu agung wau. Lajeng, menawi sampun, kula cariyos dhateng tanggi bilih griya badhé kadhatengan tamu, tuwin sapinten pentingipun tiyang punika tumrapping brayat. Sokur menawi tanggi inggih tepang kaliyan tamu, temahan saged sesarengan methukaken tamu ing griya kula.

Nabi Yésaya nampi pawartos ingkang sakelangkung mbingahaken magepokan Gusti Allah kagungan janji badhé ngluwaraken umat ingkang nandhang sangsara ing negari pambuwangan. Inggih karena punika piyambakipun ngandharaken sabda pangluwaran dhateng umat. Kawedharaken janji ingkang agung punika lumantar tutukipun sang nabi, nggambaraken kadospundi adrengipun Gusti Allah ngluwari umat ingkang sadangunipun punika nandhang sangsara, Yesaya 49:9b-10 nyerat, *“Ing sadalan-dalan padha kaya wedhus kang ora tau kekurangan suket, tuwin sanadyan ana ing sakèhing tengger kang gundhul iya padha kasadhiyanan suket. Mulané ora padha luwé utawa ngelak; ora bakal padha katempuh ing angin panas lan panasing srengéngé kang sumelet, amarga padha katuntun déning Sang Paring Piwelas padha kagiring menyang ing sumber-sumber banyu.”* Salajengipun Sang Pangluwar punika ngajak umat supados mboten mènèl kémawon. Sesarengan kaliyan langit, bumi lan gunung-gunung, umat dipun ajak asurak-surak lan ngraosaken gumbiraning manah. Sesarengan kaliyan alam, umat kaajab dados seksi nyariyosaken sih katresnanipun Allah ingkang ngluwari umat.

Rawuhipun Gusti Yésus ing jagad minangka kapenuhaning prasetyanipun Allah. Ing satengahing lemes lungkrah lan dayaning karohanèn ingkang sampun garing, Gusti Allah ngutus Sang Putra ontang-anting dados Sang Pangluwar. Mboten saking pambuwangan utawi panindhes saking bangsa sanès, ananging pangluwaran saking pakunjaran karena panindhes ingkang katindakaken déning para pangajenging agami ingkang namung

nengenaken dhateng paugeraning Torèt. Rawuhipun Gusti Yésus karsa aneksèni punapa ingkang sampun dipun ngandikakaken déning Gusti Allah lumantar nabi Yésaya, “Amarga Pangéran Yéhuwah nglipur umaté lan asih marang para wong kang dadi kagungané kang padha katindhes.” (ay. 13b).

Éngga jaman sapunika, kita prelu methukaken rawuhipun Gusti Yésus ing jagad minangka pawartos ingkang mbingahaken ingkang prelu kacariyosaken. Sang Sabda ingkang sampun manjalma minangka wujuding Gusti Allah nyawiji wonten ing jagad punika. Gusti Allah mmboten badhé négakaken umatipun nandhang sangsara. Ing satengahing pageblug ingkang kados dados panindhés salumahing donya, kita kaatag ngundhangaken prasetyanipun Gusti Allah, bilih Panjenenganipun nglipur lan nresnani umatiPun. Sumangga kita aneksèni lumantar mbabaraken raosing momotan sesarengan kaliyan sesami kita, satemah punapa ingkang kita tindakaken kathi tumemen dados seksi tumrap katresnanipun Allah kanggé sadaya manungsa.

## 8. WEKDAL ENING

### 9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 191:1-3 “Gusti Yésus Pangèn Setya”

- 1) Gusti Yésus Pangèn setya pindha parang santosa.  
Sadaya ingkang pracaya dimèn sami ngayoma.  
Rèff.:  
Gustiku makwasa, yèku Pangèn kang setya.  
Gustiku kang kwasa pindha parang santosa.
- 2) Piandelé kang ngabekti namung asmané Gusti.  
Ironing sangsara ginodha, panggah tatag ing driya.  
Rèff.:

- 3) Asmané Sang Kristus Gusti mbereg dhemen leladi,  
mrih gesang tentrem ing donya tansah rinoban sihnya.  
Rèff.:

## 10. PANDONGA SYAFAAT

## 11. KIDUNG PAMUJI

KPJ 353:1 “SEMBAH BEKTI WAH PUJI”

- 1) Sembah bekti wah puji konjuk ngarsèng Gusti,  
kang mberkahi gréjanya, temah tansah begja.  
Injil kraton ing Allah ingundhangken sumrambah.  
Asmané kamulyakna déning sagung bangsa.

[JK/TK]





## Pakempalan Pandonga 3

Matius 9:9-13



## Mitra Inkgang Kasingkiraken



### 1. WEKDAL ENING

### 2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 31:1,2 “Swawi Pra Suci Nyawiji”

- 1) Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,  
sami ngabekti memuji mring Gusti.  
Ajrih, sumelang, sedhah, lan kasangsaran  
ginantos kabegjan sihing Pangéran
- 2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat,  
ngétang mukjijat lan gunging sih-rahmat.  
Lubèring berkah sing swargi tansah tumrah,  
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

### 3. PANDONGA

### 4. MAZMUR SESAUTAN [Mazmur 108:2-5]

B. = Bapak; I. = Ibu; A. = Anak

B.: Manah kawula sampun cumawis, dhuh Allah, kawula  
badhé ngidung, kawula badhé ngrepèkaken masmur.

I.: Tangia, heh nyawaku. Hé slukat lan clempung padha  
tangia!

- A.: bangbang wetan arep dakgugah.  
 B.: Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur dhumateng  
 Paduka wonten ing satengahipun para bangsa, dhuh  
 Yéhuwah,  
 I.: saha badhé ngidungaken masmur kagem Paduka  
 wonten ing tengahipun para suku bangsa;  
 A.: awit sih-kadarman Paduka punika agengipun  
 ngungkuli langit, saha kasetyan Paduka ngantos  
 sundhul ing méga.

## 5. KIDUNG PAMUJI

KPJ 29:1-3 “Sumangga Sowan Gusti”

- 1) Sumangga sowan Gusti. Haléluya!  
 Srana kidung pamuji. Haléluya!
- 2) Tyang pracaya nyawiji. Haléluya!  
 Ing tresna tulus yekti. Haléluya!
- 3) Pujèkna gung panggungung. Haléluya!  
 Kidung konjuk Hyang Agung. Haléluya!

## 6. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 9:9-13

## 7. RENUNGAN

### “Mitra ingkang kasingkiraken”

Menawi wonten pitakènan, sinten ingkang paling siap mahargya Natal? Wangsulani pun sanès gréja A utawi gréja B, nanging pengusaha. Sabab, dangu saderengipun Natal, sampun ngrancang kadospundi methukaken pahargyan Natal. Temtunipun punika karena wontenipun paugeman *homo economicus*, ingkang penting wonten bathinipun. Inggih makaten ingkang nguwaosi pikiranipun

pengusaha. Tumrap piyambakipun, Natal punia wekdal kanggé nggayuh bebathèn ingkang kathah.

Menawi kita wantun blaka, caranipun gréja mahargya Natal kadhangkala mboten tebih saking paugemanipun pengusaha. Kathah ingkang damel adicara kados tontonan ingkang ngerigaken paraga ingkang kathah. Latihan, ngintun proposal, dedamel acara ingkang narik kawigatosan, lan taksih kathah malih. Punapa tujuwanipun? Supados kathah tiyang ingkang nonton. Punapa ta ingkang kalampahan sasampunipun kathah ingkang sami ndhatengi? Temtunipun badhé kondhang lan nambah warga pasamuwan, tundhonipun saged ngempalaken pisungsung ingkang langkung kathah.

Wonten satunggaling cariyos, Gusti Yésus naté rawuh wonten jagad punika ing wekdal gréja mahargya Natal. Gusti Yésus milih gréja ingkang paling ageng ing satunggaling kitha. Panjenenganipun ngraosaken bingah nalika ndhèrèk ngibadah ingkang katindakaken kanthi tumemen. Sasampunipun ngibadah, Gusti jumeneng ing kori, kados-kados sumadya nampèni salam. Nanging, mmboten wonten satunggal tiyang mrepegi lan nyalami. Jalaran sadaya tiyang sami kesesa wangsul. Gusti Yésus sedhah nanging mboten pedhot pangajeng-ajeng. Gusti Yésus lajeng ngrawuhi gréja alit ing satunggaling dhusun. Panjenenganipun bingah saget, tiyang-tiyang sami ketinggal prasaja. Purna pangibadah tiyang-tiyang sami sesalaman lan ngucapaken salam Natal. Mirsani kahanan ingkang makaten punika, Gusti Yésus nguwuh, “Iya Aku iki Yésus kang sira sembah”. Tumunten horeg saisining gréja. Kathah tiyang mboten sami pitados lan malah nganggep bilih panjenenganipun tiyang édan. Kahanan sangsaya ramé. Pak pendhita énggal-énggal ndhatengi lan ngajak Gusti Yésus dhateng ruang pandhita, ing ruang pandhita wau, pak pandhita sungkem sujud lan ngarasi sampeyanipun Gusti Yésus. Gusti Yésus kagèt lan ndangu, “Heh, sira tepung karo Aku. Kenang apa sira ora kandha marang warga

pasamuwanmu menawa Aku iki Yésus?” Kanthi raos sungkan pak pandhita atur wangsulan, “Paringana pangapunten Gusti. Kawula ajrih tiyang-tiyang punika sami mboten pitados, temahan nilaraken gréja punika. Menawi punika kalampahan, kawula bangkrut, kawula badhé nedha punapa?”

Cariyos prasaja punika nggambaraken kadospundi gréja anggenipun mahargya Natal, lan gesang padintenipun gréja wau. Mirib kaliyan pengusaha, ngupadi kauntungan. Inggih punika sababipun ingkang asring dipun undang salebeting pahargyan Natal tiyang-tiyang ingkang manggèn ing papan inggil, pejabat, tiyang ingkang kondhang, utawi ingkang sakinten saged suka panyengkuyung ing bab dana. Para tiyang wau sami kalenggahaken ing kursi kinurmat. Warga pasamuwan sanèsipun, utawi ingkang sèkèng, mboten pikantuk kawigatosan. Badhé tumut dhateng utawi mboten punika sanès prakawis ageng.

Pawartos ingkang mbingahaken ing dinten punika, pangandikanipun Gusti ingkang kita waos, badhé nyumerepaken karsanipun Gusti rawuh. Karsanipun Gusti badhé ngrengkuh manungsa dosa, tiyang sèkèng lan kapinggiraken. Pangandikanipun Gusti, “Sabab tekaKu iki ora ngundang wong sampurna, nanging wong dosa.” (ay. 13). Inggih punika ingkang katindakaken déning Gusti Yésus sarana pakaryaniPun ing jagad punika. Kaserat ing Kitab Suci, Gusti Yésus dhahar kembang sesarengan kaliyan para juru-mupu-beya lan tiyang dosa. Nedha (dhahar) sesarengan punika patraping kekancan. Punapa wonten ingkang purun nedha sesarengan kaliyan para juru-mupu-béya lan tiyang dosa? Para juru-mupu-béya nalika semanten dipun anggep pengkhianat jalaran nyambut damel kanggé penjajah. Para tiyang wau sami dipun singkiraken saking masyarakat lan agami. Ananging pawartos ingkang nengsemaken kita pireng dinten punika, Gusti Yésus rawuh kanggé tiyang ingkang sakit. Panjenenganipun rawuh

mboten kanggé tiyang waras (sehat). Panjenenganipun rawuh maringi gesang lan pangajeng-ajeng tumrap tiyang-tiyang sakit.

Minangka pandhèrèkipun Gusti, kita prelu sinau nulad punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus. Kita sinau nggatosaken tiyang-tiyang ingkang kasingkiraken. Natal dados wekdal ingkang ngènetaken kita tinarbuka dhateng tiyang ingkang kasingkiraken. Punika wekdalipun kita ngrangkul sadaya tiyang, kalebet ingkang dipun anggep mboten migunani. Mbok menawi para tiyang wau wonten ing tengahing brayat kita, kadoséné sadhèrèk ingkang ngréncangi griya. Saged kalampahan ugi ing sakiwa-tengen kita. Tanggi tepalih ingkang mboten begja ing gesangipun.

Lumantar Natal, Gusti Allah sampun maringaken Ingkang Putra Kinasihipun, karsa maringi gesang dhateng manungsa ingkang kaanggep kirang aji. Sumangga kita mbucal sikep gesang ingkang namung mentingaken dhiri pribadi. Natal mboten kanggé kula, mboten kanggé moncèring pribadi kula, mboten kanggé ngudi kasugihan kula. Kosokwangsulipun, Natal tegesipun suka pawèwèh punapa ingkang kita darbèni kanggé sesami ingkang kasingkiraken. Punapa ingkang badhé kita tindakaken tumrap sesami ingkang kasingkiraken? Amin.

## 8. KIDUNG PAMUJI

KPKL 141 “Dhamparing Sih Rahmat”

1=E 6/8

- 1) Wonten satunggal panggènan sayogya dados klangenan  
Mring tyang dosa kang mratobat  
Rèff.:  
Yèku dhamparing sih rahmat  
Nggih dhamparing sih rahmat  
Kang nengsemken tyas kula  
Ngriku nggèn kula ‘ntuk gesang

Sinungan waluya

- 2) Ngriku Gusti dènnya ngarih manah kula yèn asedhih  
Salir prihatin binirat  
Rèff.:

### 9. PANDONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- *Sadèrèngipun ndedonga, prayogi menawi saben warganing brayat nglairaken tékadipun kanggé ngrangkul tiyang ingkang kasingkiraken kanthi cara ingkang prasaja lan saged dipun tindakaken.*
- *Pandongga katindaken sacara gentosan: Laré, Ibu, lan Bapak.*

### 10. KIDUNG PAMUJI

KPKL 128:1-2 “Kinanthi ing Gusti”

1=G 3/4

- 1) Gusti Yésus pangèn mami iba gunging sih Tuwan  
Ing sapurug-purug kula nyuwun panganthi Tuwan.  
Rèff.:  
Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti  
Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti
- 2) Kula mboten nyuwun bandha tan nyuwun kadrajatan  
Kang kawula suwun namung kinanthia ing Tuwan.  
Rèff.:  
Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti  
Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti

[ASP/TK]



## Pakempalan Pandonga 4

Matius 11: 2-11



## Rahayu Wong Kang Ora Nganti Kacuwana Bab Aku



### 1. WEKDAL ENING

#### 2. KIDUNG PAMUJI

KPKL 124:1,2 “PANGGUNGUNG KONJUK MRING  
PANGÉRAN”

1=E 4/4

- 1) Pangéran Mamulya, yogya kula puja  
Déné agung kadarmannya kang sumrambah mring kula  
Dhatan wonten wicalannya tan kendhat lumintunya  
Pangéran Ma'mulya yogya pinuja  
Pangéran Ma'mulya yogya pinuja
- 2) Pangéran Mamulya, yogya kula puja  
Déné karsa maringaken Putranipun pribadya  
Dinadosken Juru slamet myang Pamarta kawula  
Pangéran Ma'mulya yogya pinuja  
Pangéran Ma'mulya yogya pinuja

### 3. PANDONGA

#### 4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 189:1-3 “Gusti Allah Pangayom Setya”

- 1) Gusti Allah Pangayom Setya, tansah ngrimati umatnya.  
Lir pangon rumeksa méndanya. Mula arum ngandikannya.  
Ora bakal Aku téga, tan bakal nilar mring sira.
- 2) Mula kita mosik ing ati, Aku bakal ora wedi,  
awit Gusti Kang Mahasetya datan téga nilar kita.  
Manungsa bisané apa, katandhing Allah Makwasa.
- 3) Payo para sagunging titah padha ngabekti mring Allah.  
Datan bakal sira kagelan, Gusti paring katentreman.  
Pangéran tan bakal cidra, rumeksa ing salamanya.

## 5. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 11: 2-11

## 6. RENUNGAN

“Rahayu Wong Kang Ora Nganti Kacuwan Bab Aku”

Punapa ingkang badhé kita tindakaken menawi pangajeng-ajeng kita mboten kaleksanan? Nalika pangajeng-ajeng mboten kaleksanan badhé nukulaken raos kuciwa. Satunggaling mahasiswa kepéngin lulus ing wekdal ingkang sampun katetepaken, nanging karana wontenipun prakawis lajeng lulusipun randhat. Satunggaling pedagang ngajeng-ajeng daganganipun ndhatengaken bathi, nanging karana mboten pajeng, mboten saged methik bathinipun. Pedagang wau kuciwa. Kejawi conto kalih warni wau, ing gesang kita taksih kathah conto ing bab kuciwa ingkang dipun tampèni.

Kuciwa saged dipun raosaken déning sok-sintena. Ing waosan dinten punika, Yohanes Pambaptis ketingalipun nguningakaken raos kuciwanipun. Piyambakipun sampun madeg dados nabi ingkang sembada, wantun nyaruwé tiyang katah ingkang dosa, kalebet Herodhès, ratu ingkang ndarbèni panguwaos temahan piyambakipun kalebetaken

ing pakunjaran. Inggih piyambakipun ingkang nepangaken Gusti Yésus minangka Sang Mesih lan piyambakipun ngrumaosi bilih namung dados tiyang ingkang mbikak margi. Nanging, nalika piyambakipun kinunjara lan kedah nanggél piyambak, kapitadosanipun Yohanes wiwit miyur. Piyambakipun lajeng ndhawuhi utusan miterang dhumateng Gusti Yésus, “Punapa panjenengan punika ingkang pinasthi rawuh, punapa kawula sami kedah ngentosi sanèsipun?”

Gusti Yésus pirsira raosipun Yohanes Pambaptis lan ngraosaken sakabatipun Yohanes. Panjenenganipun paring pangandika, “Wis, padha mundura, wartakna marang Yohanes apa kang kokrungu lan kokdeleng: wong picak padha ndeleng, wong lumpuh padha lumaku, wong lara budhugen padha kabirat najisé, wong budheg padha krungu, wong mati padha katangèkake lan wong mlarat padha kawartanan kabar kabungahan. Rahayu wong kang ora nganti kacuwan bab Aku.” (Mat. 3: 4-6). Lumantar pangandika punika, para sakabatipun Yohanes katimbangan mireng lan sumerep piyambak sinten Sang Mesih punika. Kanthi mireng lan sumerep piyambak pakaryanipun Sang Mesih, para sakabatipun Yohanes badhé pitados dhumateng Gusti adhedhasar pengalaman imanipun, mboten adhedhasar punapa ujaripun tiyang sanès. Kapitadosan dhumateng Gusti ingkang pinangkanipun saking pengalaman nyata adamel satunggaling tiyang ngalami katentreman.

Punapa ta maknaning rawuhipun Gusti Yésus tumrap kita ing jaman sapunika?” Gusti Yésus ngendika dhateng para sakabatipun Yohanes, “Rahayu wong kang ora nganti kacuwan bab Aku.” Kita manggihaken pawartos bilih tiyang-tiyang ingkang sami rahayu punika ingkang mboten kuciwa lan lan nampik Gusti Yésus. Kénging punapa tiyang saged kacuwan lan nampik Panjenenganipun? Saking pitakenanipun para sakabatipun Yohanes punika kita sumerep bilih sakabatipun Yohanes saged kalampahan kuciwa dhumateng Gusti jalaranan sami mboten sabar

ningali Gusti Yésus tumindak. Tiyang ingkang mboten sabar badhé meksa dhateng pikajenganipun piyambak. Nalika sadaya ingkang dipun gegadhang mboten kasembadan, tiyang saged nepsu lan kuciwa. Wiwit rumiyin éngga dinten sapunika, kathah tiyang ingkang sami kacuwan lan nilaraken Gusti. Pitakenanipun, punapa Gusti Yésus damel cuwa manah kita? Wangsulaniipun: mboten. Sadangunipun wekdal ingkang kalampahan, Gusti mboten naté damel kuciwa. Manungsa ingkang mboten sabar nengga Gusti tumindak. Kirang sabaripun manungsa saged nukulaken sikep kemrungsiung.

Renungan punika ngèngetaken kita supados tetep pitados dhumateng rancanganipun Gusti lan mboten kacuwan, punapa malih nilaraken Gusti. Gesang ing jagad punika pancèn kebak tantangan, kepara sakathahing l slampahan gesang saged nguciwani. Menawi kita ndarbèni iman kapitadosan wonten ing Panjenenganipun, kita badhé tumemen lan badhé ngalami katresnanipun Gusti.

## 7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 158:1-3 “DITANSAH PADHA BUNGAHA”

- 1) Ditanisah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,  
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.  
Rèff.:  
Tansah bungah ing patunggilané Gusti,  
tansah bungah, wit sinung gesang sejati
- 2) Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan,  
yéku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.  
Rèff.:
- 3) Ditanisah mantep pracaya, tan was-sumelang ing ati.  
Tegen nyenyuwun, ndedonga, pasrah, wit Gustimu nganthi.  
Rèff.:

**8. PANDONGA**

- Nyuwun kasabaran wonten ing gesang lan sangsaya setya ndhèrèk Gusti Yésus.
- Nyuwun sih-rahmatipun Allah tumrap pakempalan pandonga supados samidéné nyantosakaken.

**9. KIDUNG PAMUJI**

KPKL 61:1-3 “Wiyosipun Gusti”

<sup>1</sup>=A 4/4

- 1) Alléluyah, Yésus Kristus ngrawuhi manungsa  
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya
- 2) Alléluyah, rawuhipun awit welasipun  
Mring para umat sadarum amrih gesangipun
- 3) Alléluyah, Yésus Kristus dados Juru Slamet  
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu langgeng

[WSN/TK]



